



# БЕРДАҚ ДҮНЬЯСЫ

«ӘМИЎДӘРЬЯ» китапханасы

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ
МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

# БЕРДАҚ ДҮНЬЯСЫ

(Илимий-публицистикалық мақалалар)

Нөкис
«Әмиўдәрья» китапханасы
2008

*Бердақ ҳаққында топлам уллы шайырдың 180 жыллық юбилейине арнап Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети ҳәм Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамы бирликте өткерген илимий-әмелий конференция материаллары тийкарында баспаға таярланды.*

*Топламға белгили жазыўшылардың, алымлардың, сондай-ақ жас изертлеўшилердиң конференцияда оқыған ҳәм конференция қатнасыўшылары тәрепинен талқыланған баянатлары жиберилип атыр. Топламда Бердақтың шайырлық шеберлиги, тарийхый, философиялық, дидактикалық, улыўма гуманистлик көзқараслары ҳәзирги заман илиминиң жетискенликлери дәрежесинен сәўлелендирилген.*

*Баспаға таярлаған ҳәм илимий редакторы:* филология илимлериниң докторы **Қурбанбай Жәримбетов**.

© «Әмиўдәрья» китапханасы, 2008 жыл.

**Төлепберген Қайыпбергенов**
**Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы**

## ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНЫҢ БИЙИК ШЫҢЫ

*Бәршемизге аян бир факт, уллы шайыр ҳәм ойшыл Бердақ Ғарғабай улын сөз жеткизип сүўретлеў қыйын ис. Өйткени Бердақ ҳаққында сөйлеў—бул бир уллы кәрамат ҳаққында, дана сөз зергери ҳаққында, қарақалпақ халқының ҳәм тарийхы, ҳәм өтмиштеги тәғдийри ҳаққында сөйлегендей жуўапкерли ис.*

Уллы Бердақ бизге оғада бай әдебий мийрас қалдырды. Оның ҳәзирги күнде баспада шығып жүрген, түрли себеплер менен жәрияланбай киятырғанларын қосып есаплағанда оннан асламырақ дәстанлары ҳәм түрли жанрдағы қосықлары он бес мың, жигирма мың қатарға шамаласады. Олардың басым көпшилиги отызыншы жыллардан баслап халық аўзынан жазып алынып жыйнала баслады.

Бердақ тар заманда жасады ҳәм көп ўақыялардың гүўасы болды.

*Не яқшы-яманды көрдим,*
*Жети-сегиз ханны көрдим.*
*Үш дәўир заманны көрдим,*
*Замана шеп айланған екен.*

(*"Шежире"*ден)

Бердақ қаншелли аўыр жағдайды, материаллық қыйыншылықты бастан кеширмесин, ол қаншелли зулымлық қурсаўында қалмасын, бәрибир, ол өзиниң айтайын дегенлерин қайтпастан, хеш кимниң бет-жүзине қарамастан айтып өткен шайыр.

Шайыр көзи тирисинде-ақ мийнеткеш халық тәрепинен ылайықлы баҳасын алды. Оны адамлар "Бердақ шайыр", "Бердақ бақсы" деп те атады ҳәм оған шын кеўилден иззет-ҳүрмет көрсетип барды. Бердақ—Ғарғабай улы Бердимурат 1827-жылы (Қара кийик жылы) Арал теңизиниң қубла жағы Әмиўдәрьяның теңизге қуяр жерине жақын аўыллардың биринде туўылып, 1900-жылы (Тышқан жылы) қайтыс болды.

Әййемги греклерде, дүньяның төркини төрт элементтен: *суў, от, топырақ, хаўа;* Ҳиндистанда бес: *суў, от, топырақ, хаўа, эфир;* Қытайларда бес: *суў, от, ағаш, металл, топырақ* сыяқлы элементлерден турады деп тапқан. Буларды алымлар дүньяны стихиялы болса да, материалистлик түсиниў деп, баҳалаған. Бердақтың "Төрт нәрсе—

дүнья тøркини" дегени де усыған жақын келеди. Бирақ ол мысалдың соңғы қатарларында Биринши қудай (Әўел хақ) деп, өзиниң Аристотель ҳәм Платонның дүнья танымы тәрепинде екенлигин тастыйықлайды.

Егерде Бердақтың творчествосының гүлленип раўажланыўын XIX әсирдиң 50-жылларынан басланды десек, онда буннан кейинги ярым әсир, яғный шайыр қайтыс болғанға дейинги (1900-ж.) дәўир ири тарийхый ўақыяларға толы болды. Тарийхтан мәлим, 1855-1856-жыллардағы Хийўа ханына қарсы Ерназар Алакөз баслаған халық көтерилиси, 1858-59-жыллардағы Қоңырат көтерилиси, 1873-жылы Әмиўдәрьяның оң тәрепиндеги қарақалпақлардың Россияға қосылыўы усаған ири-ири ҳәдийселер тек Бердақ дөретпелерине ғана емес, ҳәтте улыўма халықтың жәмийетлик санасының өсиўине, руўхый дүньясының ояныўына тәсир жасағанлығы белгили.

Бердақтың уллылығы оның базыбир шығармаларында өзиниң өмир тарийхында көрген-билгенлерине, турмыс ҳәм заман тәжирийбесине сүйенип патшалар хаққында шығарған гейпара батыл жуўмағынан айқын көринеди:

*Бул дүнья дүнья болғалы,*
*Патша әдил болған емес.*

Шайыр бундай қарарға бирден келмеген, әлбетте. Ол өзиниң айтып кеткенлерине қарағанда, "жети-сегиз ханды көрген", лекин оның жоқарыда келтирилген мысалдағы пикирине қарағанда ханлардың ҳеш бири де оның "жақсы патша" туўралы түсинигин тастыйықламаған, олар қайтама зулымлықты бир-биринен өткерген. Қала берсе ол оқыған китапларында да әдил патшаларды ушыратпаған. Нәтийжеде, ол басқарыўшы топарлар туўралы усындай унамсыз, оғада кескирт жуўмақ шығарыўға мәжбүр болды.

Бердақтың "Болған емес", "Халық ушын", "Жақсырақ", "Көрермен", "Заманда", "Салық", "Быйыл" сыяқлы бир қатар социал-сиясий темада жазылған дөретпелеринде шайырдың позициясы жүдә айқын.

Шайыр тек ақмақлар, залымлар, душпанлар ғана өз мәпине хызмет етеди, ал жоқары адамгершиликтиң белгиси, дослық-аўызбиршиликтиң үлгиси ҳәм уллы мақсетлерге, арзыў-әрманларға ерисиўдиң жалғыз жолы-бул тек ғана халық ғамын ойлаў, оған бар хызметинди аямаў дейди. Шығармасының кейнинде ол "Заман қыслетинен" өзиниң алдына қойған усындай уллы, ийгиликли нийетлерине жете алмай, ойлағанларын иске асыра алмағанлығына өкинеди:



*Шайыр едим, көзим көргенин жаздым,*
*Кеўлимниң билип, сезгенин жаздым,*
*Заман қыслетинен сарғайдым, аздым,*
*Болар ма деп, жақты күнлер халық ушын.*

Классикалық поэзиямызда Бердақ юмор-сатираның ҳәм тематикалық ҳәм мазмун жағынан болсын, жаңа түрлерин дөретти. "Кәлан уста", "Хожам", "Алты қыз", "Үфиқ мәхрем", "Мегзер", "Әдил қалмақ", "Тойда", "Сықмар екен", "Терис қайтқан" ҳәм "Мүйтен" дүркимине кирген шығармаларында ол айырым адамлардың минез-қулқындағы, күнделик турмысындағы, өз-ара қатнасларындағы ерси ҳәрекетлерди, ҳәр түрли күлкили қубылысларды сүўретлейди. Қосықлардағы базыбир персонажлар жүдә биймәни нәрселер менен шуғылланады, әжептәўир қылықларды көрсетеди. Мысалы, "Хожам" қосығындағы Хожа егинине түскен ешеклердиң ҳәммесиниң қулақ, қуйрығын кесип таслайды, "Кәлан уста" қосығында Кәлан уста адамлардың буйыртпаларын узақ ўақыт орынламайды.

Бердақтың эпикалық дөретпелери өз дәўириниң өзгешелигин, қыйырман-шайырман ҳәдийселерин сәўлелендирди. Олардың барлығында дерлик патриархал-феодаллық қатнасықлар менен қоса қарақалпақлардың социал-жәмийетлик турмысында XIX әсирдиң соңғы шерегинде жүз берген базыбир прогрессив өзгерислер сәўлеленеди. Дәўирдиң, яғный социал-сиясий дүзимниң усындай бир тегис емеслиги, Бердақ дәстанларының өзине тән өзгешеликлерин келтирип шығарды, яғный оларда уллы прогрессив идеялар менен қатар гейпара қайшылықлар да бирге сәўлеленди. Соңлықтан патшаларға, ел бийлеўшилерге, еки түрли көзқарас: бирде оларды жақлайтуғын, екиншиси қаралайтуғын пикирлер жаратылды. Бердақтың "Шежире" шығармасы оқыўшыда терең ой-пикирлер оятады. "Шежире"—тарийх емес, ол көркем шығарма. Онда патшалар, инақлар, әмирлер, султанлар ҳәм басқа да ҳәмелдарлар, бийлердиң атлары анық келтириледи. Бирақ буған қарап шежирени ҳақыйқый тарийх деўге тийкар жоқ, онда еле де ең тийкарғы бас нәрсе—анық тарийхый дәреклер жетиспейди. Қала берсе, ондағы ўақыялар, ири тулғалар, жәмийетлик қубылыслар тарийхый раўажланыў нызамлылығында емес, ал халық аўзында аңызға айланып кеткен, гейде илаҳий күштиң қүдиретинен пайда болған етип баянланады. Лекин поэманың композициялық қурылысында Абулғазы (1603-1664), Мухаммедрийза Огахийлер (1809-1879) жазған тарийх китапларының бир пара традициясы, үлгиси жоқ емес, бар. Деген

менен "Шежире"ниң тарийхый салмағынан гөре әдебий бояўы басым, ол көркем шығармалық талапларға (көркем образлар жаратыў, сүўретлеў усыллары, автордын ўақыяларға жеке қатнасы, көзқарасы, олардан шығарған идеясы бойынша) жүдә ылайық жазылған.

Сол ушын да Бердақтың дүнья танымында, патшаларға хәм олардың ел басқарыў сиясатына көзқарасында айтарлықтай шеклениўшиликлер, сезилерли қайшылықлар үстемлик етти. Деген менен ол турақлы түрде прогрессив күшлердин жақлаўшысы, илхамландырыўшысы сыпатында хәрекет етти. Халықтың кудиретли күш екенлигине терең исенди. Сонлықтан шайыр халық бар екен, сөзсиз, оның ишинен ен жақсы адамлардың, әдалатлы басшылардың, ерки беккем, сана-сезими пүтин ел мәпин биринши орынға қоя алатуғын азаматлардың қайсы бир ўақытта болмасын шығып қалатуғынын жүректен сезди. Бердақ ондай қахарманларды тезирек көргиси келди, эпик шығармаларында усындай қахарманлардың тутас галереясы, әўлады дүзилди. Олардың образлары арқалы шайырдың үлкен сиясий концепциясы жаратылды. Асан аталық, Амангелди ("Амангелди"), Ерназар Алакөз, ("Ерназар бий"), Айдос баба, Мыржық, Бегис, ("Айдос баба" хәм "Айдос бий"), Гүлим, Гүлзар, Анар, Зәриў хәм еки батыр жигит ("Ақмақ патша") Бердақ сүйген қахарманлардан еди. Шайыр оларды ханларға, хәкимлерге, хәмелдарларға, улыўма зулымлыққа қарсы турғанлығы хәм халық пенен пикирлес жасағанлығы ушын қахарман сыпатында тәрийплейди. Буннан Бердақтың унамлы қахарманлары бир-бирине усас, өзине тән өзгешеликлери жоқ деген жуўмақ шығарыўға болмайды. Шайыр өз қахарманларын минезлери, уқыбы, ис-хәрекетлери бойынша айрылып туратуғын бир қатар белгилери менен сүўретлеп, олардың ядта қаларлық образларын жасады.

Мәселен, оның тарийхый қахарманларынан Асан аталық, Ерназар Алакөз, Айдос бийлер ханлар сиясатына қарсы келиўи жағынан хәм бәрининң де бирдей трагедиялық тәғдирге ушыраўы бойынша өз-ара жүдә жақын, хәтте бирдей. Лекин олардың хәр қайсысының қандай мақсетти гөзлеп, қандай нәтийжеге, нийетке жетиў ушын душпанға қарсы гүрес жүргизиўинде, қандай шараятта өлимге бас тигиўинде айта қаларлық парқ бар.

Бердақ шығармаларының жыйнақларында жаслық, есейген, кәтқуда болған хәм картайған жылларында жазғанлары деп, белгили жылларға, дәўирлерге бөлип жайластырғаны дурыс.

Оның жаслық дәўирине тийисли шығармаларында жазылған ўақытлары белгиленбеген. Қосықтың жазылған ўақтын белгилеў,



әсиресе, оның жасы елиўден өтип жазған шығармаларында жүдә үрдиске айналған.

Бердақтың шығармаларында хәр тәреплеме зулымлық қысыў-метин шеккен, күшлилер көп мәртебелеп атқа қақтырған қарақалпақ халқының ашшы даўысы еситилип турады. Бирақ бул мәзи зулымлық "тақым бураўы"нан шыққан налыш емес, бәлки халық ығбалы ушын өзин отқа урған мәрт шайырдың көкирегин қарыс айырып шыққан азаматлық сүрени еди.

Өз өмиринди халық, ўатан хызметине бағышлаў, керек жеринде ол ушын жанынды да қурбан ете билиў хаққында көп шайырлар қосық шығарған хәм еле жазыла береди. Бул жақсы, әлбетте. Лекин дүнья әдебияты сондай шайырларды биледи, олар халық ушын жүрек қайғысын, күш-жигерин, қосығын арнап ғана қоймай, өз өмирин, жанын гиреўге қояды, бул муқаддес мақсет жолында ықтыярлы қурбан бола алады. Бул жағынан Бердақ, қазақ шайыры Абай, венгер шайыры Шандор Петефи, украин кобзары Тарас Шевченко, өзбек шайыры Машраб, Куба шайыры Хосе Марти, татар Ғабдулла Тоқай, осетин Коста Хетагуров, шотланд шайыры Роберт Бернс сыяқлы мәрт, пидайы шайырлар тайпасына жатады. Инсан хәм халық азатлығы ушын гүрес майданында булар жанын қурбан еткен "шейит" шайырлар деўге арзыйды. Бул шайырлардың биразы, сондай-ақ Бердақ та урыс майданында оққа ушып, ямаса қылыштан қаза таппағаны менен, халық бахты ушын әдалатсызлыққа қарсы айбынбай гүресип, рууҳый азапланыўдан қурбан болған азамат тулғалар болды. Усы нәзерден қарағанда, Бердақтың "Өлгенинше хызмет исле халық ушын" деген сөзи мәзи қурғақ ўәсият емес. Шайыр өзи усы уран астында "халқым" деп жаўға шапты хәм жанын пида етти.

Бердақты не ушын қарақалпақ әдебиятының уллы классиги деп атайды? Бердаққа дейинги қарақалпақ әдебияты көп жағдайда аўыз еки дәстүрге ийек артқан жыр (Жийен жыраў), нама қосықлары жолына шығарылған лирикалық, философиялық, сатиралық ямаса тәрийп қосықлары (Күнхожа, Әжинияз) дәрежесинде болды. Әлбетте, бул сыпатламалар әдебиятымыз сағасында жасаған бул даңқлы шай-ырлардың атына шек келтирмейли. Бердақтай олар да халық тәғдири деп гүңиренип өткен сөз шеберлери. Деген менен Бердақ олар дөретип кеткен поэзияның өрисин кеңейтип, тематикалық хәм жанрлық жақтан оны түрлендирди, оның халықлық, демократиялық идеяларын күшейтти, оған гүресшенлик рууҳ үрлеп, мазмунын те-ренлетип, миллий әдебият дәрежесине көтерди. Мәселен, "Ақмақ патша" дәстаны-бул бурын бизде көрилмеген жазба әдебияттың

эпикалық дөретпеси. "Амангелди", "Айдос баба", "Ерназар бий" жеке адамның ғана емес, бәлки халықтың тарийхий тәғдириниң, қаҳарманлық, трагедиялық көриниси. Бул шығармалар ҳәм "Шежире", "Хорезм" поэмалары алымлардың Бердақты биринши қарақалпақ тарийхшысы деп атаўына негиз болды. Мине, бул раўажланыў өзгешеликлери Бердаққа дейинги әдебиятымызда ашық анықланбаған еди. Оның үстине Бердақтың дөретиўшилиги қарақалпақ әдебий тилин жетилистириўде үлкен орын тутады. Бердақ өзиниң кем саўат саҳрайы халқына қалыўсыз түсиникли қосықлар жолын, сол дәўирдиң қарақалпақша сөйлеў тилин, сол тилдиң әпиўайы көркемлигин шебер ислетип, әдебийлестирип, байытты. Ол өзине заманласларының "Саҳра бүлбили" деген лақапты бериўиниң усыған дәрекли жери бар екенинде аңлатады.

Сол дәўирде қарақалпақлар ғалаба саўатсыз болды онда оқымыслы адамлар болмады. Бердақ шығармалары бул түсиниклерди бийкарлайды дегенге усас пикирлер жүретуғын еди. Бердақтаныў тәлимине тийкар салған Н.Дәўқараев, И.Сағитов ҳәм басқа да изертлеўшилердиң пикирлерин қуўатлап айтсақ, Бердақ өз заманының озық ойлы оқымыслы адамы болған, медиреседе оқыған, өз билимин жетистириўге удайы итибар берген. Әдебияттағы китабый дәстүрлерди, ески түркий әдебий тил қашырымларын ол бир кисидей билген ҳәм ислете алған. Буларды Бердақтың әсиресе "Шежире", "Хорезм" атлы шығармаларынан айқын көриўге болады. Бул еки шығарманың да ески қолжазбалары бар. Оларды ҳәм "Ақмақ патша" дәстанын, "Излер едим", "Маған бер" қосығын оқып отырсаң, шайырдың Күншығыс илим-ағартыў булақларынан суўсынлаған, оқымыслы инсан болғанына ҳасла гүман қалмайды. Оның қосықларында Әрасту (Аристотель), Әплатун (Платон) атлары, "Наўайыдан саўат аштым, Физулиден дүрлер шаштым", "Мақтымқулыны оқығанда, кемис барма, беглер, анда...", деген қатарлары, Фердаўсий, Бедил, Аттар, Андалибтей даңқлы шайырлардың атлары бийкарға айтылып жүрмегенине исеним қыласаң.

Бердақтың шайырлық мийраслары, өмир тарийхы, оның жәмийетлик философиялық көз қараслары жөнинде көп ғана алымлар изертлеў жумысларын жүргизип, мийнетлер жазған, баҳалы пикирлер айтып келмекте. Көрнекли алымлар Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, И.Сағитов, О.Қожуров, шайырдың мийрасларын халық арасынан жыйнаўшылар Шәмшет Хожаниязов, Сәдирбай Мәўленовлар Бердақ туўралы (1917-жылы "Шежире"ни баспада жәриялаған И.Беляевтен кейин) баспасөз жүзинде "гәп ашқанлар" болды.



Халқымыздың сүйикли шайыры ҳәр руўхый мақтанышы болған Бердақ бабамыздың 180 жыллық мерекеси енди, мине, ғәрезсизлик ҳәм ояныў дәўирине туўра келип атырыпты. Бул демек, шайырдың бай әдебий мийрасларын мәзи идеологиялық шенгеллик арасына сүйреп, әўерелеўге тыйым салыўға, оның шайырлық мийрасын алағадасыз, дурысына мәни берип изертлеўге ҳәм баҳалаўға шараят туўылмақта деген сөз.

Булай дегенимиздиң мәниси, "қызыл идеология" ҳәкимшилиги, ҳәтте өтмиште жасаған шайыр-жазыўшылардан да революцияға, марксизмге "хызмет қылыўды" талап еткени мәлим. Усы талапқа уйқасымлы пикир излеймиз деп, Бердақты базы бир изертлеўшилер, жыйнаўшылар "Бердимурат хақтың қулы" деген қосық қатарларын "Бердимурат халықтың улы" деп өзгертип те көрди. "Қуран ашып, халықты алдаған, Ийшанларға жоқдур салық" деген сөзлери шайыр қосықларының қулағына қыстырған жерлери де болды. Сөйтип, Бердақ бир де атеист, бир де динди, феодаллық дүзимди жырлаўшы, бир де диншил, суфынамай шайыр болып баҳаланып жүрди.

Булар Бердақты "демократ", "атеист" қылып көрсеткиси келгенлердиң жиберген қәтеликлери еди, әлбетте. Өйткени, олардың ой-пикир қаршығасына, Бердақ айтқандай "томаға" кийгизилип, ол идеология "туғрысына" қондырылған еди. Екиншиден, ҳаслында олардың Бердаққа деген нийети дүзиў болды: солай ислense, шайырды заман расмий мойынлап, оның әдебий мийраслары кең көпшиликтиң ийгилигине иркинишсиз жетип барады деп есаплар еди.

Ал, Бердақ феодаллық дүзимди жырлаўшы, диншил шайыр болды деп дәлиллемекши болғанлар өңкей нийети бузық, шайырды пүткиллей жоққа шығарыўға урыныўшы топар болды. Бул топардағыларға Бердақ керек емес еди, бәлки Нәжим Дәўқараев басында турған туңғыш миллий алымларымызды мукатыў-олардың бас муддәҳасы болды. Усы тақыллеттеги дүбелейлер тек Бердақ емес, ҳәтте Наўайы, Мақтымқулы, Абайдың мийрасларының үстинен де талай ирет алашаңғыт уйытқып өткени жәмийетшиликтиң есинде.

1977-жылы қыста Бердақтың 150 жыллық мерекесинде орнатылған ескерткишти ашып атырып, жаңа түркий дүньяның данышпан жазыўшысы Шыңғыс Айтматов өз сөзинде былай деген еди: "Алатаўда ең бийик шыңларды-"туў шоққысы" деседи. Сол айтқандай, Бердақ көп миллетли туўысқан әдебиятлардың "туў шоққы"ларының бири" ("Совет Қарақалпақстаны", 1977-жыл 1-март)

Ҳәзир елимиздиң бахытлы келешеги туўралы ой жүўыртып турып, келеси әўладлар уллы Бердаққа орнатылған ескерткиш етегине терең ҳүрмет пенен гүл қоятуғынын ойлап, ләззәтли сезимлерге берилесен.

**Қурбанбай Жәримбетов**

**Филология илимлериниң докторы, Бердақ атындағы ҚМУ ниң қарақалпақ әдебияты тарийхы ҳәм фольклоры кафедрасы баслығы**

## БЕРДАҚ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ТАРИЙХЫЙ ДӘЎИРЛЕРДИҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Бердақ дөретиўшилигинде қарақалпақ халқының миллий сана-сезиминиң ояныў, қәлиплесиў ҳәм раўажланыў басқышлары, халық тарийхының ҳәр қыйлы дәўирлери жоқары көркемликте сәўлеленген.

Шынында да Бердақ шығармаларында халық тарийхының мифологиялық дәўирлеринен баслап, урыўлық-қәўимлик ҳәм феодаллық басқышлары ҳәм тарийхый ҳәм көркемлик бағдарларында өз сәўлесин тапқан. Бул бойынша оның "Шежире", "Хорезм", "Амангелди", "Айдос баба", "Ерназар бий", сыяқлы тарийхый темадағы дәстанларын, сондай-ақ көплеген лирикалық жанрдағы шығармаларын көрсетиўге болады.

Көпшилик халық лирика дегенде көбинесе адамның кеўил әндийшелерин (ашықлық, айралық, муң-шер х.т.б.) беретуғын шығармаларды түсинеди. Бул улыўма дурыс. Бирақ, Бердақ тек кеўил қосықларын жазыў менен шекленип қалған жоқ. Ол өзиниң көплеген қосықларында тарийхтың қыйын-қыстаў өткеллерин, тарийхый дәўирлердиң өзгерислерин, халықтың социаллық жағдайларын кеўил шерлерине қарыстырып бере алды. Әсиресе оның қосықларында бир жәмийетлик-экономикалық дүзимнен екинши бир экономикалық дүзимге өтиў, үлкен социаллық айырмашылықлар тийкарында жәмийеттиң қарама-қарсы қатламларға жиклениўи сыяқлы тарийхый процесслер руўхый кеширмелер менен бериледи. Бул жөнинде Бердақтың "Жақсырақ", "Заманда", "Ақыбет", "Көринди", "Қарамас", "Быйыл", "Салық", "Жаз келер ме" қосықларын атап өтиўге болады. Бул шығармаларда жергиликли халықтың аўыр турмыс жағдайлары, сол заманның түйин мәселелеринен болған социаллық әдиллик, ийман-инсап, қайыр-сақаўат, жақсылық ҳәм жаманлық, мийрим-шәпәәт ҳәм зулымлық мәселелери көтериледи.



*Бизиң заманның бийлерин,*
*Урды пәлектиң гәрдиши.*
*Мың сан бәле жеп мийлерин,*
*Сорды пәлектиң гәрдиши.*
*Шеп айланып шарқы пәлек,*
*Ҳақ адамлар болды ҳәлек,*
*Жетимлердиң хақын жемек,*
*Болды пәлектиң гәрдиши.*

("Гәрдиши")

*Дүнья бетер әдалатлық заман жоқ,*
*Дүнья өтсе, серпилежақ думан жоқ.*

(Көринди")

*Ая дослар, тардур заман,*
*Басымдағы күним жаман,*
*Тас буршақлы күнлер думан,*
*Ақыры болғай ақыбет.*

("Ақыбет")

*Биреўлер бай, биреў жарлы,*
*Биреўлер намыслы, арлы,*
*Биреўлер гийнели, зарлы,*
*Тезбе-тез сынап билгейсиз.*

("Билгейсиз")

Келтирилген мысаллардан мәлим болып турғанындай Бердақ өзи жасаған заманның, жәмийеттиң социаллық жақтан алағатлығын, социаллық топарлар арасындағы оғада үлкен мүлклик айырмашылықты, усы тийкарда келип шығатуғын социаллық әдилсизликти, инсапсызлықты, заман тарлығын бүркеместен хақыйқый сәўлелендиреди. Заманның бундай алағатлығын Бердақ анық сүўретлеп ғана қоймастан ол туўралы терең сиясий ҳәм тарийхый жуўмақлар жасайды. Бирақ бул жуўмақлар халық тарийхы туўралы билимлер менен қуралланбаған оқыўшыға көрине бермейди. Егер Бердақтың социаллық темадағы қосықларының анық мазмунын ашатуғын болсақ, оларға тарийхый позициядан жантасыў талап етиледи.

XIX әсирде феодаллық жәмийеттиң жоқары қатламына тән күшли индивидуализм, материаллық байлыққа көзсиз умытылыў, улыўма инсаныйлық тәртиплерден шегиниў усаған унамсыз қубылыслар әсирлер бойы патриархаллық дүзимде жасап киятырған

қарақалпақларға үрдис болған жәмәәтлик сана-сезимлерди, дәстүрлерди, тәртиплерди қысып шығара баслайды. Сондай-ақ жәмәәтлик жасаў принциплерине сүйенген шәрият тәртиплери де жәбир көре баслайды. Булар маллы-халлы адамлардың материаллық жақтан әззи ағайин-туўғанларына жәрдем бериў усаған урыўлық-патриархаллық жәмийеттиң тәртиплери еди, сондай-ақ жетим-жесирлерге, панасызларға қол созыў, ғамхорлық етиў усаған шәрият тәртиплери ҳәм талаплары еди. Бундай гуманистлик тәртиплердиң жәбирленгенине Бердақ шын жүректен ашынады.

*Жерди басып алды байлар,*
*Жәбир етип салды жайлар,*
*Аспандағы күн ҳәм айлар,*
*Гүңгирт пәлектиң гәрдиши.*

*Қазылардан инсап кетти,*
*Ҳақ нақаға қылап етти,*
*Жүз мыңда бәле жетти,*
*Солдур пәлектиң гәрдиши.*

("Гәрдиши")

Және бир мысал:

*Заман нешик заман болды?*
*Ақыры болғай ақыбет.*
*Кеўиллерге қайғы толды,*
*Тәбдийри болғай ақыбет.*

*Шайыр айтар хақның сөзин,*
*Ҳәр бир исти көрген көзим,*
*Әй ағалар, етиң тәсийин,*
*Мөхминге жоқдур ақыбет.*

("Ақыбет")

Бердақтың бул қосықларында күшли социаллық мотивлер жаңлайды, жәмийетлик қатламлардың зорлыққа тийкарланған ара қатнасықларын, олардың үлкен айырмашылығын, феодаллық пул-товар қатнасықлары дәўириндеги мүлк ийелериниң ҳақыйқый келбетин, лирикалық қаҳарманның оларға болған позициясын шеберлик пенен береди. Шайыр бундай социаллық әдилсизлик жағдайларды улыўма инсаныйлық идеялар, азаматлық ўазыйпалар ҳәм адам ҳуқықлары көзқарасларынан, сондай-ақ өзи жасап турған тарийхый орталықтың, жәмийетлик дүзимниң, конкрет социаллық турмыстың өзгешеликлеринен келип шығып сәўлелендиреди.

Бердақ өзиниң бир қатар қосықларында ерте феодаллық қатнаслар дүзиминен раўажланған феодализмге өтиў дәўирине тән күшли индивидуализм психологиясын, яғный патриархал дәўирге тән жәмәәтлик психологияның ыдыраў процессин илгир зейин



менен байқайды ҳәм тарийхый-эстетикалық тамаңлардан анық және көркем сәўлелендиреди.

Бундай үлкен тарийхый өтиў дәўириниң өзгешеликлери, тарийхый-жәмийетлик, психологиялық өзгерислер Бердақ шайыр тәрепинен күтә әпиўайы, түсиникли, кеңил тил менен бериледи. Шайыр өзиниң гуманистлик ҳәм демократиялық идеяларын, тарийхый-жәмийетлик мазмундағы ой-пикирлерин кең халықтың дүнья түсинигине, социаллық талапларына, көркем-эстетикалық талғамларына шақлап жазады. Бундай стиль оның қосықларының өмиршеңлигин, халықшыллығын тәмийинлейди. Сөзимиздиң дәлийли ретинде шайырдың "Қарамас" деген қосығынан бир неше қатарлар келтирсек артықмаш болмайды.

*Саўарға саўын болмаса,*
*Қабың ғәллеге толмаса,*
*Бәршеси тайын турмаса,*
*Туўысқаның да қарамас.*

*Малы болса нешше түлик,*
*Сени аяп бермес көлик,*
*Дуўры жолға салар илик,*
*Көзиң қалғанда қарамас.*

*Малың болмаса қолыңда,*
*Қатар душпаның жолыңда,*
*Досларың шығып солыңа,*
*Ҳал-жағдайыңа қарамас.*

*Басыңда болмаса бағың,*
*Айта-айта талар жағың,*
*Ден-саўлықдур алтын тағың,*
*Қыйсайсаң хеш ким қарамас.*

("Қарамас")

Бул қосық қатарларына тарийхый-жәмийетлик көзқараслардан жантассақ, жоқарыда айтқанымыздай жәмийеттиң урыўлық, туўысқанлық белгилерге қарай бирлесиў шәртлериниң, жәмәәтлик (коллективизм) принциплериниң бузылып, оның материаллық, экономикалық мәплерге қарай жиклениў процессин байқаўымызға болады. Бердақ жасаған XIX әсирдиң екинши ярымында қарақалпақлар турмысында патриархаллық-урыўлық қатнаслардың епкини еле де күшли болғаны менен, олар тарийхый-экономикалық ҳәм өндирислик күшке ийе болыўдан қалған еди. Олардың орнын феодаллық базар қатнасықлары ийелеп алған еди. Бундай шараятта социаллық мәселелерди шешиўде урыўлық қатнаслардан гөре жеке мәплерге тийкарланған экономикалық қатнаслар үстемлик етти.

Социаллық мәселелерди шешиўде Бердақ өз заманласларын жәмийетти астан-гестен қылатуғын революциялық өзгерислер жасаўға шақырмайды, ал хеш кимнен дәме етпей өзлериниң

турмысын өзлери тәмийин етиўге, солай етип материаллық хәм руўхый жақтан ғәрезсиз болыўға шақырады. Бул шақырықлар төмендеги қатарларда анық көринеди.

*Илми ғайыптан сөзлеме,*
*Кисиниң ярын гөзлеме,*
*Мийнетсиз дүнья излеме,*
*Жанды отқа саладурсаң.*

*Талап ислеп тап дүньяны,*
*Сүттен ақдур билсең аны,*
*Көп етсең өзиң гүнаны,*
*Жаман атлы боладурсаң.*

Ямаса:

*Түргелип ертеден жумысқа шығып,*
*Қолыңды қабартып, белиңди бүгип,*
*Дизеңди сызлатып, мийнетиң шегип,*
*Жеген бир зағараң палдан жақсырақ.*

(“Жақсырақ”)

Солай етип Бердақ қозғаған социаллық хәм тарийхый-жәмийетлик мәселелер, булар бойынша жүриткен оның терең ой-пикирлери, тыянақлы жуўмақлары бизиң заманымызда да өз әхмийетин жоғалтқан жоқ. Бердақ сәўлелендирген социаллық әдиллик, жақсылық хәм жаманлық, мийрим-шәпәәт хәм зулымлық, қайыр-сақаўат, ийман-инсап, әдеп-икрам мәселелери бизиң күнлеримизде де жәмийетлик хәм улыўма инсаныйлық өткир мәселелерден болып турыпты.

Соның ушын да Бердақтың қосықлары бизиң заманымызда жаңаша жаңлайды, жаңа ой-пикирлер туўдырады, оның үстине бул қосықлардың жоқары көркемлиги оларды түрли дәўир сынақларынан алып өтип, хәр бир заман талапларына жарамлы етеди. Бердақ сөзиниң өлмеслиги де усында.



**Әбдисайыт Пахратдинов**
**Филология илимлериниң докторы, профессор**

## БЕРДАҚ ШАЙЫРДЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛИК ЖОЛЫ

Ғәрезсизлик дәўиримиз Өзбекстан халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының да илим, пән, мәдениятының хәр тәреплеме раўажланыўына үлкен мүмкиншиликлер жаратты. Әсиресе, көп жыллар халықтан жасырып келген өз ата-бабаларының ақыл-ойы менен жаратылған илим, пән, мәдeният байлықларын көриўге толық мүмкиншиликлер пайда болды.

Ҳақыйқаттанда орта әсирлерден баслап дүньяға илим, пән мәдениеттың дәслепки бесиклеринен деп есапланған Хорезм цивилизациясының дәстүр хәм тәжирийбелери бул үлкедеги жасаўшы халықларда узақ әсирлер даўам етилди. Буның мысалы етип биз бүгин Бердақ шайырдың әжайып таланты менен дөреген дөретиўшилик мийрасларын көрсете аламыз.

XX әсир алымлары Орта Азияның жарық жулдызларының бири деп Наўайы, Мақтумқулы хәм Абайлар менен бир қатар Бердақ шайырды да қойып, дүнья әдебияты классиклери болған Гомер хәм Данте, Рудакий хәм Фердаўсий, Низамий хәм Руставелий, Саади хәм Жәмий, Шекспир хәм Бальзак, Пушкин хәм Толстойлар қатарынан орын береди.

Соның ушында Бердақ шайырдың туўылғанына 180 жыл толыўын хәзирги әўладлар үлкен хүрмет пенен тилге алады, оның әжайып шығармаларын сүйип оқыйды. Ал илимпазлар оның мийрасларын хәр тәреплеме изертлеп атыр. Бердақ шайырдың шығармалары түркий халықлар тиллеринен тысқары Европа халықларының тиллерине, атап айтқанда орыс, немец, ағлшан тиллерине аўдарылды.

Бердақтың Қарақум ийшан медиресесинде оқыўы оның дөретиўшилик өмирине көп нәрселер берди. Ең баслысы жас ўақытларынан-ақ бул жерде дүньялық жазба мәдeният ғәзийнелерин үйрениў жолына кириседи. Ол Қураний Карим, дүнья халықлары тарийхы, мәдeнияты, пайғамбарлар қыссасы, Аристотель, Фарабийдиң мийнетлери менен танысты. Бурын Беруний, Ахмад Хорезмий, Замахшарий, ибн Ирак, Абиў али ибн Сино, Хожа Ахмад Яссаўий, Сулайман Бақырғаний, Фердаўсий, Низамий, Жәмий, Наўайы, Физулий, Мақтумқулылар ҳаққында халықтан еситип жүрсе,

енди олардың мийнетлерин ол өз қоллары менен услап оқыўға киристи, илим сырларын ийеледи. Халықлар дослығының күш-қүдиретин түсинди. Бердақ бул уллы дәргаҳда оқып жүргенде өз елине, халқына хызмет етиў оның үлкен әрманларының бирине айланды. Ол медиреседе елге, халыққа илим менен де, шайыршылық пенен де, бақсышылық пенен де хызмет етиў мүмкин екенлигине көзи жетти. Медиреседе оқып жүрген жыллары-ақ шайыршылықты ҳәм бақсышылықты жетилистирди.

Бердақ шайырды дүнья мәдений ғәзийнелери, әсиресе, өз елиниң бай тарийхы, тәжирийбелери, дәстүрлери, халықтың бай аўызеки ҳәм жазба байлықлары, миллий көркем-өнер ҳәдден зыят таңландырған, қызықтырған мәселелердиң бири болып қалды. Себеби өз халқының аўызеки ҳәм жазба мәдений байлықлары пүткил дүнья жазба ҳәм аўызеки мәденияттың бөлинбес бир бөлеги екенлигине ол түсинип жетисти.

Ол Қарақум ийшан медиресесин питкергеннен кейин шайыршылық талантын илим менен, дүнья халықлары мәдениятының жетискенликлери менен, ел, халық, миллий мәдeният дәстүрлери менен байланыстырғаннан кейин өз заманының ең алдынғы қатардағы алымы, шайыры болып жетисти. Ол жигирма жасынан баслап-ақ барлық өмирин дөретиўшилик мийнетке, шайыршылыққа арнады. Биринши нәўбетте өз халқының халық-азатлық гүреслерин жырлаўшы шайыр болып жетисти. Бердақ шайырдың өмир бойына дөреткен лирикалары менен юмор-сатиралары ҳәм дәстанлық шығармалары ел, халық мәпин жырлаўшы, әсиресе халық азатлық гүреслерин қоллап-қуўатлаўшы шығармалар болды.

Бердақ шайырдың өскен жәмийетлик орталығы XIX әсирдиң орталары. Бул қарақалпақлардың ғәрезсизлик ушын гүреслери ҳәўиж алған заманлар болды. Әсиресе, 1827-жылы Айдос бий баслаған халық азатлық гүреслери жеңилип, қарақалпақ халқының өз мәмлекетшилигин тиклеў ушын халық азатлық гүреслери кескин бир түс алып турған дәўирлеринде жасады. Усы тарийхый, жәмийетлик жағдайлардың өзи оны халық азатлық гүреслерин жырлаўшы шайыр ҳәм бақсы етип жетистирди. Шайыр идеалы менен халық идеалы тутасып кетти.

Бердақ шайырдың бул жылларда дөреткен "Керек", "Маған керек", "Излер едим", "Халық ушын", "Жақсырақ" ҳәм т.б. көп шығармаларында халықты узақ езилиўден, социаллық теңсизликлерден шаршаған елге бундай жәмийетлик сиясаттан, өмирден гүдер үзиў, бундай қолайсыз дәўирлерди өзгертиў ушын батырларды,



сәрдарларды, сәркардаларды, еркин жасайтуғын дәўранды, бул жолға шығарыўға жәрдем ететуғын ақыллы, дана, шешен, батыр адамларды излеўге таяр екенлигин көрсетип, "Излер едим" деген шығармасында:

*...Табылса маған керек зат,*
*Аяқ жетсе излер едим.*
*...Сүриўге өмирлик дәўран,*
*Болса, соны излер едим.*
*Мен сорлыға дәўран керек,*
*Мен дәўранды излер едим* - деп жазады.

Бул сол замандағы халық идеалы еди. Бул халық кеўиллериндеги прогрессивлик идеялардың Бердақ шайыр шығармалары арқалы көриниўи еди.

1855-1856-жыллары Әмиўдәрьяның қуйяр аяғында жасаўшы қарақалпақлар менен өзбеклердиң, қазақлар менен түркменлердиң, және де Орал қазақларының да Хийўа ханлығының гейпара әдалатсызлықларына қарсы Ерназар алакөз баслаған халық азатлық гүреслери басланды. Бул дәўирлерде Бердақ шайыр гүрестиң күшли идеологларынан ҳәм басшыларынан бири болды. Усы шешиўши халықлық гүреслерде Бердақ шайыр "Маған керек" деген қосық жазып халықтың қолына услатты.

Бунда шайыр:

*Ашылған гүл ғумшаланған,*
*Ишинде бүлбил сайраған,*
*Күнлердиң жүзи жайнаған,*
*Жақты дүнья маған керек.*

*Тақ турып белин байлаған,*
*Қолына жарақ сайлаған,*
*Халқының ғамын ойлаған,*
*Ел ғамхоры маған керек,*-деп жазады.

Шайырдың бул қосығы халық аўзынан түспей айтылып жүретуғын қосыққа, ҳәтте көтерилис дәўириниң гимнине айланды.

Бердақ шайыр бул көтерилисте халқының жеңиске ерисиўиниң, өз ғәрезсиз мәмлекетшилигиниң орнаўының тәрепдары болды. Гейпара қарақалпақ бийлери сатқынлық қылғанда, ол Ерназар алакөз бенен тең турып көтерилис жасаўшы бийлер алдында төмендегидей мазмунда бир неше сапар шығып сөйледи:

*Қуўанбаспа адам отаў тиккенге,*
*Қанша мәртлик еситкенге көргенге,*
*Ата-бабам әрман еткен бул күнге,*
*Жеттик десек неге тилек болмайды?!*

*Бул бир қуда иси дәўлет қус қонған,*
*Буны көрмек сизге, бизге дус болған,*
*Ханлықты орнаттық халқым аңсаған,*
*Енди буннан артық дәўран болмайды.*

*Ханлық, бийлик бул бир қуўаныш иси,*
*Шуғыллық, сатқынлық бий ҳасыл иси,*
*Қолға жаңа қонған бахыттың қусы,*
*Ушып кетсе, енди қайтып болмайды!*

Бердақ шайыр өз заманында халқы менен бирге өмиринше усындай ҳасыл идеялар менен жасаған адам. Халық көтерилиси жеңилип, Ерназар алакөздиң басы кесилип, бул қайғылы тарийх ҳаққында гәп етиўге ханлық тәрепинен тыйым салынып атырғанда да, ол халық қаҳарманы "Ерназар алакөз" ҳаққында дәстан жазды.

Бердақ шайыр өз дөретиўшилик искерлиги менен XIX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхын жаңа тематикадағы лирикалық, юмор-сатиралық хәм эпикалық шығармалар менен байытты. Бердақ шайырдың XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятына енгизген үлкен жаңалығы ол әдебият тарийхында биринширлерден болып миллий әдебиятты кескин конфликтли, кең полотнодағы жазба дәстанлық шығармалар менен байытты. Шайырдың Хорезм халықларының тарийхын жазған "Хорезм" дәстаны, қарақалпақлар тарийхын жазған "Шежире" шығармасы тек қарақалпақ әдебияты тарийхында ғана емес, дүнья әдебияты ғәзийнесине қосылған үлкен үлес болды. Себеби, түркий халықлар әдебияты тарийхындағы мемуар, тарийхый шығармалар жазыў дәстүрлери, мәселен, "Бабурнама" (Бабур), "Шажарайый түрк" (Абулғазы), "Фердаўсий ықбал" (Мунис Огаҳийлер) XIX әсирге келип Бердақ шайыр дөретиўшилигинде даўам етилгенлигиниң гүўасы боламыз. Ҳәзирги күнде булардың барлығы да халық тарийхы деп мойынланады. Буларда тарийхый ўақыялар көркем тил қүдиретлиги менен баянланған. "Шежире"-бул тарийх. Онда тарийхый хақыйқатлықты, миллий өзгешеликлерди дурыс бериўи жағынан Бердақ шайырды алымларымыз: Н.Дәўкараев, С.Камалов, С.П.Толстов, Т.А.Жданко, Н.А.Баскаковлар қарақалпақлардың биринши тарийхшысы деп мойынлайды.

Булардан басқа Бердақ шайыр әдебият тарийхында теңи-тайы жоқ "Айдос баба", "Ерназар бий", "Амангелди" усаған үлкен тарийхый хүжжетли дәстанлар жаратты. Бердақ шайырдың "Ақмақ патша", "Еркебай" усаған дәстанлық шығармалары Н.Дәўкараевтың гәпи менен айтқанда "дүньядағы ең ҳасыл көркем шығармалардың ҳасылларының ҳасылы".

Бердақ шайыр өмир бойына усындай халықлық идеаллар менен жасап өткен инсанлардың биринен болып есапланады. Ол барлық күш-жигерин, талантын ели, халқы ушын жумсады. Бүгин оның дөретпелерин билиў, үйрениў бизлерге үлкен әҳмийетке ийе. Өйткени, ол келешек әўладлар, халықлар дослығы ушын, олардың келешекте еркин, ғәрезсиз жасаўы ушын, олардың руўхый күш-қүдиретин раўажландырыў ушын хызмет етти.

**Юнис Пахратдинов**
**Филология илимлериниң докторы, профессор, Бердақ атындағы ҚМУ журналистика кафедрасының баслығы**

# БЕРДАҚТЫҢ ӘЎЛАДЛАРЫНДА ШАЙЫРЛЫҚ БОЛҒАН БА?

Бердақ шайырдың өмир тарийхына тереңирек нәзер аўдарғанымызда шайырдың еле де изертленбей атырған, дәлийллениўи тийис, келешекте әдебият тарийхы ушын керекли болған ўақыяларды, деталларды бүгинги заман әўладларына ашып бериў, изертлеп таўып бериў ўазыйпасына ўақыт жеткендей түйиледи.

Анығына келсек, бизлер Бердақ шайыр хәм оның дөретиўшилиги туўралы бир қатар жазба мағлыўматларға ғана ийемиз хәм солар әтирапында мақала, монография, диссертациялар жазып, изертлеў ислерин алып барып жүрмиз. Ал, еле изертлениўи керек, табылыўы тийис, тарийх бетлеринен орын алыўы тийис мәселелерди шынтлап үйренгенимиз жоқ есабы. Мүмкин, бизиң пикиримиз көп ғана әдебиятшыларға, Бердақты изертлеўшилерге, тарийхшыларға, философларға, педагогларға тийип кетер. Деген менен мойынлаў керек, Бердақ шайыр дөретпелери толық изертленип болынды деп хеш ким ақырғы ноқатты қоя алмайды.

Усындай еле изертлениўи тийис тың мәселелердиң бири-бул Бердақ әўладларында шайырлық таланттың болғанлығы мәселеси.

Бердақ шайыр әўладларындағы ата жолы тәғдирине нәзер таслағанымызда көп ғана ойлар келеди. Заманында Бердақ уллы шайыр болған болса оның ул-қызларында ямаса аклық-шаўлықларында ата талантының сәўлелери ушыраспады ма екен деген ойлар адамда пайда болады.

Бизге көбирек мәлим нәрсе Бердақтың қызы Хүрлиманның талантлы бақсы, сазенде болғанлығы, оның баласы Қаражан Қабуловтың да атақлы бақсы екенлиги. Бердақтың Бибитхан деген хаялынан Әйеке, Назыбек, Хүрлика, Хүрлиман, Айымхан, Бибиханлар туўылғаны, ал Бағдагүл деген хаялынан Гүлимхан, Жарымхан, Худайберген деген ул-қызлардың өнип-өскенлиги мәлим.

Шайырдың үшинши қызы Айымхан қалмақ урыўынан Сейтназар деген жигитке турмысқа шығады. Олардан Үббинияз, Сапарнияз, Гүлайым, Алланияз, Хәкимнияз деген перзентлер дүньяға келген.



Айымхан әкеси Бердақтың қосықларын тез ядлап алып намаға салып айтып жүреди екен. Ол Хүрлимандай болмағаны менен үйинде, отырыспа-гештеклерде, әпиўайы басқоспаларда жыйналғанларды йошландырып, күлдирип жүретуғын кеўилли қыз болған. Бирақ, ол саз шертип, қосық шығармаған.

Айымханның Гүлайым деген қызында ата талантының излери бар. Гүлайым 1911-жылы туўылып, 1986-жылы қайтыс болған. 1954-жылы шөлкемлестирилген Бердақ өмири хәм дөретпелерине арналған экспедиция ағзалары менен ушырасқан, атасы Бердақ туўралы көплеген мағлыўматлар берген. Бирақ өзиниң шайыршылық таланты жөнинде толық мағлыўматлар бериўге тартынған. Ҳақыйқатында өзи жасап атырған елат бойлап "шайыр қыз" атанып жүргенине әдеўир жыллар болған екен. Биз ендиги мағлыўматларда Гүлайым хаққында баян етемиз.

Гүлайым мүйтен урыўынан Асан деген жигитке турмысқа шығады. Олардан Дәўлетнияз, Сәтнияз, Шанияз, Кеңесбай деген перзентлер пайда болады.

Усы мақаланың авторы мен 1953-1956-жылларда Қараөзек районының бурынғы Молотов атындағы колхозда №9 Ворошилов атындағы орта мектепте оқыдым. Сонда мениң менен бир класста Дәўлетнияз Асанов бирге үш жыл оқыды. Ал Кеңесбай Асанов бир класс кейин оқыды. Дәўлетнияз да, Кеңесбай да киши пейил зор баллар еди. Олар Бердақ шайырдың шаўлығымыз, бизиң анамыз оның ақлығы. Анамыз Гүлайым суўырып салмай шайыр. Бирақ районлық, республикалық масштабқа шығып, қосық жазбайды, тартынады. Аўыл-ел Бердақ бабамыздың дәл өзи, шайыр қыз дейди,- деп мақтаныш ететуғын еди. Аўылдағы қәлеген басшыға, курдасларына хәп заматта қосық шығарып та береди. Адамлар абайлап хәрекет етеди. Оның шығарған қосықлары көп, адамлар ядлап алып айтып жүрипти. Бердақ бабамыздың шығармаларын да ядтан биледи хәм саз даўысқа салып айтады,- дейтуғын еди. Бизлер ол дәўирде Дәўлетнияз, Кеңесбайды тек тыңлап ғана шекленгенбиз. Олардан жазып яки жаздырып хеш нәрсе алып қалмағанбыз.

Арадан 50 жыл өткеннен кейин барып мәселениң тарийхына итибар берип атырмыз. Әттең керекли адамлар жоқ болып кетти. Дәўлетнияз 2003-жылы, Сәтнияз 1997-жылы, Шанияз 1979-жылы қайтыс болған. Тек Кеңесбайы бар-1942-жылы туўылған.

Гүлайым апаның күйеўи Асан 33 жасында қайтыс болады. 4 ул, 1 қызы менен жесир қалады.

Гүлайым апа көп қыйыншылықларды көрген. Аўылдың бригад, баслықлары ўақтында зәҳәрин жайған. Бирақ өр көкирек, тәбийий талантлы, дилўар, шешен, шайыр келиншек өз еркин тегинликте бийлеттирмеген. Пәтли нашар болғанлықтан аўылдың жетер-жетпеслери ҳәр қыйлы ойынлар ислегиси келген. Қайнағасына некелеўди де усынған. Оларға Гүлайым төмендегидей қосықларды шығарып таслаған:

*Күн шығар қубладан туўады айым,*
*Қайнағаға муптала қылған кудайым,*
*Ашыў менен елатымнан айырылсам,*
*Қай жерден табылар маған кең жайым.*

*Мендей болып ҳеш мусылман күймегей,*
*Қәйин өлип қайнағаға тиймегей,*
*Ҳәси болсам мен райдан қайтайын,*
*Кесири мениң балларыма тиймегей,-*

деп изин шубыртып айта салып, ең кейнинде қайнағасына да ашыўы келип-қайнаға деп турып:

*Айдын шалқар, айдын шалқар,*
*Суў ишинде үйрек қалқар,*
*Еки қатын алмаға хәддиңе бақ,*
*Суўға түскен қабақтай басың қалқар,-*

Қайнаға, бул дәменди қояғой дегендей еткен.

Ол дәўир—қаттылық жыллары. Бир күни бөлим баслығы Жумабай аға бир бригададағы Қатиша деген ҳаял менен ерегисип, оны жазалаў ретинде басқа бригадаға барып ислейсен деген. Буны сезген Гүлайым апа баслықтың алдына шығып, төмендегидей пикирлерин қосық етип айта баслапты:

*Он жети жасында сүргенин жорға,*
*Қатийшаға ерегисип салдың-аў жолға,*
*Жумабайжан, бир ашыўды берегөр,*
*Колхозшы пақырлар жүрипти зорға,-*

деп Жумабайға айтқан екен, баслық "Қалмақ" (урыўының аты) жәнe айт, — деп күлип жиберипти.



Аўылда аяғы ақсақ Сейфулла деген киси өмиринше қысы-жазы мәси кийип жүреди екен. Бир күни геўишин жойтып алыпты. Оны сезип қалған шайыр қыз:

*Аўылдан шыққалы айтқаным хәси,*
*Өмир заманында кийгениң мәси,*
*Аяғың қайқайып, геўишинди жойтып,*
*Геўишти жойтқан жигиттиң пәси.*

Гүлайым апаның ҳәр қыйлы турмыс, аўыр тәғдир себебинен шығарған қосықлары оғада көп болған. Олардың көбиси умтылып жоқ болып кеткен. Оның дөретпелерин жыйнап, жазып алып жүрген адамлар да болмаған. Ал өзи турмыс шараятларына бола қосықларын жыйнап қойыў мүмкиншилигине ийе де болмаған, газета-журналларға да жибермеген. Кең елаттың суўырып салмай шайыры болып қалған.

Гүлайым апаның қызы Апиза 1954-жылы туўылған. Ул-қызлары, ақлықлары Қараөзек районының Қараөзек хожалығында жасайды.

Бердақ бабамыздың шайырлық талантқа ийе болған үрим-путақлары, әўладлары жөнинде мағлыўматлар жыйнасақ үлкен саўаплы ис болар еди.

**Қуўанышбай Оразымбетов**
**Филология илимлериниң докторы, әдебиятшы.**

## БЕРДАҚТЫҢ ПОЭТИКАЛЫҚ ДҮНЬЯСЫ

Бердақ шайырдың әлемнен өткенине бир әсирден аслам ўақыт болса да шайыр дөретиўшилигин үйрениў, изертлеў еле даўам етпекте. Шайырдың поэтикалық дүньясы соншелли қурамалы, ол әдебиятшылар ушын изертлеў объекти, шайырлар ушын үйрениў мектеби болып қалмақта. Оның улыўма адамгершилик пазыйлетлери менен суўғарылған әдебий мийраслары ўақыт ҳәм кеңислик шегераларын жарып өтип бүгинги күни де инсаният руўхый дүньясын байытыў ушын хызмет етпекте. Демек, усы ўақытқа шекем айтылып келинген: Бердақ бир класстың мәпин жырлады, ол байларды жек көрди деген пикирлер ҳақыйқатлыққа оншелли жақын емес екенлиги өз тастыйығын таппақта. Бердақ шайыр тек бир кластың мәпин жырлаўшы емес, улыўма инсаныйлық көзқарасларды жырлаўшы, өмир шынлығын көркем шынлыққа айландырған шайыр деген пикирге бүгинги күни хеш ким де гүманланып қарамайды.

*Халыққа нәзер салмаса,*
*Бостанлық, жайлық қылмаса,*
*Әдиллик пенен турмаса,*
*Оны басшы деп ким айтар.*[1]

Ямаса

*Дуўры тутсаң нийетинди,*
*Халыққа бурсаң бетинди,*
*Сыйласаң ғәрип-жетимди,*
*Шын азамат боладурсаң.*[2]

Биз бүгинги күни жәмийеттеги демократиялық принциплер, қайыр-сақаўатлық, мәселелери, олардың көркем әдебияттағы көринислери ҳаққында айтып жүрмиз. Ал олардың буннан бир ярым әсир бурын-ақ Бердақ дөретиўшилигинде әжайып усылда өз сәўлелениўин тапқанына оншелли итибар бере бермеймиз. Шайыр халықтың сөйлер тили екенин (әсиресе, Бердақ заманында пикир-өтиниш, тилек-усынысларды айтатуғын трибунаның болмаған дәўиринде) есапқа

1. Бердақ, Таңламалы шығармалары. Нөкис, 1987. 85-бет.
2. Бул да сонда. 67-бет.



алсақ жоқарыда мысал келтирген қосық қатарларының халықшыллығы, улыўма инсаныйлық-гуманизм көз қараслары менен суўғарылғанлығы бирден-ақ көзге тасланады. Шайырдың өзи жасаған дәўирдеги ел басқарыў, социаллық әдалатлық мәселелерине анық көзқарасы қәлиплескени ҳәм бул мәселелерди көркем әдебиятта сәўлелендириўде де өз жолына ийе екенлиги көринип турады. Сонлықтан да шайыр дидактикасы қурғақ ақыл айтыўға қурылмастан, оларда көркем әдебияттың баслы шәртлери-образлық, пикирди көркемлеп жеткериў жетекши орын ийелейди.

*Шеңгелге қонған бүлбилдиң,*
*Шымшық киби сәни болмас,*
*Ышқысында қызыл гүлдиң,*
*Сайраса дәрманы болмас.*

*Нама тапса ырғақ таппай,*
*Шалқып сайрар бир бағ таппай,*
*Тыңлаўына қулақ таппай,*
*Сайраўында мәни болмас.*[3]

Көркемликтиң сырлы қурсаўына оранған бул қатарлар ҳақыйқый поэзияның, поэтикалық сөздиң үлгиси. Қосықта метафоралық-символлық, антитеза сүўретлеў усыллары жәрдеминде жасалған пикир көркемлиги оның табысын белгилейди. Бүлбил-көркем образ сыпатында да, әдебий детал сыпатында да жүдә сәтли қолланылған. Бүлбил образы туўра мәнисинде де, аўыспалы мәнисинде де үйлесимли, ол пикир образлығы, бай мазмунды тәмийинлейди. Ҳаўўанатлар, қуслар дүньясы арқалы көркем образ жасаўдың утымлы тамаңы сонда, олардың кәлегенине антитезалық образ табыў мүмкин. Бул қосықта шымшық образы да усындай ўазыйпаны атқарыў ушын дурыс таңланған. Қосықтың поэтикалық тили де тартымлы, ширели, соның менен бирге әпиўайы, түсиникли. Қосықта қолланылған бир тегис ырғақ, қурамалы уйқас (шалыс, уйқас, биргелкили уйқас, редифли уйқаслар араласып келген) оның сыртқы форма көркемлигин тәмийинлеген.

Мазмун менен форманың бир-бирине сәйкеслиги ҳаққында усындай шығармалар мысалында айтыў мүмкин. Жоқарыда мысал келтирген қатарларда үйлеспей турған, көркемлиги төмен бир де сөзди табыў қыйын. Мәселен, екинши бәнтте "таппай" редифиниң

3 Бердақ, Сайланды шығармалары, Нөкис, 1997, 32-бет

алдындағы "ырғақ"", "бир бағ", "қулақ" сөзлери уйқас ушын қолланылған. Олар бир-бири менен пәкизе уйқасқа түсиуйи менен бирге қосықтың тийкарғы мазмун жүгин де өзинде жәмлеген-бул сөзлер бүлбилге қарата қолланылған ҳәм оларсыз қосықта пикир пүтинлиги тәмийинленбеген болар еди. Олардың избе-из уйқас ушын қолланылыўының логикалық тийкары бар. Олар (ырғақ-объект, бир бағ-орын, қулақ-субъект) усылай қолланылыў арқалы пикирдиң өсиў эволюциясын пайда еткен. Демек, усы сөзлер бәнтлеги қатарлардың органикалық бирлигин де жүзеге шығарған. Буны шайырдың поэтикалық дүньясының бир көриниси сыпатында баҳалаў мүмкин.

Бердақ шайырдың "Жақсырақ", "Халық ушын", "Болған емес", "Маған бер", "Излер едим", "Бүлбил" сыяқлы қосықлары әллеқашан-ақ қарақалпақ поэзиясында классикалық шығармалар қатарына қосылып үлгерген. Олар өз дәўириниң әдебий орталығында тәлим алып тәрбияланған шайырдың поэтикалық шеберлик дәрежесин аңлатыў менен бирге өзинен кейинги шайырлар ушын үлкен тәжирийбе ҳәм үйрениў мектеби болды. Лирикалық ҳәм эпикалық поэзияның синтезинен туўылған бундай шығармаларда шебер композициялық бирлик шығарма сюжети менен мазмунына жоқары көркемлик бағышлайды. Әдетте, шайырдың бул қосықларының көлеми үлкен болғаны менен оларда пикир шашырандылығы көзге тасланбайды. Жыраўлар поэзиясынан кейин сап лирикалық поэзияға өтиўде ҳәм оны раўажландырыўда Әжинияз шайыр менен бирге Бердақ дөретиўшилиги көпир хызметин атқарғанын да атап өтиў керек. Шайырдың:

*Өткен Арасту, Афлатун,*
*Жаратып илимниң кәнтин,*
*Шешиў ушын пикир бәнтин,*
*Мен мағрифат излер едим.*[4]

-деген қатарлары көп ғана шайырлар ушын поэзияға баратуғын соқпақты силтеўши белги, көрсеткиш болды десек асыра айтқан болмаймыз.

Бирақ тилекке қарсы, биз жоқарыда атап төкен қосықларында да Бердақтың ҳақыйқый қәлеминен дөреген жоқары көркемликтеги поэтикалық қатарлар менен бирге Бердақтики деп айтыўға тилин

4. Бердақ, Сайланды шығармалары, Нөкис, 1997, 43-бет



бармайтуғын қосықсымақ қатарлар да ушырасады. Дурыс, көплеген үлкен талант ийелеринде де көркемлиги жүдә жоқары ҳәм пәс шығармалар ушырасып турады. Бирақ бир шығарманың ишинде жоқары көркемликтеги ҳәм сайыз қатарлардың ушыраўы Бердақ сыяқлы шайырлар ушын мүмкин емес жағдай. Бул ҳаққында классиканың жанкүйерлериниң бири, ХХ әсир қарақалпақ поэзиясының классиги И.Юсупов та өз ўақтында ескерткен еди: "Гәўҳарды оған жабысқан басқа қосымталардан тазаламаған шеңли ол жилўаланбайды. Сол дегендей, Бердақтың ҳасыл мийрасларын шаң-қоңлардан, шөп-шардан аршып, халыққа шайырдың гәўҳардай ҳасыл өз сөзлерин бериўимиз лазым ҳәм қашанда халық аўзынан жыйналды деген сөздиң арасында бундай қосымталар болады. Буны серлеў, айырып таныў алым әдебиятшының билиминен көре, бәлки эстетикалық сезими, талғамы дәрежесинен көбирек ғәрезли. Изертлеўшиде "көркем сөзди шәлкем сөзден" айырып таныўлық эстетик талғам болса, бул ўазыйпаны илимге қылап келтирмей атқарыў қыйын емес"[5] Демек, Бердақ шайырдың шығармаларын баспаға таярлаған ўақытта оған текстологиялық таллаў жүргизе алатуғын, поэзияны жақсы түсинетуғын адамлар басшылық еткени мақул болар еди. Буннан тысқары Бердақ шайырдың шығармаларының санын ҳәм көлемин көбейтиў ушын оған тийисли емес, көркемлик қуны төмен шығармаларды қосыўға да мейиллик бар. Ҳәттеки айырым диссертациялық ҳәм монографиялық мийнетлерде де бундай умтылыслар көринеди. Шайыр дөретиўшилигиниң қунын оның шығармаларының саны ямаса көлеми емес, ал көркемлик дәрежеси белгилейтуғынын умытпаўымыз лазым.

Улыўмаластырып айтқанда, Бердақ поэзиясы, шайырдың поэтикалық дүньясы еле ашылмаған сырлы дүнья сыпатында қала береди. Оны үйрениў, изертлеў алымлардың иси. Ал, әпиўайы оқыўшы оннан нәр алып, руўхый шөлин қандырады. Оның шығармалары арқалы улыўма инсаныйлық руўхый қәдириятларға барар соқпақ айдынласа береди.

5. Бердақ, Сайланды шығармалары, Нөкис, 1997, 39-бет

**Жеңис Низаматдино**

**Филология илимлериниң кандидаты, Берда**
**атындағы ҚМУ ниң қаракалпақ әдебияты та**
**рийхы ҳәм фольклоры кафедрасы оқытыўшыс**

## БЕРДАҚ ҲӘМ ФОЛЬКЛОР

Бердақ үлкен гуманистлик, сиясий-демократиялық, дидактика лық идеядағы поэзияны, бир қатар эпикалық тарийхы шығармаларды дөретти. Бердақтың бай әдебий мийрасы идеялык көркемлик өзгешелиги, демократиялық көзқараслары, философи ялық ойлары, жоқары көркемлиги ҳәм басқа да көплеген әҳмийетли тәреплери менен баҳалы. XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Өтеш дөретпелериндеги сыяқлы Бердақ дөрет пелеринде де фольклорлық дәстүр алдыңғы орында турады. Дық қат бөлетуғын тәрепи сонда, фольклорға көбирек тән болға эпикалық жанрдағы шығармалар Бердақта бар. Бул дөретпелерин де ол аўызеки әдебияттың тематикалық, идеялық, образлық ҳә көркемлик дәстүрлерин шеберлик пенен пайдаланған.

Бердақтың «Шежире» шығармасында қарақалпақ урыўларының келип шығыўы, айырым тарийхый тулғалар ҳаққындағы аңызлық ҳә мифлик сюжетлер қосық тили менен баян етиледи. «Шежире»ни мазмунында Шыңғысханның тахтқа отырыў тарийхы — эпикалы бағытта сүўретленеди. Ўақыяның басланыўы мифологиялық сюжетт берилген. Мусылман журтының уллы патшасы Алтынханның Ҳүр периден туўылған қызы – Алмалы көрикли жайдың саңлағына түскен күн сәўлесинен ҳәмледар болады. Патша буған қапа болы оны сандыққа салдырып, дәрьяға ығызып жибереди. Дәрьяда ығы баратырған сандықты аң атып жүрген Томаўыл ҳәм Шыбан деге еки мерген көрип оны суўдан шығарып алады. Қызға Томаўыл үйле неди. Қыз ул туўады. Оның атын Шыңғыс қояды. Шыңғыс он бе жасына келгенде оған иниси жаманлық қылады. Ол елден кетеди Елди басқарыўға хан керек болады. Халық Алмалы көриклиге келип ойласады. Оның айтқаны бойынша Шыңғысты таўып хан көтереди Тийкарында Шыңғыс тарийхый адам, бирақ баян етилген сюже тарийхта болмаған эпикалық моделге тән мотивлик белгилерде саналады. Булардың барлығы мифлик, аңызлық сюжет. Күнни нурынан ҳәмледар болыў мифлик түсиник болса, ертеклерде алманы ямаса қандай да мийўени жеў арқалы ҳәмледар болады.



Бердақтың «Амангелди», «Айдос баба», «Ерназар бий» шығармалары белгили тарийхый адамлардың прототипи тийкарында дөреген. Бул тарийхый адамлар ҳаққында халық арасында толып атырған аңызлар бар, ҳәттеки бул белгили тулғалардың өзлери жасап турған дәўирде-ақ халық олар ҳаққында түрли аңызәңгимелерди пайда еткен. Бердақ усындай аңызларды бул адамларға болған халық арасындағы мүнәсибетти эпикалық жобада сәўлелендиреди. Олардың елге, халыққа ислеген азаматлығын, мәртлигин ардақлайды. Халықты усындай азаматлар қатарында ерлик ислерге шақырады. Солай етип Бердақ Айдосты:

*Душпаны көп досы менен,*
*Найзасының ушы менен*
*Билегиниң күши менен,*
*Ҳақын алды Айдос баба, —*

деп Айдосты ержүрек батыр етип сүўретлейди, хан алдына кирип келгенде «Хан орнынан өрре турды», «Ханға қарсы жуўап урды», «Метер менен қусбегиси, Жылаўында Айдос баба». Бул сүўретлеўлердиң барлығы Айдосты батыр етип көрсетиў идеалынан туўған қатарлар. Айдосты елди қорғаўшы батыр етип көрсетиўиндеги бул образлы қатарлар халық дәстанларындағы образ жасаўдағы композициялық элементлер. Әдетте қаҳарманлық дәстанларда ханның алдына кирген батырдың айбатынан қорқып тахтта отырған патша орнынан өрре турып кеткенин сезбей де қалады. Әтирапындағылар тәрепинен бул ҳәрекет ханға билдириледи. Хан мойынламайды. Зайыбы бул исти билдирмек болып, шапанының шалғайын отырған жериндеги буйымға тигип те қояды. Усылайынша патша өзиниң ериксиз орнынан турғанын байқайды. Халық дәстанларындағы бундай мотив персонаждың ержүрек, батыр екенлигин, оның ҳүрейинен патшалар да сескенетуғынын сүўретлеп береди.

Мине, халық эпосларындағы бундай эпизодлар Бердақ дөретпелеринде әдебий синтезленген ҳалда бериледи. Бердақ өзи жасаған дәўирдеги жәмийетлик ўақыяларды, өз халқының гуманистлик, жәмийетлик идеалларына ылайық реал түсинген. Шайыр өз дәстанларына усындай гуманистлик идеалларды сиңдирген. Өзи жасаған дәўирдеги әҳмийетли жәмийетлик ўақыяларды сүўретлеўде фольклорлық сюжетлерди кеңнен пайдаланып отырған.

Бердақтың «Ахмақ патша» дәстанының сюжети, композициясы фольклорлық стилде берилген. Ахмақ патшаның зулымлықла-

ры халық дәстанларындағы унамсыз хан, патшалар образынан асы
түскен ҳалда күшейтип берилген. «Ахмақ патша»да басқынш
күштиң зулымлығын көрген мийнеткеш халық ўәкили Зәриў, Гүлза
тағы басқалар соңында жеңиске ериседи. Шайыр «Ахмақ патша»дағ
ўақыяларды, көринислерди баян етиўде халық дәстанларыны
көркемлеў қуралларынан пайдаланғанын анық көриўге болады.

*Қара қаслары кыйылған,*
*Сулыўлық даңқы жайылған,*
*Аўзы оймақтай ойылған,*
*Жалғыз қызы болған екен.*

*Рең берген қоймай минди,*
*Шағылыстырған ай ҳәм күнди,*
*Жарық қылған қара түнди,*
*Мысалы гәўҳар болған екен.*

*Өмири зая жулдыздай,*
*Тереңнен шыққан қундыздай.*
*Паллары тамған сағыздай,*
*Көрген мийри қанған екен.*

*Шашы қара жупқа додақ,*
*Бели бир қысым ақ тамақ,*
*Узын бойлы ҳәм кең қушақ,*
*Пери киби болған екен.*

Гүлим портретин жасаўда шайыр халық дәстанларындағ
батырдың сүйген яры ҳәм қарындасының келбетин сүўретлеўде
ги көркемликке негизленген. Келтирилген қатарлардағы теңеўле
халық дәстанларындағы Гүлайым, Баршын, Қурткаларды
портретиндеги көркем бояўлар менен бирдей формада сәўлеленген

Бердақ өз дөретпелеринде халық нақыл-мақалларын, терм
қатарларында көп қолланады. Мәселен, «Менменликтен заўа
таптым, кемликтен камал таптым», «Жақсылар жаманды теклер
жаманлар бир гәпти теклер», «Бөри арығын хеш ўақытта билдир
мес», «Ер жигиттиң ҳаял атын шығарар», «Ҳаял алсаң жақсыны ал
көркин алма минезин ал», «Жигит қанаты ат болар» деген қатарла
шайыр поэзиясында көплеп ушырасып отырады. Усылар мене
қатар төмендегише:



*«Қарағай емес сөгит болдым»,*
*«Қартаң емес жигит болдым»,*
*«Таўдан ушқан бүркит болдым»,*
*«Палапан емес ғаз болдым»,*
*«Қаршыға болдым қарықтым»,*
*«Томаға болдым тарықтым»,*
*«Селсиз күни жаўын болдым,*
*«Түйнек салған қаўын болдым»*

деген қатарлар қарақалпақ халық терме-толғаўларында ушырасату-
ғын дидактикалық формалардың бири. Бердақ халық аўыз еки
дөретпелеринен пайдаланыўды, өз поэзиясының көркемлигин
күшейтиў ушын ғана емес, мазмунлық тәреплерин дүзиўде де айрықша
кеўил аўдарған. Бердақ салт-дәстүр жырларының түрлеринен саналған
жоқлаў жанрындағы кеўил айтыў, жубатыў қосықларын да дөреткен.
«Кеткен келерме» қосығы оған мысал бола алады. Мине булардың
барлығы шайырдың фольклорлық дөретпелерди жүдә жақсы
билетуғынлығы, оларды жақсы өзлестиргенин ҳәм жеке
дөретиўшилигинде шеберлик пенен қолланыўын көремиз.

Жуўмақлап айтқанда, Бердақ шайыр — қарақалпақ халқының
жақсы нийетлерин, келешекке умтылысын, жаңа өмирге болған
интасын, оның раўажланыў тарийхын фольклорлық бояўлар ме-
нен шебер сүўретлеген сөз устасы.

**Сейтжан Мәтекее**

**Филология илимлеринин кандидаты, Берда атындағы ҚМУнин қарақалпақ әдебияты тарий хы ҳәм фольклоры кафедрасы оқытыўшысы**

## БЕРДАҚ ҲӘМ ӨТЕШ ШАЙЫРДЫҢ ӨЗ-АРА ДӨРЕТИЎШИЛИК БАЙЛАНЫСЛАРЫ

Әлбетте, ҳәр қандай жәмийетлик шараятларда да әдебий байла ныслар әмелге аса беретуғынлығы тарийхый әдебий процесстег ҳақыйқат шынлық екенлигин бизиң өткендеги дәўирлеримиз айқ тастыйықлап отыр. Сол айтылғанындай-ақ, өткен XIX әсирдег қарақалпақ классик шайырларына да мәмлекет ҳәм басқа да жоқар басқыштағы орынлардың белгили унамлы шараятлары жараты берилмесе де олар арасында, яғный Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш Омар ҳәм тағы басқалардың белгили дәрежеде дөретиўшили қатнаста болғанлығын, ҳәттеки олардың атақлы Орта Азия шайырлар менен де көзбе-көз ушырасып, тығыз контактлы байланысла орнатпаса да, солардың тәлип-илими менен әдебий поэтикалық ше берликлеринен хабардар болып, олардан тәлим алып отырғанлығы тарийх бетлери анық тастыйықлайды. Атап айтқанда жоқарыда атла ры айтылған бир Арал жағалаўлары менен Әмиў бойларында өсип дөретиўшилик мийнет еткен бир халық, бир миллет шайырларыны бир-биринен хабарсыз болыўы мүмкин емес еди. Олар әлбетте ара тура, анда-санда болса да бир-бирин көрип те, ушырасып та турға ҳәм әдебий дөретиўшилик бағыттан пикирлер алысқанлығы да анық Әсиресе, солардың ишинде атақлы қарақалпақ шайыры Бердақ пе нен оның заманлас ҳәм зәңгилес, қатарлас шайырларының бир Өтеш шайырдың өз-ара творчестволық байланыслары менен ола арасындағы дөретиўшилик, поэтикалық үнлесликлер сол әдеби процессти дурыс түсиниўде үлкен әҳмийетке ийе.

Усы мәселеде ең алды менен Бердақ шайырдың өзи жазы қалдырып кеткен мынадай қатарларға айрықша дыққат аўдарып оны биз сөз етип отырған көзқараслар руўхынан таллап өтиўими мақул болар еди.

*Белгили халыққа нышаны,*
*Ядымда тур ҳәр қашаны,*
*Қартайғанда Күнхожаны,*
*Көрген күнлерим, күнлерим.*



*Айтып сөзлерди тыңлатып,*
*Кемис жерин ҳәм оңлатып,*
*Бир ярым ай бирге жатып,*
*Ҳәз етип өткен күнлерим.*

*Бердимурат мениң өзим,*
*Күнхожаны көрди көзим,*
*Еситтим Әжинияздың сөзин,*
*Олар ҳәм шад болған емес.*[1]

Демек, бул қатарлардың өзи-ақ биз сөз етейин деп отырған шайырлар ҳәм халқымыздың белгили сөз шеберлериниң арасындағы өз-ара байланыслардың сөзсиз түрде әмелге асып отырғанлығын дәлийллейди. Ҳақыйқатында да бир ярым ай бирге жатып сәўбетлес болып, өз-ара пикирлер алысыў—бул әнейи қубылыс емес, ал ол нағыз устаз-шәкиртлик байланыслардың жүдә тереңлесип кеткенлигин аңлататуғын фактлердиң бири болып есапланады.

Тап усындай байланыслар әсиресе, Бердақ ҳәм Өтеш сыяқлы жас жағынан алып қарағанда да қатар, заманлас ҳәм қурдас шайырлар арасында тығыз түрде әмелге асқан ҳәм айрықша бул олардың өз-ара туўысқанлық, дайылы-жийенлик, шығыс генетикалық төркинлери менен де жүдә тереңлесип кеткенлигин айтып өтиўимиз керек. Бул бизден басқа да көпшилик қәлемлес устаз әдебиятшыларымыз тәрепинен қайта-қайта факт сыпатында айтылып, тәкирарланып келмекте.

Сондай-ақ, усы жерде белгили әдебиятшы А.Каримовтың мынадай орынлы пикирлерин келтирип өтиўимиз керек: «Өтеш, әсиресе, Бердақ пенен күшли қатнаста болған. Булардың шығармалары темасы, сюжетлик мазмуны, тили, услубы жағынан бир-бирине күтә жақын. Соның менен бирге Өтеш пенен Бердақ бир-бирине дайылы-жийенли де адамлар. Олар бир-бирин жеңиў, ҳәзиллесиў ретинде айтысқа да түскен... Бердақ өзиниң «Мүйтен» деген қосығының биринши түрин Өтешти сөзден жеңиў ушын шығарады. Қосықта Бердақ улыўма мүйтен урыўы менен қолдаўлы урыўын бир-бирине қарама-қарсы қойыўды көзде тутпаған, ал Өтешти айтысқа ийтермелеўди мақсет етеди».[2]

Мине, бул пикирлер расында да шынлыққа сәйкес келип, ол Бердақ

---

1. Бердақ. Таңламалы шығармалары. Нөкис: Қарақалпақстан. 1987. Б. 136.
2. Өтеш Алшынбай улы. Таңламалы шығармалары. Нөкис: ҚҚМБ. 1962. Б. 13-14.

шайыр ҳәм оның заманлас курдасы болған Өтеш шайыр арасындағ
байланысларды дурыс сыпатлай алады деген ойдамыз.

Ең алды менен Бердақ ҳәм Өтеш шайырлар арасындағы әдеби байланыслардың сыпатлы таманы еки шайырдың поэзиясының д өткир халықлық сыпатларының басымлылығында, реализминин турмыс шынлығын сәўлелендириўдеги объективлигинин өткирлигинде болып есапланады. Дурысында да еки шайыр да тендей ортақ болған бир социаль жәмийетлик дәўирде өмир сүрип, олар со дәўирдиң шынлығын, сол жылларға тән болған типик шараятлар менен дәўир қарама-қарсылықларын, социал әдалатсызлықлар менен ел басқарыў ислери арасындағы наданлық пенен ақыл-парасатсыз лықларды, сатқынлықты, садалықты, алдаўшылық пенен өсек-өтирик шиликти, халықлар арасындағы көбирек болып турған ала аўызлы пенен урыс-қағыс, қан төгиспелерди, киши яки болмаса аз сандағы халықлардың үстинен үстемлик етиўшилик, миллетшилик, шовиниз мниң белгилерин де ҳадалый түрде ашықтан-ашық ҳәм терең образлы ҳалда ашып сәўлелендирмеўи мүмкин емес еди. Әсиресе усындай социал-жәмийетлик позицияларда ҳәм оларды образлар арқалы тереңнен сәўлелендириўде барлығынан да бурын Бердақ шайыр поэтикалық жақтан алда турды. Усындай көзқарасларда Бердақтан поэтикалық жақтан үлги алып, оның менен өзинш дөретиўшилик жарыста болған, қатарма-қатар, зәңгилес мәнисте қәлем тербеткен Өтеш сыяқлы шайырлар аз болған жоқ.

Бердақ шайыр ҳәм Өтеш Алшынбай улының поэзиясы арасын дағы өз-ара поэтикалық байланыслардың тағы бир таманы қарақалпақ халқының уллы классик ҳәм патриот шайыры менен Өтеш шайырдың поэзиясының жоқарыдағыдай мәселелерди қәлеген шығармаларында да көтерип шығыўдағы айрықша батыллығы ер жүреклилик белгилердиң бири болып есапланады. Мине, усындай мәселелердиң әтирапында қалай еткенде де Бердақ басқа шайырлар менен бирликте Өтеш шайырға да поэтикалық шеберлик жағынан үлги болды десек қәте емес сыяқлы. Бизиң бул сөзлеримизди Өтеш шайырдың Бердаққа ҳүрмет ретинде арнап жазған төмендеги қатарлары айқын тастыйықлайды.

*Бердақ пенен халық дус етти,*
*Әжайып жақсы ис етти,*
*Оның дослығын көрсетти,*
*Наразылық исти сәўмеймен.*
*...Халықтан озған шайыр Бердак—қолдаўлы.*



Ҳақыйқатында да, бундай терең иззет-ҳүрмет көрсетиў бул Өтеш шайырдың ишки психологиялық ҳәм моральлық, дөретиўшилик, дүньяtаныўшылық көзқарасларында бирден ямаса тосыннан келип шықпағанлығы анық. Ол Бердақтан оғада көп ғана үлги ҳәм тәлим-тәрбиялық сыпатларды өзине қабыл етиў арқалы да өз поэзиясының терең мәнилилиги, жоқары идеялылығы, жоқары эстетикалық тәсиршеңлилиги менен унамлы өзгеше поэтикалық сыпатларына да ерисип отырды.

Бердақ ҳәм Өтеш шайыр арасындағы өз-ара дөретиўшилик байланыслардың жүдә жоқары басқышларға көтерилгенлигин Өтештиң "Бердақ бақсыға жуўап", "Өтти дүньядан" атлы дөретпелери анық тастыйықлайды. Себеби, екеўи де әдебияттаныў илиминде бурыннан айтылып киятырғанындай, тәнҳа уллы классик шайырға арналғанлығы ҳәм өзлериниң жоқары көркемлик шеберлик сыпатлары, өзинше ишки поэтикалық дүзилиси менен парқ қылады.

Ең алды менен бул жерде "Бердақ бақсыға жуўап" шығармасында анаў ямаса мынаў шайырдың сөзден, айтыстан жеңип шығыўында емес, ал сол дөретпелердиң улыўма идеялық-эстетикалық сапасында, олардың арасындағы поэтикалық өзиншеликлерде болыўы керек. Бул еки шығарма да бизиңше Бердақ шайырдың "Шежире" атлы атақлы дөретпесиниң поэтикалық жолы менен дөретилген десек бир тәреплемелик ямаса асыра силтеўшилик емес сыяқлы. Егер биз бул үш шығарманы ("Шежире", "Бердақ бақсыға жуўап", "Өтти дүньядан") өз-ара салыстырып қарасақ, олардың үшеўи де ҳақыйқат шын мәнисиндеги шежирелик усыл менен жазылғанлығы анық көринип тур. Егер Бердақ шайыр өз дөретпесинде қарақалпақ халқының улыўма түркий халықлары менен салыстырма түрдеги тарийхын, шежиресин дөреткен болса, ал Өтеш шайыр "Бердақ бақсыға жуўап" қосығында (айтысында) тек ғана Бердақ пенен айтысып оны сөзден жеңиў ушын шығарма дөретип қоймастан, ал пүткил қолдаўлы урыўының тарийхын (шежиресин) бериўге умтылған ҳәм оған бираз дәрежеде ерискен деп те айтыўға болады. Шайыр Бердақтан үлги ала отырып, ол қолдаўлыларды пүткил қарақалпақ халқының тарийхы менен де тығыз байланыстырады. Сөйтип ол "Түбимиз Қоңырат туўысқан адам",- деп келеди де қолдаўлы урыўынан шыққан атақлы бийлердиң атларын атап ақырына таман Айдос бий, Мыржық, Бегис, әсиресе, Ерназар алакөзге айрықша тоқтайды. Булардың барлығын Өтеш шайыр Бердақтың "Шежире"синдеги сыяқлы айрықша бир тәсиршеңли

пафос, шын берилгенлик пенен тарийхый ҳақыйқатлыққа сәйкес түрде жырлайды. Мысалы, “Ерназарға алмас едим бәринди, Саның бар сапаң жоқ болған емес пе?”

Сондай-ақ, бул “Бердақ бақсыға жууап” қосығының сюжетлик-композициялық бағдары — Бердақтың “Шежире”си сыяқлы өз ишине бираз жылларды, бир қанша дәуирлерди ҳәм сол уақытлардағы бир неше бийлердиң образларын ашып бериуи жағынан да тек ғана айтыс емес, ал эпикалық шығармаға ямаса айтыс пенен дәстанның шежирениң сыпатлы өзгешеликлерин өзине жәмлестирип синтезлеуи арқалы айрықша өзине тартып тур.

Өтеш шайырдың “Өтти дүньядан” дөретпеси Бердақтың бөлимине арналып, тийкарынан 108 бәнт, барлығы 438 қатар қосықтан ибарат болып, ол 7 бөлимнен турады. Ең айрықша белгиси сонда, Өтеш шайыр да бунда ең алды менен Бердақ сыяқлы дәслепки бөлиминде қарақалпақ халқының улыўма тарийхына қысқаша тарийхый поэтикалық экскурс жасайды, Едил-жайық бойларын, ноғайлылар дәуирин, улыўма шежирешиликти, Түркстанды тилге алады.

*Оны Өтеш шежиреден көрмишлер,*
*Соның аз-кем жерин айтып бермишлер,-*

деп жазады.

Мине, усы «шежире» сөзи менен шежире түсиник терминининиң тилге алыныўынан-ақ биз Өтеш шайырдың усы шежирешилик жолға (усылға) айрықша нәзер менен қарағанлығын ҳәм пүткил дөретпениң сюжетлик, композициялық, стиллик бағдарын соған қаратқанлығын сезиуимиз мүмкин болады. Усы көзқараслардан ол қарақалпақ халқының көп ғана бийлери менен урыў басшыларын атап өтип, оларға - халық тарийхына үлкен әҳмийет бере келип, соңынан барып ол атақлы қарақалпақ шайырларының тарийхын, жасаў дәуирлери бойынша избе-из хронологиясын жасайды.

Шайыр шығарманың келеси бөлимлеринде қарақалпақ әдебиятының Жийен жыраўдан баслап тап өзине шекемги дөретиўшилериниң атларын атап, олардың ҳәр қайсысына шығарманың бир бөлимин композициялық түрде арнай отырып, олардың айрықшалықларына, ҳәр бир шайырдың өзиншеликлерине тоқтайды. Бул шайырдың ең баслы поэтикалық жақтан баҳалы тәреплеринен есапланады. Өтеш шайыр шығарманың бир үлкен бөлимин айрықша Бердаққа арнап, оған өзгеше түрде тоқтаған ҳәм бул дөретпениң



негизги өзегин қураған. Усы Бердақ шайырға арналған бөлим шығармада өз тәсиршеңлиги, айрықша эмоционаллығы, өзгешелеў бир поэтикалық пафосы менен де көзге тасланып турады. Онда лиризм, лирико-психологиялық сыпатлар, ўақыя ҳәм тарийхый шынлық ҳақыйқатлылығын детальластырып, картиналар арқалы бериў күшли сезиледи. Усындай сыпатлар шығарманың прологлық бөлиминде-ақ айқын көринип тур. Шығармада:

*Енирей-енирей көздиң ети түрилди,*
*Көрген адам қорқар мениң түримди,*
*Жүрген-турғанларым көзге көринди,*
*Рас-ақ өттиң бе, достым дүньядан*[3].

-деген сыяқлы лирик қаҳарман — шайырдың ишки психологиялық ҳалатларын бериўши қатарлар мол. Булардың барлығы шығарманың көркем-эстетикалық, поэтикалық сыпатларын көтерип тур.

*Ғаррылардың сақаллары селкилдеп,*
*Зар жыласып отырыпты еңкилдеп,*
*Бир нешшелер хызметте жүр диңкилдеп,*
*Өттиң шайыр бул жалғаншы дүньядан.*

*Нешшелер жүр басын шайқап ўақ-ўақлап,*
*Нешшелер жүр көзден жасы моншақлап,*
*Нешшелер жүр пейитинди қушақлап,*
*Арзыў-әрман менен өттиң дүньядан*[4].

Бундай картиналық сүўретлеўлер Өтеш шайырдың лиро-эпик шығармасы болған “Өтти дүньядан”ға айрықша бир эстетикалық поэтикалық сыпатлар енгизип, ол Бердақтың өзи дөреткен шежирелик сыпат дәстүрин бийкарламастан, ал соны ишки композициялық, поэтикалық жақтан байытып, түрлендирип бериўге хызмет етеди.

Бизиң ойымызша Бердақ шайыр ҳәм Өтеш поэзиясы арасында өз-ара дөретиўшилик - поэтикалық шеберлик байланыслар усылардан ибарат ҳәм буны және де тереңлестирип изертлеўлер жүргизиў мүмкин деп ойлаймыз.

---

3. Өтеш Алшынбай улы. Таңламалы шығармалары. Нөкис: ҚҚМБ. 1962. Б. 137.
4. Сонда, Б. 141.

**Қонақбай Турдыбаев**
**Филология илимлериниң кандидаты, Бердақ атындағы ҚМУ ниң қарақалпақ әдебияты тарийхы ҳәм фольклоры кафедрасы оқытыўшысы**

## БЕРДАҚ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ИНСАН ТӘРБИЯСЫ МӘСЕЛЕСИНИҢ СҮЎРЕТЛЕНИЎИ

XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында дидактикалық қосықлардың өз алдына жанр сыпатында белгили бир тематиканы қурағанлығы классик шайырлардың өмири ҳәм дөретиўшилигин арнаўлы изертлеген әдебият изертлеўшилери И. Сағитов, Б. Исмайлов, М. Нурмухаммедов, А.Каримов, Ҳ.Ҳамидов, К. Мәмбетов ҳ.т.б. изертлеўшилердиң мийнетлеринде қысқа болса да атап өтилди. Академик М.Нурмухаммедов Бердақ шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша илимий жумысларының биринде былай жазады: "Бердақтың дидактикалық қосықлары бул шайырдың тәрбия, әдеп-икрамлылық нәсият тараўында көз қарасының улыўма жуўмағы. Бердақтың ең жақсы нәсият қосықлары "Балам", "Надан болма", "Билгейсиз", "Қашан рәҳәтленедурсаң". Булардың дәслепки екеўи хрестоматиялық шығармаға айланып қарақалпақ мектеплеринде, оқыў-тәрбия ислеринде кеңнен қолланылады. Сондай-ақ ол Бердақ шайырдың жоқарыда аты аталған қосықлары менен бирге "Жақсырақ", "Халық ушын" қосықларында дидактикалық қосықлардың қатарына киргизиледи".

Соған қосымша шайырдың "Ким айтар?", "Бир жигитке", "Келин", "Қарамас" қосықларының идеялық, тематикалық бағдарына қарай отырып тиккелей дидактикалық қосықлардың қатарына киргиземиз. Ал, шайырдың "Ақыбет", "Заманда", "Бүлбил", "Ойланба" сыяқлы бир қатар лирикалық қосықларының желисинде де (айрым шуўмақларында) дидактикалық ой-пикирлерди жийи ушыратып қаламыз. Демек, Бердақтың жоқарыда аты аталған бир неше қосықларының мазмуны менен тематикасынан-ақ дидактикалық қосық үлгилерин көплеп дөреткенлигиниң гуўасы боламыз.

Бердақ "Халық ушын" ҳәм "Жақсырақ" қосықларының идеясында турмыста бар ҳәм жийи ушырасып туратуғын жақсы ҳәм жаман ҳәдийселерди, қубылысларды, адамлардың минез-қулық



нормаларын ҳәр тәреплеме салыстырып жуўмақ жасайды ҳәм усы тийкарда үгит-нәсият пикирлерин билдирип өтеди.

Соның менен қатар Бердақтың "Надан болма", "Келин", "Ойланба", "Бир жигитке" қосықларындағы нәсият пикирлери жәмийеттеги айрым адамларға қаратылғандай түйилгени менен де бул қосықлардың да мазмунында ҳәмме адам үлги алғандай ой-пикирлер орын алған. Мысалы, жигирма бес шуўмақтан ибарат болған "Балам" деп аталған дидактикалық қосығында шайыр тек өз баласына яки болмаса өз дәўириниң балаларына ғана емес, пүткил халықтың балаларына, келешек әўладларға да үлги болғандай бир неше пайдалы мәсләҳәтлер айтады.

*Жаманларға сырыңды айтпа,*
*Келген жерде сөзиңнен қайтпа,*
*Достыңды ҳасла муңайтпа,*
*Душпаныңды мата балам,*

*Көпти қасыннан қашырма,*
*Барыңды жоқ деп жасырма,*
*Қуўлықты кәлеп асырма,*
*Әлпайым болғыл балам.*

Және де шайыр "Балам" қосығында жаслардың күтә жас ўақытларынан баслап-ақ жигерли, кишипейил, шаққан, ҳақ сөзли, әлпайым, мийирман болып өсиўиниң баслы тиреги халық пенен бирге болыўы, дос-душпанды сынап билиўи, жақсы сөзге қулақ түрип , жаман сөзден қашыўы, шуғыл сөзине ермей, ғыйбаттан аўлақ жүриўи, ҳадал мийнет етиўге умтылыўы, орынсыз сөйлемей, орынлы сөйлеўи, жақсы-жаманды сынап көрип, жақсылар менен жолдас болыўы, ата-анасын қәдирлеп, ғәрип-мискинлерге жәрдем қолын созыў сыяқлы гуманистлик идеяларды алға сүреди.

Әлбетте, классик шайырлар жасаған феодаллық дәўирде ҳаял-қызлардың бас еркинлиги болмағанлықтан өз теңине қосылып, бахытлы турмыс кешириўи ең қыйын мәселелердиң бири болды. Бул мәселе тек қарақалпақ ҳаял-қызларын ғана емес, шығыс ҳаял-қызларының тәғдирине қурылған үлкен дузақ еди. Шайырлар усындай жәмийетлик ҳәм социаллық мәселелерден шыға отырып ҳаял-қызлардың өз сүйгенине қосылып бахытлы өмир сүриўиниң тәрептары болды.

Бердақтың "Заманда" қосығында "Қыз жаўанлар сүйгенине

кетпеди, шәриятсыз хеш бир исиң питпеди",-деп оғада дурыс көрсеткениндей, Өтеш шайырдың "Қызлар" қосығында: "Мал орнында кетер мал берсе биреў, қызларда болмады хеш қашан тиреў" — деп сүўретлегениндей хәр қандай жәмийетлик социаллық тәртиплерде шәрият заңларына бойсындырылып, бойсындырылса да бурмаланып айрым үстем топарлардың надурыс жол тутыўынан, солардың пайдасына шешиледи. Сонлықтанда Бердақтың "Келин", "Ойланба" қосықларында өз дәўириниң айрым ески тәртип-қағыйдаларынан шыға алмаған хаял-қызлардың қырық туўар малға ямаса оннан да көп байлыққа сатылып хор болыўына хаслан жол қоймаў керeклиги тийкарғы мәселелердиң бири сыпатында қозғалады.

Шайырдың "Ойланба" қосығында турмыс соқпағына жаңа қәдем таслаған жас қызлардың ойланып ис тутыўы кереклиги, олардың екиленип малы көп адамларға кетпестен, өз сүйгенине қосылып, бахытлы болыўына дурыс мәсләхәт бериледи;

*Жолыңнан қайтпа артыңа,*
*Салып көп исти ядыңа,*
*Қараны тутып алдыңа*
*Қарындасым, хеш ойланба,*

*Малы көп деп кетпе оған ,*
*Азап берер ақмақ саған,*
*Қостарым деп ерме оған,*
*Сүйгенине кет ойланба.*

Әдебият изертлеўшиси Ю.Пахратдинов Бердақтың дидактикалық қосықларының желисиндеги юмор хәм сатира хаққында мынандай пикирлерин билдиреди: "Бердақ шығармаларында дидактика менен сатира хәм юмор араласып келеди. Олар бирбирине қарама-қарсы емес, кайтама бирин-бири толықтырып, бири екиншисине мәдеткер болып жүреди. Ақыл-нәсияттың артында, сағымында, көлеңкесинде сатира хәм юмор таяр турады. ... Улыўма Бердақ дидактикасы терең философиялық мәниге қурылып, адамдағы ишки сезимниң сыртқы орталық пенен жәмийеттиң раўажланыўына сәйкес келетуғынлығына тиреледи. Ишки сезим, ой, ақыл-парасат пенен ис етиўшилерди сатира қуўатлап, тек өз мәпи ушын жүргенлердиң кейпиндеги унамсыз қәсийетлерине карсы гүрес ашады".



Хақыйқатында да, Бердақтың көпшилик дидактикалық қосықларының желисинде юмор-сатираның араласып келетуғыны тәбийғый. Шайыр жәмийеттеги адамларға үлги боларлық жақсы минез-қулық, әдетлерди ақыл-нәсият етиў менен бирге айрым жарамсыз иллетлерди өз бойына сиңирген адамлардың ис-хәрекетлерин айрым ўақытлары жеңил күлкиге алса, айрым ўақытлары ашықтан-ашық әшкаралап отырады.

Мысалы, "Бир жигитке" қосығында:

*Өзи болған ғошшақ жигит,*
*Қатты кетип барасаң сен.*
*Бизден сизге пәнди үгит,*
*Зейин салып қарасаң сен.*

*Шапқанда байдың улысаң,*
*Тоқтағанда бир пулысаң.*
*Өзиңше Хийўа ханысаң,*
*Пуқараңбыз сорасаң сен.*

*Өйтип, иним, қатты қашпа,*
*Нар буўрадай көбик шашпа.*
*Бир күни мурның тийер тасқа,*
*Қатты уятқа қаласаң сен.*

-сыяқлы қосық шуўмақларында шайыр өзи менен заманлас айрым мал-дүньялы бай, лекин руўхый дүньясы пәс хәм жарлы, хәттеки адамгершилик қәсийети төмен болған дүньяпараз хәм менмен жигитлердиң келбетин ашыў менен бирге оларға ашықтан-ашық дурыс мәсләхәт береди.

Шайырдың "Надан болма" қосығында да жәмийеттеги хәр қандай жаман хәм қолайсыз иллетлердиң түп-тийкары билимсизлик пенен наданлықтан, менменлик пенен топаслықтан келип шығатуғынлығы хәм бул иллетлердиң алдын алыў илажлары былайынша нәсият етиледи:

*Жөн-жосақларды сорамай,*
*Азаматлыққа жарамай,*
*Алды-артыңды барламай,*
*Ләтте пәмли, надан болма,*

*Шапанды салып ийнине,*
*Түсип баяғы пейлине,*
*Қосшы ертпей кейнине,*
*Сен басқадай надан болма.*

Шайыр усылайынша қосықтың хәр бир шуўмағында өзи жасаған жәмийеттеги заманлас адамлардың кәсип-кәрин, ата-тегин, минез - қулық нормалары менен адамгершилик қәсийетлерин күтә жақсы билгенликтен өзине жараса ис етиўин, әсиресе, “ақылымды алсаң иним, тап өзиңде болса билим” айрым надан адамларға ерип хәмел алмасаңда өз билимиң, ҳадал мийнетиң менен де хор болмайсаң сыяқлы ақыл-нәсият пикирлери дәлме-дәл баян етиледи.

Солай етип, Бердақ шайырдың дидактикалық қосықлары кең жәмийетти ҳәм жеке адамды улыўма инсаныйлық пазыйлетлерге тәрбиялаўшы тәлим-тәрбия қуралы сыпатында өз заманында да, бизиң ҳәм келешек заманымызда да өз баҳасына ийе болып қалады.



Қуўанышбай Қалекеев

## ҲӘЗИРГИ БАСПАСӨЗДЕ БЕРДАҚ ТЕМАТИКАСЫНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

Классик шайырларымыздың бири болған Бердақ өзи жасаған дәўирде халқымыз тарийхын, жәмийетлик-сиясий, экономикалық аўҳалын жақсы түсингенлиги ушын миллий қәдириятларды да өз шығармаларында сәўлелендирген. Ол өз халқын ески дүзимнен руўхый қорғаған, ел ишинде мәрипат-ағартыўшылық жумысларын жүргизген миллий қаҳарманымыз есапланады. Бердақ дөретиўшилигин үйрениўде ҳәм оны кең жәмийетшиликке тарқатыўда айта кететуғын және бир мәселе-бул шайырлар шығармаларының мазмунын дурыс көрсетип бериў ҳәм миллий идеологиялық көзқарастан изертлеў жумысларын алып барыў болып табылады.

Ғәрезсизликке ерискеннен кейин классик шайырлар дөретпелери жаңаша руўхта, текст мазмунына ҳәм текст ҳақыйқатына сай рәўиште тереңирек үйрениўге үлкен имканият жаратылды. Қарақалпақстан баспасөзинде миллий қаҳарманлар образын жаратыўдың ҳәм классик шайырлар дөретиўшилигин үйрениўдиң жаңаша талқы етилиўи әмелге асырылды. Ҳәзирги баспасөз бетлеринде Т.Қайыпбергенов, И.Юсупов, К.Султанов, А.Пахратдинов, Ҳ.Ҳамидов, К.Мәмбетов, Ю.Пахратдинов, С.Баҳадырова, Қ.Жәримбетов, Қ.Оразымбетов ҳәм басқада алымлар, публицистлер өзлериниң Бердақ ҳаққындағы жаңа илимий-публицистлик мақалалары менен қатнасты. Бул жыллары Қарақалпақстан Республикасында Бердақ шайырдың туўылған күнлери белгиленди. Усы юбилей мүнәсибетлери менен баспасөзде шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында бир қанша мақалалар басылып шықты. Бердақ ҳаққында жазылған Т.Қайыпбергеновтың “Уллы Бердақ шайырдың 175 жыллығына байланыслы ойлар”[1], И.Юсуповтың “Халқымыздың миллий мақтанышы ҳәм руўхый тымсалы”[2], Ю.Пахратдиновтың “Бердақтың өмир шынлығын сүўретлеў усылы”[3], Ҳ.Ҳамидовтиң “Бердақ-руўхый мәдениятымыздың өзеги”[4], К.Мәмбетовтың “Бердақ ҳәм туўысқан

1. “Еркин Қарақалпақстан” 2003. 30-январь, 1-февраль.
2. “Еркин Қарақалпақстан” 1997. 19-август.
3. “Нөкис ҳақыйқаты” 2003. 11-февраль.
4. “Еркин Қарақалпақстан” 2003. 25-декабрь.

халыклар әдебияты"[5] сыяқлы мақалаларын атап өтиў орынлы. Бул публицистлик материалларда Бердақтың өмири ҳәм дөретиўшилиги, оның мәрипат ҳәм ағартыўшылық бағдарындағы поэзиясы жаңаша руўхта баҳаланғанлығы сезиледи.

Қарақалпақстан баспасөзинде жәрияланған классик шайырымыз ҳаққындағы мақалалардың көпшилиги "Бердақ Ғарғабай улының 175 жыллығы" рубрикасы астында берилген. Бул илимий-публицистлик мақалаларда Бердақтың халық руўхый-ағартыўшылық ҳәм миллий мәдениятын раўажландырыўдағы роли, соның менен бирге шайыр ҳақыйқый мәрипатпәрўар инсан екенлигин көрсетип бериўге қаратылған. Мәселен, И.Юсупов "Халқымыздың миллий мақтанышы ҳәм руўхый тымсалы" атлы мақаласында Бердақ образын тек ғана XIX әсирдиң классик шайыры емес, бәлким ол өз заманының социал турмысындағы теңсизлигин терең түсинген сиясий саўатлы адам, халықты ески дүзимниң зулымына қарсы миллий азатлық ушын гүреске бағдарлаған миллий қаҳарман сыпатында талқы етиледи. Автор "Бердақ өз халқының қайғы-ҳәсиретин жырлаў менен бирге оны жасаўға жигерлендирген, социаллық теңлик ҳәм ғәрезсизлик ушын гүреске руўхландырған. Шайырдың "Халық ушын", "Жақсырақ", "Болған емес" сыяқлы ўатансүйиўшилик руўхындағы қосықлары, "Ерназар бий", "Амангелди" поэмалары "Ақмақ патша" дәстанлары халықтың санасына күшли тәсир ететуғын, гүресшең руўхтағы шығармалары болды"[6], деп жазады. Мақалада Бердақ поэзиясының тематикалық ҳәм жанр мәселелери, оның қосықларында халықшыллық ҳәм демократиялық принциплердиң үстинлиги ашып берилген.

Қарақалпақстан баспасөзиндеги мақалаларда айырым бир жақламалық жағдайлар да ушырасады. Базы жас изертлеўшилер Бердақ мийнетлерин үйренгенде оның тек шайырлық дөретиўшилигин ғана анализге тартады. Бирақ айырым мийнетлер менен танысқанымызда Бердақтың тек шайыр ғана емес, ал тарийхый, философиялық, ағартыўшылық, педагогикалық ой-пикирлердиң де ийеси екенин көремиз[7].

5. "Устаз" 1998. 19-декабрь.

6. "Еркин Қарақалпақстан", 1997, 19-август.

7. Қудайбергенов К. Мировозрение Бердаха. - Н.: "Қарақалпақстан", 1987; Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.-Н.: "Билим" 1993; Тлеўмуратов М. Қарақалпақ поэзиясы- тарийхый дәрек. —Н.: "Қарақалпақстан", 1994.



Және бир айтылыўы керек болған пикир—бул баспасөзде жәрияланған Бердақ ҳаққындағы мақалаларда пикирлердиң ҳәр қыйлылығы, тартыслы темалардың ҳәм сын көзқарaслардың жетиспеўшилиги болып есапланады.

Бердақ тематикасын баспасөзге алып шыққан авторлар топарын республикамызға белгили алымлар, жас изертлеўшилер, жазыўшы-публицистлер қурайды. Бирақ айырым мақалаларда классик шайырлар поэзиясын терең талламастан көзсиз көклерге көтериў жағдайлары да ушырасады. Бундай мақалаларда илимий пикирлеў, материалларды таллаў жетиспейди.

Фольклорлық дереклерде ҳәм айырым алымлардың мийнетлеринде Бердақ өз қосықларына өзи нама шығарып халық арасына тарқатқаны ҳаққында пикирлер де бар. Философ алым Х.Алиқулов ҳәм У.Худайбергеновалар "Бердақ" атлы мақаласында "Бердақ өзиниң қосықларына өзи нама шығарып, өзи атқара баслады"[8] деп жазады. Бирақ мақала авторлары бул мағлыўматты бергенде ҳеш бир дереклерге сүйенбеген. Сол көз-қарастан қарағанда, Бердақтың бақсышылық өнерин, шайырдың тарийхымыз ҳәм мәдениятымыздың раўажланыўындағы хызметлерин үйрениў жаңа илимий-публицистикалық материаллардың жүзеге келиўине себеп болыўы мүмкин.

8. Маънавият юлдузлари (Марказий Осиёлик машҳур сиймолар, алломалар, адиблар). /Тўпловчи ва масъул муҳаррир: М.Н.Хайруллаев. —Т.: А.Қодрий номидаги Халқ мероси нашр. 2001. -342-б.

**Маржан Оразымбетова**
**Бердақ атындағы ҚМУ ниң қарақалпақ әдебияты тарийхы ҳәм фольклоры кафедрасы оқытыўшысы**

## ҚАРАҚАЛПАҚ ЛИРИКАСЫНДА БЕРДАҚ ОБРАЗЫНЫҢ ЖАРАТЫЛЫЎЫ

Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында Бердақ образын жаратыў әдебий дәстүр сыпатында даўам етип киятыр. Бундай қосықларда лиризм менен қарысқан тарийхыйлық, шайырдың өмир жолы, шайыр жасаған дәўир, шайырдың уллылығы, ой-кеширмелери, толғаныслары образлы сәўлеленеди. Ҳәр бир шайыр өзине тән усыл менен шайыр образын руўхый кеширмелер менен дөретиўге ҳәрекет етеди.

Шайыр А.Дабылов Бердақ образын жаратыўда өзине тән поэтикалық усылды қолланады.

"Бердақ ҳаққында қос қосық" деп аталатуғын дөретпеси еки бөлимнен ибарат. Шайыр түсинде бағы-шәмензар ишинде жүрген Бердақ шайырды көреди. Поэзия-бағ болса, ал оның бағманы-уллы шайыр. Мине усындай символикалық сүўретлеўлер арқалы шайырдың уллылығын тәсирли жеткерип береди. Екинши қосықта Бердақ шайырды лирик қаҳарман сыпатында сөйлетиўи А.Дабылов шеберлигиниң өзгеше усылы деп, баҳаласақ болады. Терең ойшыл, өткир сөзли, халықшыл шайыр Бердақ образы сәўлеленеди.

*Найза қылып тилин урған ҳәр тасқа,*
*Алты қабат аспан түсип бир басқа,*
*Қойың-қоныш, етек толып көз жасқа,*
*Сыйғызалмай бөлип өткен Бердақпан.*

Т.Жумамуратов та өзиниң "Бердақ" қосығында Бердақты кудиретли сөздиң ийеси, халықтың ушқыр қыраны сыпатында жаратады.

Шайыр И.Юсуповтың лирикасында Бердақ образы айрықша орынды ийелейди. "Бердаққа" қосығында Бердақ образын көркем, тәсирли жарата алған, оқыўшының қәлбине жақын сөзлерди таба биледи. Ел намысы ушын жуўырған, халқының сүйеніри болған, аш халықты сөзи менен тойындырған Бердақ образы көз алдымызға елеслейди.



*Ийниң тийсе пүтинирек кийимге,*
*Шешип жаптың оны бөтен ийинге,*
*"Қосық жазар хошым жоқ" деп йош аңлып,*
*Отырмадың май кекирип үйинде.*

Шайыр қуры мақтаўлар, яки көбиртпе сөзлер менен емес, ал ҳақыйқый сөз кестелери менен өзгеше усылда Бердақ образын бүгинги әўладқа тәсирли жеткерип берген. Қосықтағы:

*"Қақаман қыс халықтың әпшин қуўырса,*
*Сен оларға кемпир қуяш күн болдың"*

ямаса

*"Қарлығаштай аўзың менен суў тасып,*
*Прометейдей қудайдан от урладың"*

сыяқлы поэтикалық қатарларда терең мәнили, образлы пикирлер аўыспалы мәниге көшип, қосықтың тәсиршеңлигин арттырады.

Буннан басқа да Т.Матмуратовтың "Бердаққа", И.Юсуповтың "Бердақтың дуўтары", Ш.Сейтовтың «Бердақ шайыр ҳәм оның монументи ҳаққында еки аўыз сөз", Б.Генжемуратовтың "Бердақтың толғаўы", Г.Дәўлетованың "Мәңгидур уллылығы Бердақтың" ҳ.т.б. шайырларда Бердақ образы бирин-бири қайталамайтуғын ҳалда көркем сәўлелениўин тапқан.

Сондай-ақ, ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында лирикалық дүркинлерде Бердақ образының жаратылыўы ең әҳмийетли қубылыс саналады. Лирикалық дүркинлер бир неше шығармалардың идея-тематикалық, яки жанрлық жақтан дүркинлесиўи есапланады. Дүркиндеги қосықлар жыйналып бир идеяны береди, сондай-ақ қурамындағы қосықлар ғәрезсиз дөретпе бола алады.

Т.Матмуратов дөретиўшилигинде лирикалық дүркинлер тийкарғы орынды ийелейди. Шайырдың "Арал сазлары" дүркинине бир неше қосықлар енгизилген. Бундағы қосықларда терең философия, тәбият, экология, юмор, Ўатан түсиниги жәмленген. Мысалы, дүркиндеги биринши қосықта қудиретли теңиз толқынларына байланыслы терең философиялық мәни бар, "Қумлы жағадағы ойлар" да лирик қаҳарманның терең толғаныслары жәмленген, яғный өмирин таўысып баратырған теңиздиң халатын шайыр өз жүреги менен сезинеди, Арал менен дәртлеседи. "Дүзгин" қосығында боранға да, даўылға да, шөлге де шыдамлы тәбияттың бир өсимлиги ҳаққында айта келип оны сол жерде жасаўшы мийтиндей төзимли инсанларға салыстырады. Дүркин-

деги "Мойнақтың қара қызы", "Балық қабыллайтуғын жайда" сыяқлы қосықлары ҳәзил-дәлкекке қурылған, оқыўшының кеўил-кейпиятын көтереди. Бурыннан күлкиге жаны қумар қарақалпақ халқының ойын-дегишпесин шеберлик пенен береди. Дүркиндеги қосықлар бири екиншисин толықтырып терең мазмун ашылады береди. Дүркинниң ең соңғы қосығы "Қайықтағы қыяллар" деп аталады. Мине, усы қосық көркем формасы, идеясы жағынан дүркиндеги басқа қосықлардан парқ қылады. Шайыр узақ өтмишке нәзер таслайды. Бердақты, оның қүдиретин еле де анығырақ билиў ушын әсирлердиң гүўасы болып келген теңиз толқынлары менен сәўбетте болады, самаллар менен сөйлеседи.

Самалларды, толқынларды поэтикалық деталь сыпатында қолланыўын шайыр излениўшилигиниң, шеберлигиниң көриниси сыпатында баҳалаўға болады. Дүркиндеги басқа қосықлар төрт қатарлы, биргеликли ҳәм шалыс уйқас формаларына ийе. Ал бул қосығы өз-ара уйқасыўшы еки қатарлы қосық үлгисинде дөретилген.

*Бердақ қонған жерден ол да дәм татты,*
*Бир көрсем деп гүрсинди ол салмақлы.*

Сондай-ақ, қосық лирикаға онша сыйыса бермейтуғын диалогқа қурылған. Және тәбияттың жансыз қубылыслары самал ҳәм толқын менен сәўбетте болады. Лирик қаҳарман Бердақ шайырдың уллылығын тек сылдыр сөзлер менен емес, ал жаңа форма, таза пикирлер арқалы бериўге умтылады.

*-Тербеме, толқыным, енди тербеме,*
*Самал сыбырлайжақ бирнеңе.*
*-Со сол күнде, со сол күнде, сол күнде...*
*Айт, самалым, сен оларды көрдиң бе?*
*-Көрмек түўе сүйип өттим жүзинен,*
*Қосықларына ядлап алдым өзинен.*
*-Қулпы таслар қойылған ба Бердаққа?*
*Қулағыма сыбырлап өт аўлакта.*
*-Бердақ жазылған соң халық жүрегине,*
*Ондай қулпы тастың...хуў...кереги не?*

Мине, бул лирик қаҳарман менен самалдың өз-ара сәўбети. Шынында да, Бердақтай уллы шайырлар исми халық жүрегине жазылады, олардың уллылығы әсирлер өткен сайын улығлана береди.

Қосықта бир ўақытлары Арал әтирапына қәдеми тийген украин халқының уллы шайыры Т.Г.Шевченко хаққында ой-толғаныслар бар. Бул ой-толғаныслар Бердақтың уллылығын және де толықтырады. Лирик қаҳарман енди Арал толқынларына мүрәжат етеди.



*-Ушырасты ма сирә бул еки шайыр?*
*Айтып бер толқыным, болайын қайыл.*
*-Табыстырды олар көздеги жасты,*
*Сонлықтан да мениң суўларым ашшы.*
*-Көздиң жасы деген сонша болмақ па?*
*-Шайырдың көз жасы аз болармеди?*

Шынында да, шайыр көз жаслары бул пүткил қарақалпақ халқының муңынан, тәғдиринен төгилген көз жас. Бердақ шайыр өз халқының қайғы-хәсиретин, дәртин жүрегине жолдас етти. Буны шайыр өз қосықларында айтып өткен.

*Бердимурат Бердақ болды,*
*Дағын ҳеш ким билген емес.*

Т.Матмуратов шайырдың муңын, оның уллылығын өзгеше поэтикалық усылда жарата алды. Енди не ушын бул қосық дүркинниң қурамына енген? Дүркин "Арал сазлары" деп аталады. Жоқарыдағы айтып өткенимиздей, дүркиндеги қосықлар Аралға байланыслы қандай да бир идеяны береди. Бир ўақытлары Арал әтирапында жасап, теңиз бенен тәғдирлес болған, қарақалпақ халқының уллы шайыры Бердақ ҳаққындағы лирик қаҳарманның ой-толғаныслары дүркинди және де байытады, пикирди тереңлестиреди.

Солай етип, шайырдың "Арал сазлары" дүркинине кирген қосықлар формасы, мазмуны ҳәр қыйлы болғаны менен оларды бир дүркинге жәмлестиретуғын нәрсе Аралға байланыслы болған лирик қаҳарманның ишки дебдиўлери, қатнаслары, психологиялық гүйзелислери яки ҳәзиллери.

Бердақ образы шайырлар сезиминде еле де жаратыла береди. Себеби дүркиндеги поэтикалық қатарларда айтылғандай, уллы шайырлар ҳеш қашан өлмейди.

*Мениң бойларыма шапшыды толқын:*
*-Өлип көрген емес екеўи бир күни.*

**Қайыржан Аралбаев**
**Филология илимлериниң кандидаты, доцент**

## ТУЎЫСҚАНЛЫҚ НӘСИЯТШЫСЫ

Ҳәрбир халықтың миллий мақтанышына айналған ҳасыл гәўҳарлары, алп тулғалары болады. Олар қанша заман өтсе де елиниң есинде, халқының санасында мәңги сақланып қалады. Усындай ардақлы перзентлери арқалы халық өзиниң ким екенин танийды, руўхый байлығын өзиниң усындай перзентлери арқалы өлшеп отырады.

Усындай өз халқының абыройы менен мақтанышына айналған бийик тулғалардың арасында қарақалпақ халқының перзенти, уллы шайыры Бердақ Ғарғабай улының ийелеген орны өзгеше.

Қарақалпақ әдебиятының классиги, уллы реалист шайыр Бердақ тек қарақалпақ халқының ғана емес, пүткил түркий тиллес халықлардың ортақ перзенти, ардақлы шайырына айналғаны ҳақыйқат. Әсиресе, турмысы менен тили бир, тарийхы менен тәғдири ортақ қазақ халқының да қәдирли ақыны болып табылады.

Бердақ жасаған заманда қазақ пенен қарақалпақ халықларының тәғдийр-талайы ортақ болғаны белгили. Әсиресе, Қазақстанның Батыс үлкеси менен Сырдәрья бойындағы халықлардың қарақалпақлар менен тәғдирлес болып, аралас-қуралас жасағаны, шайыр-жыраўларының еки елге тең хызмет еткени белгили. Бердақ өмир сүрген дәўирде қазақ халқының шайыры ҳәм батыры Махамбет Өтемис улы, батыр Сырым Дат улы, шайыр Шернияз Жарылқас улы сыяқлы көплеген өнер шайдалары қарақалпақ елине, Хорезм ойпатына келип паналағаны, бираз өмирин усы жерде өткизгени тарийхтан мәлим.

Сыр бойы әдебиятының ири ўәкиллери Базар жыраў, Қарасақал Еримбет, Турмағамбет Изтилеўов т.б. дөретиўшилигинде Қарақалпақстан темасы гиреўли орын алады.

*Айтқан сөзим қыдырды,*
*Орал менен Торғайды,*
*Хорезм журты хабарлы*
*Шорахан, Төрткүл, Шымбайды,*

- деп Турмағамбет шайыр айтқандай, қазақ ҳәм қарақалпақ әдебиятларының байланысы бурыннан басланып, Бердақ заманында жаңадан даўам еткенлигин көриўге болады. Сыр бойының ири уламасы ҳәм шайыры Турмағамбет Изтилеўов қарақалпақ елин аралап бала оқытқан, қарақалпақтың бирнеше ақын-шайырлары менен таныстып, олардың шығармаларын, әсиресе, Бердақ шығармаларын Сыр бойындағы елге таныстырып-нәсийятлап отырған. Бул ҳаққында шайыр З.Дәўлетбаевтың:

*Көрсең-дағы талай тар жол, тайғақты,*
*Келдиң-дағы Әмиў бойын аралап,*
*Қазақларға жырлап бердиң Бердақты,*

-деген қосық қатарлары да бар.

Бесқала қазақларынан шыққан Сейдәлий Жумабек улы (1817-1928) сыяқлы шайыр-жыраўлар да Бердақ пенен, оның шығармалары менен жақсы таныс болған, өмир бойы ҳүрметлеп өткен.

*"Бердақ халықтың бүлбили*
*Әжинияз жырдың дүлдүли"* – сыяқлы қосық қатарлары- буның айқын дәлийли болып есапланады.

Қазақтың әлим урыўынан шыққан Ақпан жыраў да Бердақ пенен жақсы таныс, сыйлас болған, ҳәттеки сөз жарысына да түскен деген мағлыўматлар да бар. Ақпан жыраўдың толғаўларында қазақлардың патша ҳүкимети езиўине шыдамай Қарақалпақстанға, Хорезмге қарай көшип кетиўи ҳаққында айтылады. Өз халқының тәғдирине, аянышлы өмирине қатты қайғырып қараған Бердақ шығармалары менен Ақпан, Сейдәлий, Жақып т.б. бесқалалы қазақ ақын-жыраўларының шығармашылығында үнлеслик те, жалғаслық та айқын көринип турады.

Бердақ поэзиясының өмиршеңлиги-оның бийик, гуманистлик идеяларында, көркемлик қуўатында ғана емес, бәлким дәўирлик мәниси бар әҳмийетли мәселелерди батыл көтере билиўинде, өз ойын ҳешқандай жасырмастан, ашық ҳәм айқын айта билиўинде болар. Бул жағынан алғанда, Бердақ қарақалпақ әдебиятындағы уллы реалист сүўретши болып табылады. Бердақтың ой-пикирлериндеги батырлығы — тап Сарыарқадағы Абайға да уқсап кетеди. Уллы тулғалар бирин-бири билмесе де, көрмесе де, сол гездеги елдиң жай-күйиндеги, тәғдириндеги уқсаслық-еки уллы шайырды да бирдей дәрежеде толғандырғаны ҳақыйқат.

**Бердақ:**

*Шайыр едим, көзим көргенин жаздым,*
*Көкирегимниң сезип, билгенин жаздым.*
*Заман қыслетинен сарғайдым, аздым*
*Болар ма деп жақты күнлер халық ушын,*-десе,

**Абай:**

*Ызалы жүрек, долы қол,*
*Уўлы сыя, ашшы тил.*
*Не жазып кетсе, жайы сол,*
*Жек көрсеңлер-өзиң бил!*-деп поэзия ушын хан менен қараның, бек пенен гедейдиң бирдей екенин, ҳақыйқый поэзия ҳешкимниң ығына жығылып, жылаўында кетпейтуғынлығын танытады.

Басқасын былай қойғанда, ҳәтте дидактикалық мотивтеги қосықларының өзинен де Бердақ пенен Абай арасындағы ой-пикир сәйкеслигин аңғарыў қыйынға соқпайды.

**Бердақта:**

*Ҳаял алсаң, жақсыны ал,*
*Көп тыңлап, сөзге қулақ сал.*
*Көркин алма, минезин ал*
*Әўели сынап, көргейсиз,*-делинсе,

**Абайда:**

*Биреўди көрки бар деп жақсы көрме,*
*Лапыллақ көрсе қызар нәпсиге ерме...*
*Жасаўлы деп, маллы деп байдан алма,*
*Гедей қызы арзан деп қумарланба,* — деп жуўмақланған.

**Сол тәризли Абай:**

*Өзиңе исен, өзиңди алып шығар,*
*Билимиң менен еңбегиң еки жақлап,* — десе,

**Бердақтағы:**

*Хызметиң менен жетерсең сен муратқа,*
*Еңбегиңди иркип қалма халық ушын,*-деген қатарлар шайырлардағы көзқарастың, ой-сана менен пикирлеўдиң бир жерден шығып турғанлығын көрсетеди.

Қайсы халық болмасын оның әдебиятының қаншалықлы өскени, дүнья жүзлик аренада көриниўи-поэзиясындағы сулыўлық пенен эстетикалық талғамында, поэтикалық сезимниң жанлылығы менен шайырлық мәдениятында деп танылған. Европа әдебиятларындағы



талантлы шайырлар өз талантын алды менен пейзажлық лирикада танытар екен. Тилсим тәбиятқа жан берип сүўретлеў, сөз бенен көркем ҳәм келисимли сүўрет салыў гез келген шайырдың қолынан келе бермейтуғыны белгили, буған тынымсыз излениў, шайырлық қуўат пенен терең ақыл, мәденият керек. Ал Бердақтың бирқатар қосықларында жансызға жан берип сүўретлеў, жанлы пейзаж кең ушырайды. Мысалы:

*Боран қатты улып тур,*
*Керегени түрип тур.*
*Геўдеде бир-ақ үмит тур*
*Биз сорлыға жаз-келер ме?*

ямаса:

*Қызыл тилим болды, айғақ,*
*Аяқ асты жол тайғақ,*
*Суўық қысып, сор қайнап*
*Жадырап бир жаз келер ме,* — деген қатарларда пейзажлық лириканың жақсы үлгилери байқалады. Европа, орыс әдебиятын оқымай-ақ Бердақтың пейзажлық қосықтың айрықша үлгисин жасаған туўма талантттың белгиси.

Бердақ өз шығармаларында қазақ, қарақалпақ халықларының туўысқанлық-дослығын нәсиятлап келгенлигин, оның “Ерназар бий”, “Шежире”, “Еркебай”, сыяқлы көлемли шығармаларынан да анық көриўге болады.. Бердақтаныў саласында хызмет ислеп жүрген әдебиятшылардың айтыўынша, шайырдың “Еркебай” поэмасы-қазақлар турмысынан алып жазылған, көшпели мал баққан халық пенен егинши-дийханлар арасында болған ўақыяларды сүўретлейтуғын дөретпе.

Бердақ творчествосы ҳаққында арнаўлы мақалалар жазып, салмақлы пикирлер айтқан қазақстанлы илимпазлардан Сабира Тойшыбаева, Рахманкул Бердибаев, Нығымет Ғабдуллин ҳ.т.б. исимлерин атап кетиў орынлы. Бул ретте профессор Рахманкул Бердибаевтың: “Бердақты Орта Азия менен Қазақстан әдебиятының ири тулғалары қатарына апаратуғын қәсийет-оның шығармаларының халықлық идеясында, бийик көркемлик сапасында”,-деген пикири шайырға берилген да ҳақыйқат баҳа деп таныўға тийиспиз (Р.Бердибаев,“Достың кемесинде”, Алматы, 1976, 60-б).

Бердақ шығармаларының таңламалы жыйнағы талантлы қазақ ақыны Әбдикәрим Ахметовтың сапалы аўдармасы менен 1974-

жылы “Әмиўдәрья әуендери” деген ат пенен қазақ тилинде басылып шықты. Китапқа профессор Әзиза Нурмаханова жазған алғы сөзде Бердақтың өмири, дөретиўшилиги ҳаққында кең ҳәм қонымлы пикирлер берилгенин айтыўға тийислимиз. 1979-жылы Алматыда шыққан “Қарақалпақ поэзиясының антологиясында” да шайырдың бир топ қосықлары жәрияланды.

Бердақтың бир топ қосықлары ҳәм “Ақмақ патша” шығармасы Ә.Ахметовтың аўдармасы менен жарық көргени айтылды. Әлбетте, Бердақтың әдебий мурасын Орайлық Азия халықлары арасында, пүткил түркий тиллес халықларға кеңнен нәсиятлаў ислери еле де болса кең көлемде жүргизилмей келеди. Шайырдың қазақ тилине аўдарылған дөретпелерин еле де сапа, мазмун жағынан қайта қарап шығыў қәжет. Мысалы, шайырдың “Жақсырақ” атлы классикалық үлгидеги қосығы қазақшасында “Көп артық” болып берилген. Қосықтың соңында:

*“Бердимурат айтар, көре алмай жақты,*
*Өлип кетер болды ашылмай бахты,*
*Бердимурат халықты, халық Бердақты*
*Жалғызындай көрер жаннан жақсырақ.*

-деген бәнт қазақшасында:

*Бердимурат айтар әли талай жыр*
*Ўа, бахытсыз өлип қалмай қалай жүр...*

деп берилген, қосықтың көркемлигине ғана емес идеясына да нуқсан келгени айқын көринеди.

Усы қосықта:

*Ғайры биреўлерди етип қурдасың*
*Жүрме ағызып дилбарыңның көз жасын.*
*Жаман болса да ол өмирлик жолдасың*
*Ўақытша қол берген хүрден жақсырақ.*

-деген бәнт қазақшасында улыўма берилмей қалған.

Қарақалпақ әдебиятының классиги Бердақ Ғарғабай улының шайырлық мийрасының Қазақстанда кеңнен нәсиятланыўы бул айтылғанлар менен шекленип қалмады. Орта мектеплерге арналған



“Түркий тиллес халықлар әдебияты” бағдарламасында қарақалпақ әдебиятына арнаўлы бөлим берилген, онда негизинен Бердақ шығармалары оқытылады.

Сондай-ақ жоқары оқыў орынларының филология факультетлеринде “Түркий тиллес халықлар әдебияты” курсы өтилип, онда қарақалпақ әдебиятының уллы классиги ретинде Бердақ дөретпелерине кең орын берилген.

Уллы бабамыз Бердақ қазақ халқының да қәдирли шайырына айланғаны белгили. Бердаққа арналған қазақ шайырларының өлеңжырларының өзи бир сала, бул мәселе арнаўлы изертлеўди талап ететуғын әҳмийетли темалардың бири деўге болады.

Бердақ туўралы сөзимизди қазақ шайыры Еслам Зикибаевтың:

*Ини тыңлап, аға айтып ақылын,*
*Жаттай сыйлап өскен елмиз жақынын.*
*Бақ күни бир, шадлығы бир ағайын*
*Абай-сенин, Бердақ-менин ақыным,*

-деген өлең қатарлары менен жуўмақлай отырып, уллы бабамыздың асыл мийрасы қарақалпақ ҳәм қазақ халықлары арасындағы туўысқанлық, әдебий-мәдений байланысларды оннан сайын нығайта бериўге хызмет етеди демекшимиз.

**Бахтияр Генжемуратов**
**Филология илимлеринин кандидаты**

## БЕРДАҚ ҚОСЫҚЛАРЫ ҲӘМ ТАРИЙХЫЙ ДЕРЕКЛЕР

Бердақтаныў илиминиң пайда болыўы, қәлиплесиў ҳәм раўажланыўында үлкен үлес қосқан илимпаз Н.Дәўқараев Бердақ дөретиўшилиги туўралы: "Оларды оқыған адамлардың көз алдынан мийнеткеш қарақалпақ халқының басынан өткен, аш-әптадалықтағы аянышлы турмысының жанлы картиналары дизилисип өтеди. Оқыўшы өзин шайыр менен бирге, сол заманлардағы халық турмысына араласып жүргендей сезеди. Бердақтың поэзиясында қарақалпақ халқының экономикалық ҳәм социаллық шараятлары өзиниң айқын сәўлелениўин тапқан"[1],-деп жазған еди. Академик М.К.Нурмухаммедов шайырдың өзи туўралы: "...халық қайғысының жыршысы, ҳәкимлерди ғәзеп пенен әшкаралаўшы, халық ушын шаршамай бахыт излеўши, уллы ерликтиң ҳәм гражданлық батырлықты ийеси, жетик илимпаз, прогрессив ойшыл, билимдан тарийхшы, өз заманының энциклопедиялық билимге ийе жылнамашысы..."[2]-деп баҳа береди. Ал, әдебиятшы-алым И.Сағыйтов Бердақ поэзиясы бойынша: "Бердақ реалист шайыр еди. Ол өз заманындағы аўыр турмыста, қараңғы зулметти шынлық пенен сүўретледи"[3]-деп жазды.

Бердақ устаз-алымларымыз айрықша атап өткениндей, шынында да, "поэзиясында қарақалпақ халқының экономикалық ҳәм социаллық шараятларын айқын сәўлелендириўши", "уллы ерликтиң ҳәм гражданлық батырлықтың ийеси... билимдан тарийхшы", "өз заманындағы аўыр турмысты шынлық пенен сүўретлеген" шайыр еди. Өзи жасап турған замандағы жәмийетлик қубылысларға өзиниң позициясында беккем турып шынлықты жазыў, көркем пикир жүритиў, расгөй болыў-Бердақ дөретиўшилигиндеги баслы кредо болды. "Шайыр болыў-шынлықты жазыў" деген поэтикалық сүрен Бердақ поэзиясының тийкарғы мазмунын қурады. Шайырдың мына поэтикалық қатарлары усы пикирлердиң дурыслығынан гүўалық береди:

*Ҳәсиге кетпейин, тәўбе етейин,*
*Ҳей, ағалар өтирик айтып нетейин.*

"Заманда"

*Шайыр едим көзим көргенин жаздым,*
*Кеўлимниң билим, сезгенин жаздым.*

"Халық ушын"

*Ҳаққа налыш етейин мен,*
*Өтирик сөйлеп нетейин мен.*
*Ҳақ жол менен кетейин мен,*
*Бир имканият излер едим.*

"Излер едим"

Бердақ өз заманындағы ҳәдийселердиң барлығын да тарийхый ўақыялар деп түсинди, ҳәр бир қосығын халқымның тарийхы менен байланыслы шежире деп билди. Сонлықтан:

*Бердимурат мениң өзим,*
*Гиреў тартты еки көзим.*
*Тақыйық шежиредур сөзим,*
*Қәдирим бирақ болған емес.*

-деп жазды "Болған емес" (134-бет) қосығында.

Бердақ дөретиўшилигин тарийхый аспектте үйренген тарийхшы алым М.Тлеўмуратов: "Бердақтың мағлыўматларын жазба ҳәм баспа материаллар менен пухта салыстырып көриўи тарийхшыларға бурын мәлим болмаған XVII-XVIII -әсир ўақыяларының сырын бир қанша ашып береди,[4] деп жазады өз мийнетинде. Бул пикир XIX әсир ушын да, әлбетте, әдебиятшыларға да тийисли. Бердақтың ҳәр бир қосығы қарақалпақ халқының сиясий-экономикалық, социаллық турмысы менен байланыслы. Шайырдың усындай мазмундағы қосықларының бири "Салық" XIX әсирдеги қарақалпақ халқының күтә аўыр турмысын сүўретлейди:

*Былтырғыдан быйыл жаман,*
*Қалай-қалай болды заман,*
*Ғәрип-қәсер қалмай аман,*
*Он тилладан келди салық.*

*Буны салды Нурымбет жан,*
*Буйырды деп, аталық хан.*
*Халықлар поссын деп нешше сан,*
*Он тилладан келди салық.*

1. Коллектив. Бердақ ҳаққында сөз. Әдебий-критикалық мақалалар. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1987, 6-бет.
2. Сонда, 31-бет.
3. Сонда, 34-бет.

4. Коллектив. Бердақ ҳаққында сөз. Әдебий критикалық мақалалар. Нөкис. "Қарақалпақстан" 1987, 180-бет.

Хийўа ханлығындағы салық системасын терең үйренген илимпаз, тарийх илимлериниң докторы М.Й.Йулдошев “Хива хонлигида феодал ер эгалиги ва давлат тузилиши” (ЎзДавнашр, Тошкент, 1959) деген мийнетинде салық тек халықтың төменги қатламына-жарлы-жақыбайларға салынғанлығын айрықша атап өтеди: “...бул салық тек жери аз дийханларға ҳәм ҳәтте жерди ижараға алып ислеп атырған жерсиз дийханларға ғана салынып келген,-деп жазады ол,-Хийўа ханлығындағы мине усындай салық салыў системасы орта ҳәм ири жер ийелерин салықтан пүткиллей азат қылып қойған ҳәм жери аз дийханларды ҳәм және жерди ижараға алып ислеўшилерди пүткиллей ханаўайран қылған еди”.[5]

Салық салыў системасындағы бул тарийхый шынлық Бердақ қосығында өз көринисин тапқан:

*Өндиреди аш халықтан,*
*Жетим жылайды сонлықтан,*
*Бай аман қалды салықтан,*
*Дәхмет төлеў болды салық.*

Орыс алымы О.Шпаский “Амударинские очерки” (Тошкент, 1900) мийнетинде Әмиўдәрьяның төменги жағында жасаўшы халық туўралы былай деп жазған еди: “...ҳәтте 4-5 танап жери болған адамлар тийкарынан қатық ишип күн кешириўге, жалаңаяқ, өрим-өрим кийимлер кийип жүриўге мәжбүр болған”.[6]

Тарийхшы М.Й.Йулдошевтың жазыўынша XIX әсирде Хийўа ханлығында жер салығы тек 11 танапқа шекем жери бар майда жер ийелерине ҳәм ижарашыларға (арендаторларға) салынар еди. Бәрше әмелдар ҳәм руўханый феодаллар салықлардан ҳәм басқа мәжбүриятлардан азат етилген еди. Усындай салық системасы нәтийжесинде барлық аўырманлық тек гедей-кәмбағаллардың желкесине түсер еди.[7]

Қарақалпақ халқының басындағы усындай мусаллатты Бердақ “Салық” қосығында:

*Қуран ашып халықты сорған,*
*Ийшанларға жоқдур салық,*

-деп баян етсе, “Жақсырақ” қосығында:

*Хийўа хан қаст етип, посты, журт қаңғып,*
*Малсыз жарлыларға түсти көп салғырт,*

5. М.Й.Йулдошев. Хива хонлигида феодал ер эгалиги ва давлат тузилиши. Ўзбекистон ССР Давлат нашриёти, Тошкент, 1959, 11-бет.
6. О.Шпаский. Амударинское очерки Тошкент, 1900, стр-179-189.
7. М.Й.Йулдошев. Хива хонлигида феодал ер эгалиги ва давлат тузилиши. ЎзбДавнашр, Тошкент, 76-бет.



— деп халықтың тәғдирине жаны ашып толғанады.

Бердақ сүўретлеген бул көринистиң тарийхый шынлық екенлигине Муравьевтиң “Путешествие в Туркмению и Хиву” мийнетин оқып және де исенимимиз арттады: “Ханның жеринде ислеў ушын бир нешше аўыллардағы сартлар ҳәм қарақалпақларды жортаға көширип, зорлық пенен ханның жерине әкелинген”[8]

Бердақ қосықларын тарийхый ҳүжжетлер менен салыстырып үйренсек күтә қызықлы дереклердиң гүўасы бола беремиз. Шайырдың “Пана бер” қосығында халықтың басына зәўлимлер салған Нияз деген адамның аты айтып өтиледи:

*Қыс, гүз, бәҳәр, қәҳәрли жаз,*
*Халықты қысты залым Нияз.*

Бердақ қосығында сөз еткен бул адамның исми XIX әсирдеги Хийўа ханларының 11 мың бетлик архивинде ушырасады: “Чимбай-бозор ҳақини Муҳаммад Ясовулбоши ва Ниёз девон тўплаганлар, дафтарлари бўлган.

Қорақалпоқлардан ундириладиган закот ҳисобини Жаббор Қули маҳрам ва Паҳлавон Ниёз девон юргизганлар.

Ҳўжа Элида бозор жой ҳақи, ер ҳақи, кафсанни Паҳлавон Ниёз девон тўплаган”[9]

XIX әсир Хийўа ханлары дәўиринде қул сатыў, қул сатып алыў, қул мийнетинен пайдаланыў болған. Пикиримиздиң дәлийли сыпатында Бердақ қосықларынан мысаллар келтиремиз:

*Асан сени сатып алған,*
*Алты қойдур баҳаң сениң.*
*Қашқан жерден тутып берген,*
*Мәмбет қулдур бабаң сениң.*

*Олжа қыздур мамаң нашар,*
*Оннан туўған түбиң қулшар,*
*Қул тұқымы қулға усар,*
*Досым аўсар бабаң сениң.*

(“Болыс болсаң киси жер ең” қосығыннан, 127-128-бет)

Тарийхшы М.Й.Йулдошевтың мийнетинде жазылыўынша Хийўа тарийхшыларының есабына қарағанда Хийўа ханлығында 58500 қул болған. Олардан 1500 қул ханға тийисли екен. 400 ден

8. Н.Н. Муравьев. Путешествие в Туркмению и Хиву, т. 11,стр. 80-81
9. М.И. Йулдошев. Хива хонлигида феодал ер эгалиги ва давлат тузилиши ЎзбДавнашр. Тошкент, 1959, 65-бет.

аслам қул ийелериниң дизими рус әскербасыларының буйрығы менен 1873-жылы дүзилген.[10]

"Пребывание русских войск в Хивинском ханстве в 1873 г. и возвращение их (Рукопись. Ташкент 1883. стр. 21)" деп аталған ҳүжжетте қуллардан мәхремлер де шыққаны, ҳәтте әмеллерге де көтерилгени сөз етиледи. Мәселен, Мәтмурат ҳәм Хожаш мәхрем бурын қул болған.

Бердақтың "Айдос баба" шығармасында Айдос бий Хийўа ханының салық жыйнаўшылары болған метер ҳәм қусбегиге олардың қул екенлигин айтып бетине басады. Олардан өзин үстем қояды:

*-Мут пул керек сендей қулға,*
*Болажақсыз журтқа тулға.*
*Тең жарымын салық пулға,*
*Тең бөл!-деди айдос баба.*

"Мухаммед Мурат мәхрем кейин деўанбаги болған адам. Ол Сейит Мухаммед ханның қулы еди"[11]. Қулдан үлкен әмелге көтерилиў қарақалпақ халқы арасында да болған. Бул туўралы Бердақ "Болыс болсаң киси жереҳ" қосығында "ақсақал" дәрежесине көтерилген Әдил қалмақтың қул екенлигин тәрийплейди:

*Болыс болсаң, киси жерең,*
*Абырой ақсақал болғаның.*
*Баҳаң сениң алтмыш тилла,*
*Пул болурсаң Әдил қалмақ.*

Бердақтың қосықларының барлығы да қарақалпақ халқының тәғдирине, тарийхына тамырласады. Өзбекстан Қаҳарманы Абдулла Арипов Бердақтың 160 жыллық мерекесинде "Мениң қыялымда ҳақыйқый шайыр аққан жулдызға, метеоритке усайды. Метеорит өзи бөлинип шыққан жулдызы ҳаққында хабар бергени сыяқлы шайыр да өз халқының кимлиги туўралы адамзатқа, келешекке хабар жеткереди" деген еди. Бердақ шығармаларын қарақалпақ халқының экономикалық, сиясий, мәдений-социаллық тарийхынан бөлип алып үйрениў мүмкин емес. Бердақ поэзиясын Хийўа ҳәм Қоқан ханлары, Бухара әмирлиги архивлери ҳүжжетлери тийкарында үйрениў шайыр дөретиўшилигиниң және бир қырларын ашады.

---

**10. М.Й.Йулдошев. Хива хонлигида феодал ер эгалиги ва давлат тузилиши. ЎзбДавнашр, Тошкент, 1959, 167-бет.**
**11. Сонда, 43-бет.**



**Зияда Қожықбаева**
**Филология илимлериниң кандидаты**

## БЕРДАҚ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ПУБЛИЦИСТИКАЛЫҚ ПАФОС

Ҳәр бир дәўирдиң өз раўажланыў нызамлықлары бар. Жәмий-
еттеги социаллық ҳәм экономикалық өзгерислер усы
нызамлықларға сәйкес өзгерип турады. Қуллық ҳәм еркинлик,
ашлық ҳәм тоқшылық, әдиллик ҳәм әдилсизлик, теңлик ҳәм
теңсизлик, өлим ҳәм өмир жәмийеттиң бәрқулла тартыслы
мәселелери болып табылады. Усы көзқарастан қарағанда, қарақал-
пақ халқының турмыс шынлығын сөз етиўде халық шайырлары
биринчилерден болып бас көтерген. Сонлықтан илимпазларымыз
XIX әсирдеги халық шайырлары ҳаққында сөз еткенде, "демократ
шайыр" деген терминди көбирек қолланады. Бул дурыс. Өйткени,
олар турмыс теңсизлигине үнсиз көнбеди, керисинше, өз қәлеми
менен, өз шайыршылық жүреги менен гүрести, халық ҳүрметлеген
патриот, ел перзенти болып жетилисти. Усындай шайырлардың
бири-Бердақ Ғарғабай улы. Ол өз дәўириниң алдыңғы ойшылы
еди.

XIX әсир қарақалпақ халқы тарийхында үлкен өзгерислер
дәўири есапланады. Халық еркин жасаўға, жақсы жасаўға умтыл-
ды. 1827, 1855-56, 1858-1859-жыллардағы халық-азатлық
көтерилислериниң тийкарғы мақсети усы болды. Өйткени, халық-
тың басым көпшилигиниң күн көриси оғада төмен болды. Бул
жағдайлар халық арасында бас көтерген өз дәўириниң алдыңғы
уллары есапланған шайырларға аўыр тийди.

Бердақ шайыр халықтың әдиўли перзенти сыпатында дәўир-
диң анық көринисин хатқа туўры салмай тура алмады.

*Бул дүнья қайғы ғәплетти,*
*Адамларды әўере етти,*
*Нешшениң басына жетти,*
*Ҳеш бир әдил болған емес.*

Өз дәўириниң ҳақыйқый жағдайларын, жәмийеттиң, турмыстың, адамлардың хал-аҳўалын шайыр туўры усылай баянлайды. Буны

шайыр дөретиўшилигиндеги публицистикалык пафос деп баҳалаймыз. Өйткени, публицистика- хәр қандай жәмийеттиң реаль көриниси. Тарийхтан мәлим, улыўма адамзаттың кәдирияты тәрипленгенде оның ҳуқықы, еркинлиги, ерикли өмири, өз тәғдирин өзи анықлаў мүмкиншилиги биринши орынға шығады. Мәселен, Американың қәлиплесиў дәўиринде АҚШ тың Еркинлик декларациясының авторы Томас Джефферсон: "Бизге өмир берген жаратыўшы енди бизге еркинликти де саўға етти ",-деп өмир менен еркинликтиң арасына теңлик белгисин қояды.

Солай екен, жәмийеттиң тең салмақлығын белгилеўши бөлеги-әдалатлық идеясы. Өзбекстан Президенти И.Кәримов айтқанындай, "Халық ашаршылыққа шыдаўы мүмкин, лекин әдалатсызлыққа шыдамайды". Бул пикирлердиң қаншелли дурыс екенлигин Бердақ дөретиўшилиги мысалында көриўге болады. Әдалатлық хәм ҳақыйқатлық ушын гүресте ол өзин халық тәрепинде сезди хәм халық атынан сөйледи.

Бердақтың "Салық", "Маған керек", "Халық ушын", "Жақсырақ", "Қашан рәхәтланадурсаң", "Надан болма", "Келин", "Алты қыз", "Балам", "Излер едим", "Әдил қалмақ" хәм басқа да шығармалары өз заманының дәрежеси менен салыстырғанда, жүдә озық идеяға қурылған. "Салық", "Заманда" қосықларындағы ашшы ҳақыйқатлық дәўир нәпесинен дерек береди.

*Былтырғыдан быйыл жаман,*
*Қалай-қалай болды заман,*
*Ғәрийп-қәсер қалмай аман,*
*Он тилладан келди салық.*

*Маған хешгәп ешегим бар,*
*Сатыпберермен бир базар,*
*Әттең жарлы аш Ерназар,*
*Оған қыйын болды салық.*

Бул қосықта келтирилген Ерназар ядтан қосқан образ емес, ол сол дәўирде Бердақ шайыр менен қатар жасаған заманласы.

Жаманлық хәм жақсылықтың, адамлар психологиясындағы оң хәм терис тәреплерин аңлатып турыў Бердақ қосықларының тийкарғы пафосы. Фольклорда хәм классикалық поэзияда жаманлық душпанлықтың, жақсылық, дослықтың тымсалы, образы.



Базыбир шығармаларында Бердақ қызғаншақлық, нәпсиқаўлық, инсапсызлық, яғный шәрият жолын дурыс усламаў сыяқлы толып атырған инсанға, адамыйлыққа жат пазыйлетлердиң хәўиж алып кетиўин өткир сынға алады.

*Сөзин жутып өтирик айтып көрмеген,*
*Нурмураттан бәлким хайўан жақсырақ.*
*Анаў отырыпты Қулмурат Муўса,*
*Кеўили ағармас қырық шайып жуўса.*

*Киси ярына сөз салма,*
*Өз ярыңнан қаладурсаң.*
*Мийнетсиз дүнья излеме,*
*Жанды отқа саладурсаң.*
*Молла Мәмбет суўпы болды,*
*Қыя таслап және жолды.*

Көрип өткенимиздей, Бердак шайыр бул адамлар менен бирге заманлас болған, олардың хеш бирин шайыр ойлап таппаған, реал турмыста болған адамлар, олардың унамсыз тәрепин, заманның әдилсизлигин көре-биле үнсиз отыра алмаған.

Шайыр дөретиўшилигиниң және бир қуnлы тәрепи сонда, сол дәўирде жасаған, ел басқарған бий, болыслар туўралы да жазды. «Айдос баба», «Күлен болыс», «Әдил қалмақ» шығармаларында ел басқарыў сиясатындағы ақсақал, болыс қусаған лаўазымлардың орнын хәм жуўапкершилигин баянлайды, әдиллик тәреплерин жырлайды. Күлен хәм Әдилдиң байлықларын «Сизлерге буны қуда берди»,-дейди.

Халық шайырының дөретпесинде тек ғана көрген-билгенин сүўретлеў, баянлаў менен шекленбейди, ол елдиң раўажланыўы, халықтың гүллениўи ушын әхмийетли нәрселерди алдын-ала болжай алды:

*«Ақылы кәмил, илими зор,*
*Билимли ел болмайды хор».*

*«Жетерсен муратқа хызметлер етсен,*
*Елатын силтесе ғайры елге кетсең».*

*«Жақсы адам жолдаслыққа тақ турар,*
*Жаманлар дарғазап билән тас урар,*
*Жақсы адам жағар шийрин жанына,*
*Жаман адам бояр қызыл қанына..»*

Бундай инсаныйлық пазыйлетлерди үгитлеўде халық шайырының хызмети үлкен. Онын дөретпелери арасында шайырдың жеке образын ушыратамыз. «Жақсырақ» қосығында «Халқымды меннен, мени халықтан бөлеклеўши болмаң, мен-бул халық, халық-бул мен»,-деген образлы жуўмақты береди.

*Бердимурат халықты, халық Бердақты,*
*Жалғызындай көрер жаннан жақсырак».*

*Бай болмадым, жыйнап малды,*
*Бий болмадым, бийлеп елди*

— дейди «Дәўран» қосығында.

Ол халқы бай болып жасаўын, еркин өмир сүриўин әрман етти. Бүгин ол әрман еткен дәўран келип жетти. Оның сөзи бүгинги күни заманагөйлиги менен хәр биримизге таныс, жақын, сырлас. Қарақалпақ филологиясы қәнигелигинде ғана емес, журналистика бөлиминде де шайырдың дөретпелерин жалынлы, публицистикасын арнаўлы үйрениў керек болады.



**Турғанбай Керўенов**

## ӘЖИНИЯЗ ХӘМ БЕРДАҚ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ МИФОЛОГИЯЛЫҚ СЮЖЕТЛЕРДИҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

XIX әсир қарақалпақ шайырларының дөретиўшилигин қаншелли терең изертлеп үйренген сайын, олардың қызықлы мәселелерди ортаға қойғанын көремиз. Усылардан бири усы дәўир шайырларының шығармаларында мифологиялық сюжетлерди хәм образларды қолланыў өзгешеликлери болып табылады. Бул мәселе Ә.Пахратдинов, А.Муртазаев, С.Бахадырова, Қ.Жәримбетов, Ж.Хошниязов, Қ.Юсупов хәм т.б. илимий мийнетлеринде азлы-көпли сөз етилди, бирақ ол қарақалпақ әдебияттаныў илиминде бүгинги күнге шекем арнаўлы изертленген жоқ. Усы мәселе ҳаққында гәп кеткенде оның еле шешилиўи тийис мәселелери бар екени көзге тасланады. Сонлықтан биз мақаламызда бул мәселени XIX әсир қарақалпақ шайырлары Әжинияз, Бердақлардың дөретиўшилиги мысалында талқыға тартып, ол хаққында базыбир пикирлеримизди ортақласпақшымыз.

Әжинияз хәм Бердақтың дөретиўшилигинде қолланылған мифологиялық сюжетлерге нәзер тасլағанда, оларды еки топарға ажыратып, көрсетиў мақул болар еди. Биринshиси, ерте дәўирдеги мифологиялық сюжетлер, ал екиншиси, ислам дини менен байланыслы болған мифологиялық сюжетлер хәм образлар. Усындай типтеги сюжетлер шайырлардың дөретиўшилигинде үлкен орын ийелеген. Себеби, бул шайырлар мифологиялық сюжетлер, образлар арқалы тарийхты, өз заманының, халқының хал-жағдайын объектив жағдайлар менен байланыстырып, халықтың руўхый дүньясын сәўлелендиреди.

Әжинияз хәм Бердақтың шығармаларында қолланылған мифологиялық сюжет хәм образлардың көпшилиги әййемги мифлердиң қатарына киреди. Мәселен, Әжинияз:

*Минәўўәр яратты ай менен күнди,*
*Руўзы шәп дийерлер күн менен түнди,*
*Таўқы ланет шайтан мойнына минди,*
*Анын атын Иблис шайтан демишлер.*

*Дәргаҳынан қуўды жырақ даш болды,*
*Ҳақтың әмири билен бу не иш болды,*
*Адам менен шайтан сонда қас болды,*
*Сол себептен бизге душман демишлер*[1].

-деген шуўмақларында әлемниң пайда болыўы, адамның жаратылыўы, шайтанның адам менен душпанлығы ҳаққындағы этиологиялық миф сюжетлерин келтиреди. Бул түсиниклердиң тийкары әйyемги мифлерге барып тақалады. Оларда дүньяның пайда болыўы, адамның жаратылыўы ҳаққында мынадай мифологиялық сюжетлер сақланып қалған. "Ең биринши суў бар болған, бирақ жер, аспан, ай, күн болмаған екен. Тәңрининң қасында және бир "адам" (шайтан-Т.К.) болып, екеўи суўдың үстинде ушып жүреди екен. Тәңри еле хеш нәрсени жаратпаған ўақытта "адам" самалды пайда етип, Тәңрининң бетине суў сеўеди. Сол ўақытта ол Тәңрининң қудирети менен суўға шөгип кетеди. Сонда ол Тәңриден қутқарыўды илтимас етип сорайды. Сонда Тәңри оған мийрибанлық етип, суўдан алып шығады ҳәм және суўға түсип, топырақ алып шығыўды буйырады. Оның алып шыққан топырағын суўдың үстине шашып, "Жер бол!" деп ҳәмир еткен. Сол ўақытта жер пайда болған. Екинши мәрте суўдан топырақ алдыртқанда, "адам" еки қолына еки қысым топырақ алып шығады ҳәм биреўин Тәңриге берип, екиншисин аўзына салған. Тәңри буны билип, оны жерге шаштыртқан екен, сол ўақытта кишкентай төбешиклер пайда болған. Сонлықтан Тәңрининң қасындағы "адам" Тәңриге душпанлық ете баслаған. Сонда Тәңри оны қасынан қуўып, оған "Эрлук курмус" яғный "шайтан" -деп ат берген[2].

Усындай сюжетти Бердақтың "Хорезм" дәстанында да көриўге болады. Мәселен:

*Ҳахи әшкар, ҳахи пинҳан,*
*Йоқдан бар әйледи субҳан,*
*Қудрәт билән йеру асман,*
*Бәрче йулдузлар зийнәти.*

*Тофрақдын йаратды инсан,*
*Ана берди жисм илә жан.*

1. Әжинияз. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1975, 182-бет
2. Ўзбек мумтоз адабиёти намуналари. 1 жилд. Тошкент, "Фан", 2003, 10-12-14-15-бетлер



*Кимсә кәфир, ким мусылман,*
*Бәри адамның фәрзәнди*[3].

Бул шуўмақларда да қудирети күшлининң ҳәмири менен әлемнин пайда болыўы, соңынан адамның жаратылыўы ҳаққында айтылады. Қосықтың кейинги бәнтине итибар берейик. Онда адамның топырақтан жаратылыў сюжетлери де келтирилген. Мәселен, Бердақ: "Жоқтан бар әйледи субҳан", "Тофрақдын йаратды инсан, Аңа берди жисм илә жан" -деп жазса, ал, Әжинияз:

*Қудирети күшлидир не қылса субҳан,*
*Көптен соң жаратты топырақтан инсан,*
*Кими кәпир болды, кими мусылман*
*Бәршениң атасы адам демишлер.*

-деп, әйyемги мифлерде сақланған мынадай сюжетти келтиреди. Ол сюжет төмендегидей мотивте бизге дейин жетип келген:

"Жаўыннан жыйналған селлер Қаратоғшы деген бир таўдағы үңгирге ылайды айдап әкеледи ҳәм бул ылайларды адам формасына уқсаған жарықларға төккен. Суў менен топырақ бираз ўақыт бул жерде қалады ҳәм саратанда күн, суў ҳәм топырақ сол нәрсени қыздырып писиреди. Усы үш элементтен пайда болған бул заттың үстинен тоғыз ай самал еседи. Соннан кейин төрт элемент бирлесип, тоғыз айдан кейин бул жаратылған нәрседен инсан формасында бир мақлуқ пайда болады. Бул инсанға түрк тилинде "Ай Атам" ("Ай Ата") деп ат берген. Және оның қасында ҳаял кисиге "Айва" деп ат берген. Бул "Ай жүзли" деген мәнисти билдиреди екен. Мине, Тәңри олардың жисмине жан бағышлайды[3]".

Усылардан белгили болғаны сыяқлы, адамның жаратылыўы да тәбият пенен байланыслы деген түсиник исламға шекемги мифологияда сақланып қалған. Қашан да адам санасы раўажланыўбасқышына түскенде, олар тәбият пенен теңбе-теңликте болып, кейин ала әлемди пайда еткен, жаратқан жанлы нәрсе деп түсинген. Бул фетишизм, тотемизм мифлеринен қалған излер болса, ал, зардуштийликке келип отқа, күнге, айға ҳәм т.б. сыйыныў түсиниги пайда болған. Сондай-ақ, әлемди пайда еткен Ахура-Мазда деп түсинилген.

3. Бердақ. Сайланды шығармалары. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1997, 163-бет.

Мине, шайырларымыздың усындай мифологияны, сюжетлерди пайдаланыўдағы баслы мақсети олар адамның келип шығыўы ҳаққында, олардың шежирелери ҳаққында еситкен, билген затларын көркем образлар менен айтпақшы болады. Сонлықтан, еки щайырымыздың пайдаланған мифлеринде белгили дәрежеде сюжетлик уқсаслықлар көзге тасланады. Деген менен, еки шайырдың хәр бири өз ой-пикирлерин бериўде, өзлериниң идеясын сәўлелендириў ушын өзлеринше жол таңлап жоқарыдағыдай мифологиялық сюжетлерди қолланған. Мәселен, Бердақ Хорезмниң муқаддес зәмийн екенин, ол жерде кәмил инсанлардың жасап өткенлигин мақтаныш етеди ҳәм бул жердеги ханлардың, батырлардың ҳәм т.б. шежиресин жазыўды мақсет етеди, ал, Әжинияз адамның келип шығыўы ҳаққындағы шежирени жазып, адамның бул дүньяда мәңгилик емес екенин, бул дүньяның паний дүнья (өткинши дүнья) екенин айтпақшы болады.

Әжинияз "Демшилер" шығармасында адамның пайда болыўына шекемги дәўирлерди қосықтың басында келтиреди, ал Бердақ өзиниң "Шежире" дәстанында ислам динин биринши айтып, шежирени Муҳаммед пайғамбардан баслап кетеди.

Жуўмақлап айтқанымызда, Әжинияз ҳәм Бердақ өзлериниң шығармаларында этиологиялық мифлерди көркем сүўретлеп, барлық адамзаттың төркини бир екенин ҳәм оның жаратылыўы, әлемниң пайда болыўы да Алланың қудиретиниң күши менен байланыслы екенин баян етеди. Шайырлардың дөретиўшилигинде қолланылған усындай мифологиялық сюжетлердиң қолланылыў өзгешеликлери мәселесин еле де тереңирек изертлеў зәрүр.



**Бахыт Қощанов**

**Тарийх илимлериниң докторы, ҚМУ ниң тарийх ҳәм археология кафедрасы профессоры**

## БЕРДАҚТЫҢ "ШЕЖИРЕ" ШЫҒАРМАСЫ — ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТШИЛИГИ ТАРИЙХЫ БОЙЫНША ТАРИЙХЫЙ ДЕРЕК

Ҳәр бир халықтың өзиниң тарийхы бар. Сонлықтанда ғәрезсизликке ерискеннен кейинги дәўирде қарақалпақ халқының да келип шығыў тарийхы, ата журтын анықлаўға қызығыўшылығы артпақта. Қарақалпақлардың этногенези, қарақалпақ атамасының келип шығыўы, мәмлекетшиликтиң қәлиплесиўи мәселесинде илимпазлар хәр қыйлы пикирлерге ийе екенлиги мәлим. Түркиялы алым Зия Куртер қарақалпақлардың тарийхы туўралы китабында қарақалпақлар моңғоллар жаўлап алмастан бурын, яғный X-XI әсирлерде халық болып қәлиплескен, V-VI әсирлерде мәмлекетлигине ийе болған деген мағлыўматларды кең журтшылыққа жәрия етти. Бул жаңа мағлыўматлар қарақалпақлар Орайлық Азияның ең әййемги халықларының бири екенлигин, мәмлекетшилик тарийхының, руўхый ҳәм тарийхый мийрасларымыздың ерте дәўирге барып тақалатуғынын көрсетеди.

С.П.Толстовтың пикири бойынша шығыс печенеглерди олардың бас кийимине қарай, "қарақалпақлар" деп биринши гезекте қыпшақлар атаған. Бердақтың шежиресинде де:

*"Мәликтиң улы Разы ҳақ,*
*Жаслығында қойды ғулпақ,*
*Кийген екен қарақалпақ,*
*Соннан қалпақ болған екен",* — деген қатарлар бар.

Демек қарақалпақлар өзиниң ҳәзирги атамасын өзлериниң ата журтында, Арал ҳәм Әмиўдәрья бойларында XI әсирлерде-ақ алған.

Қарақалпақлар XV әсирдиң екинши ярымынан XVI әсирдиң екинши ярымына дейин Ноғай ханлығының қурамында болады. Қарақалпақлардың аңызларында Арал, Әмиўдәрья бойларында ҳәм Ноғайлар менен бирге жасағанлығы туўралы да әңгиме етиледи. Қарақалпақ фольклорында Едил (Волга), Жайық (Урал), белгили Ноғай ханлары ҳәм мырзалары Едиге, Орысбий, Орманбет бийлерге

байланыслы жырлар хәм ертеклер көп ушырасады. Усы дәуирде, яғный XV-XVI әсирлерде қарақалпақ улысы дүзиледи. XV-XVI әсирлердиң арасында қарақалпақлардың тили хәм мәдениятының тийкарғы белгилери қәлиплеседи.

XVI әсирдиң екинши ярымында Едил бойларындағы, ноғай ханлығындағы қарақалпақлардың тийкарғы бөлеги өзлериниң бурынғы ата журты Әмиўдәрья бойларына бара алмай, Сырдәрья бойларына келеди. Себеби бул дәўирде Әмиўдәрьяның төменги жағында суўсызлық еди. Бул жағдай XVII әсирдиң басларына дейин даўам етеди. Бердак "Шежире" шығармасында:

*Қарақалпақ хәм халық инсан,*
*Хәр нешик дини мусылман,*
*Ата журтыдур Түркстан,*
*Түркстанға барған екен,*- деп жазады.

Сырдәрья бойларындағы қарақалпақлар XVI әсирдиң екинши ярымынан, XVIII әсирдиң екинши ярымына дейин Аралдың күн шығыс жағаларынан Сырдәрьяны бойлап Түркстан қаласына дейинги аралықта жайласқан.

Қарақалпақлар буннан кейин де Түркстанда үш, Хорезмде бес ханына ийе болды. Бирақ бул дәўирлер еле де жетерли изертленген емес.

Абулхайыр ханның қарақалпақларға топылысы олардың Жанадәрья бойларына өтиўин тезлетти. 1746-1747-жыллардың қыс айларында қарақалпақлар тағы да Орта жүздиң султаны Абылайдың топылысына ушырайды. XVIII әсирдиң 60-жыллларында Султан Ералының қараўындағы казак феодаллары қарақалпакларға жийи-жийи топылыс жасап турды. Усы топылысларлың салдарынан қарақалпақлар биротала Сырдәрьяның бойларын таслап, Жаңадәрья бойларына өтиўге мәжбүр болды.

*Үш жүз қырық жыл Түркстанды жайлады,*
*Не батырлар халықты шығып қорғады,*
*Ақырында ол да жайлаў болмады,*
*Хорезмге көшер болды қарақалпақ.*

XIX әсирдиң басында Хийўа ханлығы Қубла Арал халықларын жаўлап алып, биротала өзине бағындырады. Соның ушын қарақалпақлар XIX әсирде бийкар етилген мәмлекетшилигин



тиклеў ушын хәрекет етеди. Бул ўақыятда олардың ишинен еки үлкен тулға көзге түседи, олар Айдос бий хәм Ерназар бий.

Хийўа ханы Мухаммед Рахим хан (1806—1825) қарақалпақлардың талап етиўи бойынша 1810-жыллардан баслап, оларға өзин-өзлери басқарыў тәртибин орнатып, елдиң басшысы етип Айдос бийди қояды. Мухаммед Рахим хан дәўиринде Айдос бий Бердақ бабамыз айтқанындай "Шерик қылмай бир бенденi, Хийўада ханнан өзгени" қарақалпақ журтын басқарды:

*Майлы шеңгел шегара,*
*Бержағын Айдос сорады,*
*Ханға хақын бермеди,*
*Өзинен мәрт көрмеди.*

Айдос бий қарақалпақларды 1825-жылға дейин, яғный Мухаммед Рахим хан қазаланғанға дейин басқарып, ярым хан сыпатында мәмлекетлик тәртип орнатады. Кейин Аллақулы (1825-1842), Мухаммед Амин хан (1845-1855) қарақалпақларға мәмлекетшилик хуқықын бермейди.

Жуўмақлап айтқанда, Бердақтың "Шежире" шығармасы басқа тарийхый қосықлар менен бирликте қарақалпақ мәмлекетшилиги тарийхы бойынша бахалы тарийхый дерек есапланады.

**Мақсуд Якубов**
**Философия илимлеринин кандидаты, Бердақ атындағы ҚМУ ниң жәмийетлик пәнлер кафедрасы доценти, Қарақалпақстан Республикасы халық муғаллими**

## БЕРДАҚТЫҢ СОЦИАЛЛЫҚ ФИЛОСОФИЯСЫНДА АЗАТЛЫҚ ҲӘМ ҒӘРЕЗСИЗЛИК ИДЕЯЛАРЫ

Бердақ Ғарғабай улы уллы шайыр болыўы менен бирге, өз заманының толқынландырған жәмийетлик-сиясий қубылыслары туўралы, терең ой-пикирлерди ҳәм болжаўларды ортаға қойған философ, данышпан ойшыл сыпатында да өшпес из қалдырды. Әййемги Рим философы Лукреций Кар, немец ойшылы Гёте, бабамыз Абу Али Ибн Сина ҳәм басқаларға усап Бердақ өзиниң философиялық идеяларын поэзия тили менен баян еткен. Бердақ дүньяға көз-қарасының қәлиплесиўине исламдағы суфизм (тәсәўўип) философиясының тәсири күшли болған. Оның шығармаларында әдалатсызлық, әдепсизлик, нәпсиқаўлық, инсапсызлық, басқаның ҳақысын жеў, теңсизлик қатаң түрде қараланады. Инсанға ҳүрмет, азатлық, теңлик, социаллық әдалат, тынышлық, миллий татыўлық, еркин мийнет, шаңарақтың беккемлиги ҳәм муқаддеслиги, ата-анаға муҳаббат, жаслар тәрбиясы идеялары Бердақ дөретиўшилигинде орайлық орынларды ийелейди.

Бердақ ўатан сүйиўшилик сезимин уллы инсаный пазыйлет сыпатында баҳалайды. Ўатанға хызмет етиў, халықтың бахты ушын гүресиў, өзиниң мәпинди халық мәпи менен үйлестириў ҳәр бир азаматтың ўазыйпасы деп биледи. Шайыр жасларға "Жигит болсаң арыслан дай туўылған, хызмет еткил удайына халық ушын" деп нәсият етеди. Инсан өз ўатанында ғана бахытлы болыўы мүмкин, сонлықтан "султан болма ғайры елде, шопан бол туўған жериңде", өйткени "Атадан алтаў туўсаң да, ўатаныңа жалғызсаң", сеннен ел-халқың көп жақсы ислерди үмит етеди, сени перзентим деп ардақлайды. Бердақ "Жақсырақ" қосығында ҳәр бир ел перзентиниң ўатан алдындағы миннетин жоқары шеберлик пенен төмендегише баҳалайды:

*Жумыс исле, туўылған соң ел ушын,*
*Жаныңды аяма елде ер ушын,*
*Киндиктен қан тамып туўған жер ушын,*
*Өлип кеткениңше хызмет жақсырақ.*



Бердақ барлық шығармаларында адамларды ҳадаллық пенен жасаўға шақырады, еркин мийнетти, мийнеткеш инсанды улығлайды. Оның пикиринше, өз еркиң менен жумыс ислеп, мийнет етип, қолыңды қабартып таўып жеген "Бир зағараң палдан жақсырақ". Бердақ мийнет процессиниң инсан ҳәм жәмийет ушын әҳмийетин дурыс баҳалайды. Мийнетсиз дүнья-мал табыўға умтылыў адамды жақсылыққа алып бармайды, керисинше ол жаныңды отқа таслаў менен бара-бар болған қыйыншылықларға, хүжданның қыйналыўына алып келеди. Бердақтың "Қашан рәҳәтланадурсаң" атлы қосығында "талап ислеп тап дүньяны, сүттен ақдур билсең аны" деген нәсияты барлық заманда да, әсиресе ҳәзирги базар экономикасына өтиў дәўири ушын оғада әҳмийетли болған мораллық императив-орынланыўы шәрт болған көрсетпе болып табылады.

Бердақ "Келин", "Ойланба", "Халық ушын", "Рәўшан", "Ақмақ патша" атлы ҳәм басқа да қосық және дәстанларында ҳаял-қызлардың жәмийеттеги роли, олардың ерлер менен теңлиги мәселесин ортаға қояды. Олардың гөззаллығын ҳәм ержүреклигин сәўлелендиреди, "қыз-жуўанлар сүйгенине" кете алмайтуғын қараңғы қаплаған заманды нәлетледи, "Шадланысып тойлар тойлап, ҳаялыў-ер күндей жайнап" жаснайтуғын күнлерди әрман етеди. Бердақ дөретпелеринде халықлар дослығы идеясы айрықша сөз етиледи. Ол басқа халықлардың атақлы ойшылларын, мәселен, Аристотель, Платон, Наўайы, Фирдаўсий, Мақтумқулы, Бедил, Аттар, Жамий ҳәм басқаларды ҳүрмет пенен тилге алады. Халықлар арасындағы рууҳый ҳәм экономикалық байланыслардың ҳәмме ушын пайдалы, зәрүр екенин дурыс түсинди. Бердақ "Шежире" дәстанында түркий халықлардың, атап айтқанда қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркмен халықларының түбиниң бирлигин, қаналаслығын, дослығын, туўысқанлығын күтә исенимли баянлады. Дәстанның дәслепки бетлеринде қарақалпақ-өзбек-түркмен байланысларының аңызларға тийкарласа да соншелли исенимли сүўретлениўи адамды таң қалдырды. Дәстан дослықты беккемлеўге, қарым-қатнасты күшейтиўге, аўызбиршиликке шақырады. "Бул идея Бердақты Орта Азия ҳәм пүткил Шығыстың биринши ҳәм ири ойшылларының қатарына шығарады, өйткени бул идеяны басқалардың дөретиўшилик мийрасында ушыратпаймыз, ал бул жағдай қарақалпақ ойшылын көрнекли халық дослығының жыршысы сыпатында даңқын шығарады" — деген профессор К. Хужайбергеновтың жуўмағы толық қоллап-қуўатлаўға ылайық.

Бердақ барлық халықлар, миллетлер динине, рассасына қарамастан инсан сыпатында бир-бири менен тең, бәри де хүрметке ылайық деген позицияда турған, диний бауыры кеңлик (толерантлық) идеясын жырлаған. "Хорезм" дәстанында "кимса кәфир, ким мусылман, бәри адамның фарзанди" - деп тастыйықлайды уллы шайыр. Бул пикир бүгинги күнде миллий ғәрезсизлик идеологиясының тийкарғы идеяларынан бири екенин хәммемиз билемиз.

Бердақ өз шығармаларында сол дәуирде болып атырған жәмийеттеги сиясий процесслерди терең сәулелендирди, адамлар тәғдири ушын оғада әхмийетли проблемаларды ортаға қойды хәм олардың өз түсинигиндеги шешимин көркем образлық формада баян етти, бул мәселелерди түсиниуде тәсәууиф философиясының басқа уәкиллеринен оғада алға кетти, олар қол урмаған, бирақ дәуир талап етип турған социал-сиясий мәселелерди көтерип шықты. Шайыр-философ өзи жасап турған жәмийетлик дүзимди "заман" түсиниги менен белгилеп, оның адамгершиликке жат тәреплерин хәм терең ишки қарсылықларын ашып таслады, оны жат қосымталарсыз, дәл өзи қандай болса сол тәризде сүуретледи. Бул хаққында шайыр былай дейди:

*Шайыр едим, көзим көргенин жаздым,*
*Көкирегимниң сезип билгенин жаздым,*
*Заман кыслетинен сарғайдым-аздым,*
*Болар ма деп жақты күнлер халық ушын.*

Бердақ жәмийеттеги жантүршигерлик теңсизликке, әдилсизликке заман, оның сиясий системасы айыпкер деп есаплаған. Ойшылдың пикиринше, бул заман қайғылы, аласатлы, оны қара думан қаплаған, ол жылдан-жылға жаман болып бармақта, ол бузылған, "кепин тауып өлсе ата-анаңыз, шүкирлик әйлерсең бундай заманда". Бердақ бул заманның қатанлығын, инсанды қорлап атырғанын көрип, күйингенинен "ишим жанып болды түтин",- деп жазды. Ел-халқына шексиз азаплар берип атырған бул заманнан оғада кеули қалып, атақлы шайыр Насимийдиң "маған сыйар еки әлем, мен бул әлемге сыймасман"-деген өткир сөзли, терең мәнисли пикирин қайталап, "Көринди" қосығында "Жер бети аядай маған көринди"-деп толғанады. "Маған керек" қосығында "менин мүсәпир халқыма, жайнап жасңар заман керек", -деп қудайға налыш етеди. Шайыр "Көринди", "Заман" қосықларында халықтын көрип атырған жәбир-жапасын жалынлы сөзлер менен сүуретлейди:



*Залым қысым етер халқыма сансыз,*
*Жүзинде нуры жоқ гилең иймансыз,*
*Мөхмин қуллар отыр телмирип нансыз,*
*Жоқшылық жәбири өтти заманда.*

*Әдалат жоқ беги, патша ханларда,*
*Хош кеуил жоқ, пақыр инсанда,*
*Бизлер келген бул уапасыз дүньяда,*
*Хәммеси көзиме ялған көринди.*

Бердақ "Пана бер" қосығында күн-күннен жаманласып баратырған бул заманда жасаудың шыдап болмас дәрежеде қыйынласқанын айтып Алладан пана сорайды, бахытлы турмыс қурыу жолын көрсетиуге уқыплы басшыларды бериуди өтинеди:

*Бенде едик шубхәсиз хақ,*
*Биздей сорлыға бергил бақ,*
*Посар болды қарақалпақ,*
*Халыққа ақыллы-дана бер.*

Ойшыл "Болған емес" қосығында, "Рәушан" поэмасында хәм басқа шығармаларында заманның бели бузылып турғанын көрсетиу менен бирге, "Әдил заман келерме екен" деп налыш етеди, ерлер хәм хаял-қызлар бирдей күлип-ойнап, шадланысып жасайтуғын "шырақ шалқып жанатуғын" күнлерди әрман етеди. Бердақтың өз заманының кемшиликлерин қалдырмастан ашық түрде айтыуы шын мәнисинде шайырлық хәм қахарманлық еди.

Бердақ заманның иллетлерин, жарамсыз тәреплерин тәсәууиф философиясы тили менен көрсетип ғана қоймастан, ал оны жақсысы менен өзгертиу, инсаныйластырыу проблемасын ортаға қояды. Усы уақытқа шекем бир жарамсыз жәмийетлик системаны хеш ким дурыслы өзгерте алған емес, ол хәдден асып адамларды хор-зар қылды, "Болған емес" те көрсетилгениндей, "ғәриплердиң кеули тасып, хеш уақ шағлап жүрген емес", керисинше, бул заман "Лашынға қурған тор болды, торды хеш ким үзген емес". Халықтың мұнын мунлаған ойшыл Бердақ адамларды қуллық халында услап турған шырмаласқан торды-әдалатсыз сиясий системаны бузыуды, қыйратыуды, оның орнына инсанларға еркинлик, теңлик, бахыт беретуғын жәмийетлик қатнасларды орнатыуды күн тәртибине қояды. Бердақ бул уазыйпаның оғада жууапкерли, қурамалы, қыйын екенин түсине отырып, оған ерисиу жоллары хаққында толғанады, оны әмелге асы-

рыўдың реал мүмкиншиликлерин излейди. Бердақтың пикиринше, бәринен бурын елге халықтың ғамын ойлайтуғын, халықтың пәраўанлығын, еркинлигин тәмийинлейтуғын әдалатлы, мәрийпетли патша, инсаплы әмелдарлар керек. Президентимиз Ислам Кәримовтың атап көрсеткениндей, әдил хүкимдар, әдалатлы басшы идеясы Фарабийден тартып Әлишер Наўайыға шекем ҳәм басқа да көплеген ойшыллардың уллы руўхый идеалы болып келген. Бул сөзлер бабамыз Бердаққа да тийисли. Бердақ "Ким айтар" қосығында Фарабий ҳәм Наўайы изинен жүрип хүкимдарларға зәрүр болған түрли пазыйлетлер туўралы сөз етеди, оларды әдалатқа, халыққа ғамхорлық етиўге шақырады:

*Халыққа нәзер салмаса,*
*Бостанлық, жайлық қылмаса,*
*Әдил болып сорамаса,*
*Оны патша деп ким айтар.*

Шайыр-ойшыл басшыларды, жаўызларды жазалаў, "Ҳәммени бирдей көриўге", султанларды жылағанларды жубатыўға, "халықтың татқанын татып" жасаўға, төрелерди "туўры төрелик етиўге" шақырды. "Маған керек" қосығында ел-халықты муңайтпаған, пақырларға саясын салған, тақырға суўлар шығарған, мүсәпирлерге қайырхомлық еткен ғайратлы басшылардың зәрүрлигин айтады.

Бердақтың турмыслық тәжирийбеси, халық турмысын гүзетиўи, сиясий процесслерди объектив анализлей алыўы оны өмирининң ақырғы гезлеринде хүкимдарлардан пүткиллей наразы қылды. 1900-жылы жазылған "Болған емес" қосығында "бул дүнья-дүнья болғалы, патша әдил болған емес",- деген жуўмақ шығарыўға мәжбүр болады. Патшалар сиясатын мақтап, қәсийдалар битип жүрген жалпылдақ шайырлар реал аўҳалды ҳеш қашан дурыс айтқан емес, деп қыйналады. "Ақмақ патша" дәстанында патша халыққа ҳәдден асқан зулымлық етсе, шайырдың образлы тили менен айтқанда "ақмақ патшаға" айланса, онда оны күш пенен қулатыў керек, деген сиясий - философиялық ой жуўмағын шығарады. Халық биригип, "даўылдай қозғалып" патшаға қарсы қураллы көтерилис жасаўға, ақмақ патшаны жоқ етип, халық өзи гөзлеген әдалатлы хәкимиятты, көпшиликтиң қәлеўин әмелге асыратуғын дүзимди, илимий тил менен айтқанда демократиялық, әдалатқа тийкарланған жәмийетлик системаны орнатыўға ҳақысы бар, бул инсанлардың тәбийғый хуқықы, деген идеяны көркем образлық усыл менен ортаға қойды. Бул терең мазмунлы жуўмақ Бердақтың



жәмийетлик-сиясий процесслерди терең түсинген, тәсәўўиф философиясының ўәкиллеринен ғана емес, улыўма өз заманласларынан алға кеткен ойшыл екенин көрсетти. Белгили алым, академик В. Ю. Заҳидовтың тастыйықлаўынша, "бул XIX әсир қарақалпақ әдебияты ҳәм жәмийетшилигиниң санасында ғана емес, дерлик гүлли Шығыс әдебияты ҳәм жәмийетлик сезиминде еле жоқ, өрис алмаған ўақыялар еди". Тап усындай тақылетте Бердақтың бул идеясын профессор К.Худайбергенов ҳәм академик Б. Назаровларда жоқары баҳалаған.

Бердақ шығармаларында азатлыққа шығыўдың басқа да қан төгиўлерсиз әмелге асырылатуғын жолы да усынылады. Атап айтқанда, шайырдың айтыўынша жетпис үш жасында жазған "Хорезм" дәстанында Россия патшалығының қүдиретин, үлкедеги колониялық дүзимниң әскерий жақтан көплилигин, азатлық ҳәрекетлерининң (Мәселен, Гөклен батыр басшылығындағы ҳәм Таллық болыслығындағы көтерилислери) жеңилиске ушыраўын есапқа алып, Бердақ азатлық ҳәм әдалатлы жәмийет ушын қан төкпеўшилик күшке қарсы күш ислетпеўшилик жолына, колониялық басқарыў системасына байкот жәриялаў, онын хызметин етпеў арқалы үстемлик етиўши ҳәкимиятты азатлық бериўге мәжбүр етиў жолын таңлайды:

*Туғры, туғры, туғры сөзлә,*
*Дийн исламның йолын гөзлә,*
*Рызқынны хақдын излә,*
*Етмә кәфирнин хызмәтин.*

Бундай күш ислетпеслик арқалы азатлыққа умтылыў тәсәўўиф философиясы менен үнлес екени даўсыз. Бирақ бул шайырдың егер оң жүзинди урса, шеп жүзинди де тут, дегени емес, ол азатлыққа келисимлер, өз-ара шегиниўлер, компромиске келиў арқалы ерисиў лазым дегенин аңлатады. ХХ әсирде Ҳиндистанда кеңнен таралған Махатма Ганди тәрепинен дөретилип гандизм деп аталатуғын усындай идея халықты марипий жол менен, сиясатты әдеп-икрамлылық пенен үйлестире отырып, күш ислетпеслик принципин қолланыў арқалы миллий ғәрезсизликке алып келди.

Бердақтың философиялық, жәмийетлик-сиясий көзқарасларын белгилеўде оның "Хорезм" дәстаны оғада әхмийетли дәрек болып табылады, бирақ хәр қыйлы себеплер менен ондағы идеялар бердақтаныў бойынша әдебиятта тийисли орын ала алмай келди. Бердақ бул шығармада халқымыздың әзелий

мурат-мақсети-ғәрезсиз, азат, абат ел болып жасаў идеясын орайлық проблема етип ортаға қояды.

Ата-бабаларымыз тарийхта ғәрезсиз ел болып жасаған, оннан талай рет ажыралып та қалған, оны қайтадан қолға киритиў ушын аяўсыз гүрес алып барған. Бердақ "Хорезм" дәстанында шет ел басқыншылықларының узақ даўам еткенлеринен үшеўин көрсетеди: бул-Искәндәр (Александр Македонский) басшылығындағы греклердиң басып алыўы; бул шайырдың қәҳәрли сөзлери менен айтқанда "Бәдбахт аләйхил ләънәти (Алланың ғарғысына ушыраған бахты қара) Чингиздин йуртни хараб қылыўы; бул - патша Россиясының Орайлық Азияны, соның ишинде Қарақалпақстан ҳәм Хорезмди басып алып, өзинин колониясына айландырыўы. Бердақ 1873-жылдан 1900-жыллар аралығында колониялық дүзимниң жүргизген сиясатын өз көзи менен көрген. Гейпара унамлы ислердиң (мәселен, жергиликли басшыларды сайлаў, орыс-тузем мектеплериниң ҳәм медпунктлердиң ашылыўы) болғанын мақуллаған. Бирақ Бердақ колониялық дүзимниң халықтың турмыс дәрежесин, руўхый ҳәм экономикалық аўҳалын жақсылаў ушын дерлик ҳеш нәрсе ислемегенин анық көрди. Усының нәтийжеси сыпатында 1900-жылы Бердақтың жоқарыда аты бир неше рет аталған "Болған емес" қосығы ҳәм "Хорезм" дәстаны жүзеге келди. Бул жерде соны атап өтиў орынлы, Бердақ ҳәм басқа атақлы қарақалпақ ойшыллары патша Россиясының басып алыўын мақтап одалар жазған емес, бунық өзи Орайлық Азиянын, соның ишинде Қарақалпақстанның Россияға қосылыўын халықтың күнлеўиниң әмелге асыўы болды деп, оны аўқам дәўиринде көклерге көтерип мақтаўлардың жөнсиз болғанын, ҳақыйқатында надурыс, өтирик екениниң дәлили болып табылады. Колониялық системаны "Болған емес"те еркин жасаўы керек болған адамларды-лашынларды қуллықта услап турған тор деп сүўретлейди. Усы дәўирдеги өмирин көркем образлы баянлап, "таўдан ушқан бүркит болдым, қонар төбем болған емес", "шошқа түйип түйнегимди, урқаным жайдырған емес", "қаршыға болдым, қорықтым, томағам болды, торықтым, тастай түнекке жолықтым...", "Еситтим Әжинияздың сөзин, Олар ҳәм шад болған емес" деп толғанады уллы ойшыл.

Бердақтың көрсетиўинше патша Россиясының басып алыўы ақыбетинде халқымыз азатлығынан айрылды, көзинин жасын төгип басқыншыларға жизья - салық төлеўге мәжбур болды. Шайырдың пикиринше, ең қәўиплиси басқыншылардың колониялық сиясаты нәтийжесинде мәдений колониализм, мәдений экспансия әмелге



асады, ҳәр қыйлы көринер-көринбес жоллар менен өзге журт қәдириятлары, жасаў, ойлаў, сөйлеў усыллары кире баслайды, миллий қәдириятларымыз, руўхыйлығымыз сөнип барады, турмыс тәрзимиз, үрп-әдетлеримиз өзгереди, ойшылдың образлы сөзлери менен айтқанда гәўҳардай қәдириятларымызды унамсыз мыс зәңи әсте-әсте буза баслайды:

*Кеттилар шахы жам-жами*
*Алурлар сени кам-ками*
*Гаўҳарға урар мыс заңи*
*Урар сағa кәйфийаты*

Бердақ - оптимист ойшыл, келешекке үмит пенен қарайды. Ол халқымыз азат болады, ғәрезсизликке ериседи, динимиз қайта тикленеди, журт абат болады деп толық исенеди. Ҳақтың инаяты менен мусылманларға азатлық бериледи, Қарақалпақстан ҳәм Хорезм журты абат болады, басқалардың артықмаш руўхый жәбиринен қутылады, деп болжайды:

***Кафир иши бадабаддын***
***Нажәт истәр латманатдын***
***Йурт кутылгай мусаллатдын***
***Йақындур ўақты саъати***

***Мусылмана дәфъи кушад***
***Дийн Хорезм болгай абад***
***Зириўибар латуманат***
***Болғай ҳақның инаяты***

Бердақ азатлық туўын бәлент көтерди. Өзиниң жәмийетлик-сиясий, философиялық идеялары менен өз дәўириниң сиясий ой-пикиринен алға кетти, миллий азатлық, ғәрезсизлик ҳәрекетлериниң идеологи, уллы ойшыл, атақлы сөз шебери сыпатында дүньялық тарийхқа кирди. 1972-жылы Москвада басылып шыққан "Дүньялық философия антологиясы" атлы китапта оның дөретиўшилигине дүньядағы атақлы философлар қатарында кең орын берилиўи пикиримиздиң жарқын дәлили. Оның шығармаларын Европа ҳәм дүньяның басқа еллериниң халықларының тиллерине аўдарыў тек философ-шайырдың ғана емес, оның ўатаны болған Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанның даңқын ҳәм абыройын дүньялық көлемде тағы да бәлент көтеретуғыны сөзсиз.

Бердақ бабамыздың арзыў-әрманлары, алдыннан болжаўлары бүгин әмелге асты. "Маған да дәўлетли инсан өмирин бер" — деп

жырлаған Бердақ бабамыздың Түркстан, Хорезм деп аталған мәканында, "бес қала теңиз әтирапын" жайлаған елинде ғәрезсизлик шарапаты менен әдалатлы, адамларға теңлик ҳәм бахыт беретуғын демократиялық, пухаралық жәмийет қурылмақта. Ойшыл "Маған бер" қосығында өзиниң жеке әрманын былайынша сүўретлеген еди:

*Үстинен жол берсе не теңиз-дәрья,*
*Мени тоздырмаса не заман гирья,*
*Мың жылдан соң қандай болады дүнья*
*Көрейин, Луқманның узақ өмирин бер.*

Биз ҳәзирги әўлад Бердақ бабамыздың әдиўли әрманларының әмелге асып атырғанлығының гүўасы болып отырмыз. Бердақ биз бенен. Оның терең мазмунлы, келешек ҳаққында көрегенлик пенен айтқан ой-пикирлери ҳеш ўақыт тозбайды. Олар жасларымызды тәрбиялаўға, миллий ғәрезсизлик идеологиясын раўажландырыўға хызмет етеди. Дәўирлер өткен сайын, мың жыллар үстине мың жыллар қосылған сайын уллы ойшыл-философ Бердақ шайырдың алтын-гәўҳардан да ҳасылырақ ой-пикир ҳәм сөзлериниң қәдир-қымбаты пүткил адамзаттың ийгилиги сыпатында журтымызда ғана емес, ал пүткил дүнья көлеминде артып бара береди.



**Сапардурды Абаев, Алмагүл Байрыева**

**Бердақ атындағы ҚМУ ниң "Миллий ғәрезсизлик идеясы, ҳуқық ҳәм руўхыйлық тийкарлары" кафедрасының доцентлери, философия илимлериниң кандидатлары**

## БЕРДАҚ РУЎХЫЯТЫМЫЗДЫҢ БУЛАҒЫ

Ғәрезсизлик бизиң әййемги тарийхымызды терең түсиниў, ҳәзирги демократиялық ҳәм пухаралық жәмийетте өзиниң ылайықлы орнын билиў дәўирине айналды. Усы дәўир ишинде өзлигимизди аңлаў, түсиниў бағдарында үлкен қәдем тасланды. Өзимиздиң тарийхый жолымыз таңлап алынды. Демократия ҳәм ғәрезсизлик жылларында инсанның руўхый ғәзийнелери бүгинги дәўирде шешиўши күшке ийе екенлиги тастыйықланып атыр.

Енди биз ғәрезсизлигимиз, еркинлигимиз арқалы халқымыздың өтмишиндеги руўхый мәдeният дурданалары ҳаққында, дин ҳаққында, олар туўралы уллы ойшыл бабаларымыздың ой-пикирлерин еркин таллаўға, мийрасларын халқымызға ардақлап жеткериўге толық мүмкиншилик алдық.

Президентимиз Ислам Кәримов "Бизлер қурып атырған мәмлекет халқымыздың суверинететине тийкарланыўы тийис, оған жоқары руўхыйлыққа, саўатлылыққа, билимлиликке, әдилликке умтылыў тән, көбинесе, бул қәсийетлер шығыс философиясының тәсири астында қәлиплескен, буларды раўажландырыўға халқымыз бийбаха үлес қосты... Бизлер демократияға тийкарланған мәмлекет қурыўға умтылып атырмыз, ол бунда бизиң халқымыздың түпкиликли әдеп-икрамлылық тийкарлары менен үйлесиўи тийис" деген еди. Бул баҳалы пикир бизиң уллы бабаларымыздың даналығын өз ишине алған. Әсиресе усындай шығыс философиясының даналығын өз ишине алыўы бизиң ҳәзирги күнимиз ушын, әсиресе жасларда шығыстың уллы тәрбиялық, улыўма инсаниyаттың мийрасларын қәлиплестириў ушын ең әҳмийетли машқала болып табылады.

Орайлық Азия халқының әжайып перзенти Бердақ та Шығыстың уллы гуманист, философ шайыры болып табылады. Бердақ жаслайынан баслап шығыс халықларының өтмиштеги мәдений мийрасларын, әсиресе әдебият ҳәм көркем өнерин терең үйренип, өз дәўириниң илимли, мәдениятлы, аса ойшыл перзенти

болып жетилисти. Ол өз дәўиринин сиясий-жәмийетлик, философиялық шығармаларын, ислам дининиң тарийхын ҳәм тәлийматын терең түсинген озық ойлы инсан.

Бердақтың бийбаҳа шығармаларында өз заманының қарама-қарсылықлы тәреплери терең сәўлеленип бунда ислам дининиң күшли тәсири байқалады. Уллы Бердақтың жоқары адамгершиликли көзқарастағы идеялары, әсиресе оның бизге қалдырған әдебияты руўхый, мәдений мийраслары улыўма адамзат мәдениятының алтын ғәзийнесине қосылған уллы үлес болып, ҳәзирги дәўир ушын да үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе. Бердақ өзиниң көпшилик қосықларында Мақтумқулы, Наўайы, Бедил, Әттар ҳәм тағы басқа ойшыллардың дөретпелерин терең үйренип, оларға үлкен иззет-хүрмет көрсеткен. Бул ойшыллардың айырым мийнетлерин Қарақум ийшанда билим алған ўақытларында қунт пенен үйренип, булардан идеялық тәсирлер алғанлығын көремиз.

Халқымыздың сүйикли уллы шайыры Бердақ Ғарғабай улының шығармаларында жәмийетлик, философиялық машқалалар әсиресе инсанның әдеп-икрамлылығы, ар-намысы, ҳүжданы, теңлиги ҳәм исеними ҳаққындағы көзқараслар хәр тәреплеме сөз етиледи. Ол өзиниң философиялық ой-пикирлери, терең мазмунға ийе дөретпелери менен көзге түскен. Қарақалпақ халқының уллы данышпан ойшылы Бердақ жер жүзилик руўхый мәдeният пенен жақыннан таныс, оннан белгили дәрежеде хабардар болған шайыр екенлигин төмендеги қатарлардан билиўге болады:

*Өткен Арасту,Афлатун,*
*Жаратып илимниң кәнтин,*
*Шешиў ушын пикири бәнтин,*
*Мен мағрифат излер едим.*

Ол өз руўхый мәдениятын көтериў ушын тынымсыз оқып, излениўлер менен өмир сүрген, руўхый мәдeният дурданалары менен танысыў арқалы дүньяның сырын билиўге ынтыққан философ ойшыл еди:

*Бедил, Әттар, Биданды,*
*Тәкирарлап атырдым таңды,*
*Заман қыйнап тур адамды,*
*Ҳидаяны излер едим.*

Усы жерде айтып өтетуғын бир нәрсе — Бердақтың Бидан, Аристотель, Платон хаққындағы пикирлери баянланған "Излер



едим" қосығының ең мазмунлы жазылған 5 куплетин 1976-жылы "Әмиўдәрья" журналының №12 санында белгили алым Ө.Әлеўов тәрепинен әдебий экспедиция дәўиринде табылғанлығы түсиндирилип, биринши мәрте баспасөзде жәрияланып илимий айланысқа киргизилген еди.

Бердақ суфизм тариқатларының философиялық бағдарындағы дүньяға көзқарасына сүйене отырып инсан руўхый мәденияртын қәлиплестириўде тәрбияның, билимниң әҳмийетин жоқары баҳалаған, тәлим-тәрбиясыз адамның әдеп-икрамлылықтан руўхый дүньядан бос қалатуғынын терең аңлайды. Бул мәселеде шайырдың "Излер едим" қосығындағы төмендеги қатарлары айрықша дыққатқа ылайық:

*Қоянды өлтирер қамыс,*
*Жигитти өлтирер намыс,*
*Едиге менен Алпамыс,*
*Тирилсе мен излер едим.*

Бул жерде шайыр бир тәрептен адамның абырой-атағын жоқары қойса, екинши тәрептен өтмиште жасаған батырлардың қәдир-қымбатын ҳүрметлеп олардың руўхы алдында бас ийиўи өз халқының тарийхын қәдирлейтуғынын көрсетеди. "Балам" атлы қосығында қайыр-сақаўатлылық, жетим-жесирге, кәмбағалға адамгершиликли қатнас жасаў, жасы үлкенге иззет-хүрмет көрсетиў инсанның руўхый жетискенлигиниң белгиси екенлигин айқын көрсеткен.

Философ шайыр өз шығармаларында суфизм тәлиматының тийкарғы қағыйдаларына бойсыныўға шақырады. Адамларды ҳадаллыққа, пәкликке, теңликке, инсапқа шақырып, унамсыз иллетлердиң адамлар арасында орын алғанлығына өкиниш билдиреди, ондайларды қатаң сын астына алады.

Улыўма айтқанда Бердақтың руўхый мийраслары, этикалық тәлийматлары, үгит-нәсиятлары қанша дәўирлер өтсе де өзиниң әҳмийетин ҳәм қунын жойтпай, келешек әўладлар ушын үлкен бир көркемлик мектеби ҳәм ой-пикир ғәзийнеси болып жасай береди.

**Марат Ниязымбетов**
**Бердақ атындағы ҚМУ ниң жәмийетлик пәнлер кафедрасы оқытыўшысы**

## БЕРДАҚТЫҢ ДҮНЬЯҒА КӨЗҚАРАСЫНДА АДАМДЫ СОЦИАЛЛЫҚ ОРИЕНТАЦИЯЛАЎ МӘСЕЛЕСИ

Бердақтың дүньяға көзқарасының тийкарында орын алған адам проблемасы қурамалы, полиструктуралық мәселе есапланып, полипарадигмалық қатнаста үйрениўди талап етеди. Усындай қатнаста Бердақтың дүньяға көзқарасындағы адамның социаллық моделин философиялық-методологиялық анализлеў, бизге рационаллы, адекватлы моделди алыўға жәрдем береди. Бердақтың философиясында адамның социаллық моделин анализлегенимизде жеке адамның социаллық ориентациялаў процесси менен тиккелей байланыста алып қарап, адамның жәмийетке бағдарланыўы дыққатқа алынғанлығын көремиз.

Жеке адамды социаллық ориентациялаўдың структурасы көп компонентли болып, ол қәдириятлы ориентация, қәдириятлы установка, қәдириятлы қатнасық ҳәм қәдириятлы минез-қулықты өз ишине алады. Адамның социаллық моделин усы структуралық-моделде Бердақтың дүньяға көзқарасында орайлық орынды ийелеген адам мәселесин философиялық анализлеў Бердақты түсиниўимизде методологиялық қурал сыпатында әҳмийетке ийе. Жеке адамның қәлиплесиў мәселеси қурамалы процесс ҳәм полиструктуралық характерге ийе болып, адамды социаллық орентациялаў мәселеси менен тығыз байланысқан. Бердақ адамның социалласыўы, раўажланыўы мәселесин шешиўде мине усы методологиялық принципти дыққатқа алып қарайды. Бердақта адамның социаллық моделиниң тийкары оның мораллық санасы менен байланыста алып қаралған. Жеке адамның мораллық санасының компоненти сыпатында қәдириятлы-ориентация Бердақтың “Адам” ында орайлық орында. Мәселен, “Балам” қосығында:

*“...Ерме тағы шуғыл сөзге,*
*Жаманнан қаш жастан балам”.*



Бердақ бул қосық қатарларында қәдириятлы-ориентацияның адамды қорғаў функциясы сыпатындағы ролин алып қарап, жеке адамның “фильтирлениў” ин дыққатқа алып қарағанлығы мәлим.

Қәдириятлы-установка-жеке адамның структурасының айрықша компоненти сыпатында ретлестириўши характерге ийе болып, адамның мәлим бир хызметлерге таярлығын сәўлелендиреди. Бул компонент Бердақ дөретиўшилигинде айрықша сәўлеленген. Мәселен, оның “Халық ушын”, “Жақсырақ”, “Балам” ҳәм т.б. қосықларында “хызмет еткил”, “жумыс исле”, “жигерли бол”, “кишипейил бол”, “ҳағына жүр”, “биреўлер менен жарыспа”, “қыянет ойлама журтқа” ҳәм т.б. қәдириятлы установкалар арқалы жеке адамның қәлиплесиўи тиккелей оның мораллық өсиўи менен байланыслы екенлигин көре билген. Бердақ XX әсир философиясының көрнекли ўәкили Э. Фромм сыяқлы адамның жасаў установкаларының бири сыпатында “болыў” установкасының, яғный өзин-өзи мораллық өсириўин (шөлкемлестириўин), адам жасаўының бас мақсети болыўын айтып өтеди.

Қәдириятлы қатнасық мазмун тәрептен объектив, формасы тәрепинен суъбектив характерге ийе болып, жеке адамның санасында (ишки өмиринде) жақсылық, гөззаллық идеаллары, ҳәм т.б түрлеринде сәўлеленеди. Ол өмирлик тәжирийбелер тәсиринде қәлиплесип, адамлардың бир-бири менен руўхый қатнасықлары сыпатында келип шығады. Мине, усы принцип Бердақтың дөретиўшилигинде адамның мораллық санасының элементи ретинде алынғанлығын көриўимиз мүмкин. Мәселен, “Балам” қосығының бир пүтин мазмуны усы принциптиң реалласыўына қаратылған. Онда қәдириятлы-қатнасық мораллық норма сыпатында алып қаралып, жеке адамның жәмийет алдындағы миннетлери, социаллық жуўапкершилиги перзент тәрбиясының бас мақсети екенлигин көрсетип берген. Мәселен,

*“Көпти қасыңнан қашырма,*
*Барынды жоқ деп жасырма,*
*Қуллықты кәлеп асырма,*
*Әлпайым болғыл балам.*
*Жетим көрсең колынды бер,*
*Аға болса, кейнине ер,*

*Өзиң бултыйып болма шер,*
*Әлпайым болғыл балам".*

Қәдириятлы минез-қулық жеке адамның қәдириятлы қатнасығы ҳәм мораллық санасы менен тиккелей байланысып кетеди. Бул руўхый-мораллық компонент Бердақтың адам ҳаққындағы көзқарасында бир пүтин системаға түскен. Атап айтқанда, бул принцип адамның жәмийет пенен қатнасығының актуаль талабы сыпатында белгиленип, адам ҳәм жәмийеттиң турақлы қатнасығының өлшеми ретинде алып қаралады.

Адамның социалласыўы ҳәм өзин-өзи реалласыўы қарама-қарсылықлы характерге ийе. Бул қарама-қарсы класслар, консерватив ҳәм прогрессив күшлер гүреси сыпатында келип шығыўы мүмкин. Бундай жағдайларды Бердақ "Заманда" қосығында ашықтан-ашық баян етеди. Онда өз заманындағы социаллық теңсизликти сүўретлеп берген. Бердақ түскинликке түспестен, қараңғы заманды тек ғана адамның өзи ғана өзгерте алатуғынлығын сезе билген. "Излер едим" қосығында халықтың ғамын ойлайтуғын батырды, ер жүрекли әрман етеди.

Жуўмақластырып айтқанда, усындай контекстте Бердақтың дүньяға көзқарасындағы адам проблемасын изертлеў адамның социалласыў мәселесин терең түсиниўге хызмет етеди.



**Азиз Сапарниязов**
**Бердақ атындағы ҚМУ ниң жәмийетлик пәнлер кафедрасы оқытыўшысы**

## XIX ӘСИРДЕ ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ СОЦИАЛЛЫҚ ЖАҒДАЙЫ ҲӘМ ОНЫҢ БЕРДАҚ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

XIX әсирдеги қарақалпақ халқының жәмийетлик турмысы тарийхый ўақыяларға бай дәўир болды. Тарийхый өзгерислерге байланыслы үлкеде капиталистлик өзгерис қатнасықларының жүз бериўи, жәмийетлик-сиясий турмыста Рус патшалығы басқыншылығына қарсы миллий-азатлық ҳәрекетлеринин ҳәўиж алыўы, көзге түсти. Халықтың жаңадан пикирлеўи ушын жәмийетлик-экономикалық дәреклер пайда бола баслады. Газета-журналлардың Түркстан үлкесинде тарқалыўы нәтийжесинде қарақалпақ халқы кең көлемдеги мәдений, жәмийетлик турмыс ағымына араласа баслады. Пүткил дүньялық жәмийетлик пикирлер орталығына араласыў жүз берди. Бул ўақыялар сол дәўирдеги қарақалпақ шайыр-ойшылларының дүньяға көзқарасларында өзгерислердиң, жаңа жәмийетлик ой-пикирлердиң пайда болыўына алып келди.

XIX әсирдеги қарақалпақлардың жәмийетлик дүзими тийкарынан феодаллық қатнасықларға тийкарланды. Қарақалпақларда урыў-қәўимлик бөлиниў үлкен орынға ийе болып келди. Олардағы жерге болған урыў-қәўим общинасының үстемлиги үстиртин болып, ис жүзинде барлық егислик жерлерге феодал ақсүйеклер ийелик етти. Қарақалпақ жәмийети үстем класс ўәкиллери-байлар, аталықлар, беглер беги, байлардан ҳәм мийнеткеш класс ўәкиллери дийханлар, шопанлар болған эксплуатацияланыўшылардан ибарат болды.

Байлар ҳәм гедейлер аралығын "тоқ хожалық" деп аталған орта хожалықлар ийеледи. Қарақалпақ халқының сиясий, социаллық-экономикалық ҳәм мәдений турмысын кеңнен тәрийплеген классик философ шайырлардан бири Бердақ Ғарғабай улының жәмийетлик философиялық ой-пикирлери өзине тән өзгешеликлерге ол ғада бай.

Шайыр сол дәўирде жасап атырған адамларды еки үлкен топарға бөледи.

Бердақ адамлар арасындағы социаллық теңсизликлерди, оның хәр қыйлы түрлерин шығармаларында реал көрсетти.

Бердақ жәмийет бахытлы болыў ушын адамлар арасында өз-ара мириўбет, адамгершилик, сақыйлық, қайыр-сақаўатлылық болыўы керек, зәрүр адамларға материаллық ямаса руўхый жәрдем бериў зәрүр деп есаплады. Себеби бир адам екинши бир адамға жәрдем бермесе, онда адамгершилик қәсийетлер жоқ болып кетеди. Уллы философ шайыр жеке өмиринде бәршени ҳадал жасаўға, сыртқы хәм ишки тәрептен өзин пәк услаўы, жаманлардан аўлақ жүриўге шақырды. Ол "Жақсырақ", "Халық ушын", "Излер едим", "Заманда" қосықларында, "Ақмақ патша" дәстанында айырым дүньяпараз адамлардың пухараларға көрсеткен зулымлығына, олардың халыққа ислеген талан-тараждық ҳәрекетлерине қарсы мийнеткеш халықтың наразылығын сөз етти.

Бердақ қыйыншылық турмысты көре отырып жәмийетти ақыллылық пенен демократиялық мазмунда басқарса халықтың аўҳалы абаданласады деп, социаллық турмысқа өзгерис киргизиў пикири менен қарады. Бердақ "Маған бер", "Екен" қосықларында дүньядағы барлық нәрсе, соның ишинде жәмийет те өзгеристе хәм раўажланыўда болатуғынын айтып өтеди.

Егер Бердақтың шығармаларының ҳәммесине таллаў жасап қарағанымызда, мийнеткеш халықтың мәпин көздиң қарашығындай сақлағанын көремиз. Ол өзи таңлап алған жолдан хеш қандай тайынған жоқ, ол мудамы халықтың бахтын изледи, әдиллик, азатлық заманды әрман етти.

Бердақтың шығармалары өзи жасап турған дәўирдеги халықтың мәпи ушын әҳмийетли болған мәселелерди, жәмийетлик турмыстың раўажланыўынан туўған тартысыўларды жаны менен сезген, сол мәселелер ҳаққында көркем шығармалар дөреткен адам.

Оның жәмийетлик-философиялық көзқарасы жәмийетлик әдалатлықты тиклеўди жанландырды. "Болған емес", "Жақсырақ", "Заманда" қосықларында жәмийетлик турмыстағы жүз берген ўақыяларға сол дәўирдеги ҳақыйқый шараятқа тийкарланып баҳа бериўди, оны таллап пикирлеўди, өтмиштеги тәжирийбелердиң нәтийжесин есапқа алыўды талап етти.

Бердақ өз шығармаларында турмыстың абаданласыўын илим-билим, ағартыў ислери шешип береди деп, ағартыўшылық исине



жәмийет пенен инсан ортасындағы қарым-қатнасты жүзеге келтириўши қубылыс сыпатында айрықша әҳмийет берди.

Ол өз шығармаларында мийнеткешлердиң езилиўи, хаял-қызлардың теңсизлиги, айрым молла-ийшанлардың ашкөзлиги ҳәм жалатайлығы, сыяқлы темаларды сүўретлеўге кең орын берди, сондай-ақ XIX әсирдеги қарақалпақ халқының жәмийетлик ой-пикирлериниң, миллий өзин-өзи аңлаў түсинигиниң раўажланған дәўирин жүзеге келтирди.

**Ақмарал Мухаммедиярова**

**Бердақ атындағы ҚМУ ниң жәмийетлик пәнлер кафедрасы оқытыўшысы**

## БЕРДАҚ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА КӘМИЛ ИНСАН ИДЕЯСЫ

Бердақ Ғарғабай улы қарақалпақ халқының руўхый мийрасының уллы тулғасы. Өзиниң терең философиялық хәм жәмийетлик-сиясий ой-пикирлерин көркем сөз бенен сәўлелендирип мәдениятымыз тарийхында өшпес из қалдырды. Ҳақыйқатында да үлкен талант ийелери, көркем сөз шеберлери болған шайырлардың өмири хәм дөретиўшилик хызметлери, басып өткен жолы изсиз қалмайды. Бердақ, мине, усындай шайырлардың бири. Бердақ пенен заманлас жасаған классик шайырларымыздың бири Өтеш Алшынбай улының "Бердақ өлгенде" деген қосығында:

*Бердақ еди шайырлардың данасы,*
*Сөзине ийилди адам баласы,* - деп жазады.

Демек, усыннан көринип турғанындай Бердақтың уллылығы, оның шығармаларының халықшыллығы тек ғана бүгинги күни емес, ал өзи жасаған дәўирде де мойынланғанлығын көрсетеди.

Ески аўқам дәўиринде Бердақ шығармаларына, оның философиялық, жәмийетлик-сиясий көзқарасларына, өз идеясын сәўлелендириўде оны атеист, суфий шайыр деп қаралап обьектив бахалаўға толық мүмкиншилик болмады. Бердақта еркин пикирлеў, ойлаў қәбилети, сезимталлық, хақ сөзлилик, туўрылық пазыйлетлери күшли болған. Сонлықтан оның айырым шығармаларында дин хызметкерлериниң, уламалардың кемшиликлерин қатаң әшкаралаў орын алған. Мәселен оның "Заманда" қосығында:

*Залымлар езип жүр халықларды сансыз,*
*Бетинде каны жок гилең иймансыз.*
*Не биреўлер отыр телмирип нансыз,*
*Душпанлар жәбири өткен заманда.*

ямаса,

*Ойлансаң бул дүнья бийпаян екен,*
*Душпан иси халыкка көп зыян екен.*
*Байлар-каскыр, түлки. халык-коян екен.*



*Қараңғы қаплаған қайғы заманда.*

— деп шайыр, халықтың сөйлер тили болған.

Бердақ суфий шайыр болған. Оның "Излер едим" лирикасы буның айқын мысалы бола алады.

*Наўайыдан саўат аштым.*
*Физулийден дүрлер шаштым*
*Дилўарларды излер едим.*

Бул қосығы терең философиялық пикирлер менен гуманистлик, ўатан сүйиўшилик идеялар менен суўғарылған. Суфий шайырлар, Әттар, Бедил шығармаларын оқып "Бидиян" ды тәкирарлап таңларды аттырғанын жазады.

Ҳаслында, суфизм ағымы ўәкиллери өз заманының алдыңғы қатар адамгершиликли ой-пикирлерди нәсиятлаған, әдалатсызлықты, теңсизликти қаралаған. Сонлықтан Бердақтың суфизм тәрепине өтиўин унамлы қубылыс сыпатында мақтаныш етип бахалаў, суфизм тәлийматының қай дәрежеде Бердақтың дөретиўшилигине тәсир еткенин изертлеў лазым деп ойлаймыз. Бердақ инсанлардың пайдалы ислер менен шуғылланыў кереклигин қайта-қайта тәкирарлайды. Бердақ әдепсизлик, нәпсиқаўлық, әдалатсызлық, инсапсызлық, зулымлық, теңсизлик, басқаның ҳақысын жеў х.т.б. усындай унамсыз қубылысларды қаралаған. Шайыр шығармаларында адамның мәниси, оның келешеги хәм бахты ҳаққында терең философиялық ой-пикирлер ортаға қойылады. Оның пикиринше хәр бир адам өзиниң мәпин улыўма халық мәпи менен тең қойыў арқалы халыққа хызмет етиў жолы менен бахытқа, еркинликке ерисе алады.

*Жигит болсаң арысландай туўылған,*
*Хызмет еткил удайына халық ушын,*

-дейди шайыр. Бердақ шығармаларында ўатан сүйиўшилик, патриотизм идеялары оғада күшли шеберлик пенен көрсетип өтиледи. Патриотизм идеясы кәмил инсанның ең зәрүрли пазыйлетлериниң бири есапланады. Бердақ шығармаларының көпшилиги кәмил инсан идеясы менен суўғарылған. Яғный, Бердақ-еркин адам, еркин пикир ийеси, өз халқының идеялары ушын гүресиўши, өз ўатанына ҳадал хызмет етиўши инсан. Кәмиллик-бул мийрим-шәпәәт, әдалат, туўрылық, хүждан, ар-намыс, сабырлылық сыяқлы адамға тән

көплеген ҳасыл пазыйлетлердиң жыйнағы. Демек, Бердақ шайырдың кәмил инсанды тәрбиялаў пикирлери жәмийеттиң раўажланыўы ушын жаңа руўхый имканиятлар излеў мақсетлери менен байланыслы. Кәмиллик бул ата-бабалар мийрасын терең үйренип, оны байытыў, үлкен кисиге иззет-ҳүрмет көрсетиў барысындағы ҳәрекетлерде көзге тасланады. Халқымыздың әййемнен қәлиплескен әжайып әдетлери, үгитлери бар. Елге муҳаббат, ана ҳәм ўатанды қәдирлеў, биреўдиң ҳақына қыянет қылмаў, үлкенди ҳүрметлеў, кишини сыйлаў усылар қатарында турады. Булар халқымыздың турмысына, руўхыйлығы ҳәм менталитетине сиңип кеткен. Былай ойлап қаралса, ата-бабаларымыздың усы талапларында жәмийет ҳәм жеке адам ушын ең керекли пазыйлетлер айтып өтилгени айқын болады. Демек, биз Бердақ шығармаларын оқығанымызда усы айтып өткен пикирлеримиз өз тастыйығын тапқанлығын көремиз. Бердақ ушын кәмиллик тымсалы "Ерназар бий", "Айдос баба", "Амангелди", "Рәўшан" образлары. Булар тарийхта болған, реаль адамлар. Усы образлар арқалы Бердақ халық атынан сөйлейди, халықтың муңын-муңлап, жырын-жырлайды, теңсизликке, әдалатсызлыққа қарсы турады.

Кәмиллик идеясы әзелден халқымыздың ҳасыл нийети, оның руўхыятының өзинше бир бөлеги болып қалған. Ол ислам философиясынан азықланып тағы да кеңирек түсиникке, мазмунға ийе болған. Бердақ шығармалары, мине усы идея менен суўғарылған десек, қәтелеспеймиз. Жуўмақлап айтқанда дүньяда бурында, бүгинде шайырлар аз болмаған. Бирақ, Бердақ сыяқлы ҳәр бир жаңа әўлад пенен заманлас болып жасап қала беретуғын талант ийелери сийрек ушырасады. Бизиңше Бердақтың өзине тән өзгешелиги де соннан ибарат.



**Бахыт Қутлымуратов, Сейтмурат Қошқаров**

**Бердақ атындағы ҚМУ ниң жәмийетлик пәнлер кафедрасы оқытыўшылары**

## БЕРДАҚТЫҢ ДҮНЬЯҒА КӨЗҚАРАСЫНДА ГУМАНИСТЛИК ИДЕЯЛАР

Ҳәзирги дәўирде жәмийеттиң турақлы раўажланыўы адамның ҳәр тәреплеме раўажланыўы менен белгиленеди. Усы бағдарда адамның руўхый раўажланыўы бас факторлардың бири саналады. Бизиң миллий әдебий мийрасымыздың көрнекли ўәкиллеринин бири, философиялық ойы терең, руўхый мәдениятымыздың тымсалы Бердақтың шығармаларында гуманистлик идеялардың айқын сәўлеленгенлигин айрықша белгилесек арзыйды. Оның шығармаларында гуманизмниң бир бөлеги болған кәмил инсанды тәрбиялаў мәселеси дыққат орайында турады. Бердақ инсанды уллы қәдрият сыпатында алып қарайды, оны кәмил инсан болып жетилисиўге шақырады. Бердақтың пикиринше кәмил инсанды тәрбиялаў ушын адамды руўхый жақтан өсириў, қәлиплестириў керек екенлигин айтып өтеди. Бул адамның өзин-өзи тәрбиялаў, мораллық санасын қәлиплестириўи менен белгиленеди. Мәселен "Балам" қосығында:

*"...Халқың қалмасын соңыңнан,*
*Кишипейил бол жастан балам".*

яки

*"...Жигит болсаң арысландай туўылған,*
*Хызмет еткил удайына халық ушын".*

Бул қатарларда Бердақ инсанның кәмиллиги, оның кишипейиллиги ҳәм мийнетти сүйиўинде, халық пенен бирге болыўы менен адамның раўажланыўы, өсиўи жәмийет пенен тығыз байланыста екенлигин көре билген.

Шайыр шығармалары мазмунында ең дәслеп терең гуманистлик, прогрессив ой-пикирлер менен бай екенлигин айтыўымыз керек. Бердақтың инсаныйлық идеялары оның шығармаларында

келтирилген “кишипейил, әлпайым бол”, “әдепли минез-қулықты қәлиплестир”, “турмыста жигерли бол”, “ўатанға садық бол, қыянет етпе”, “мийнет исле” ҳ.т.б моральлық тәртиплер сәўлеленген.

Бердақтың этикалық көзқарасының тийкарғы идеясы адамның жақсылық ислей билиўи, жаманлыққа қарсы гүресиўи, оның миннети, мақсети сыпатында алып қаралады. Мәселен:

*Дүньяға шыққан соң бахтың ашылса,*
*Душпанларың аяғына бас урса,*
*Жаў бағынып, еки қолын қаўсырса,*
*Көзди алартқаннан иззет жақсырақ.*

Бердақ бул қосық қатарларында адам өзиниң мораллық мүмкиншиликлерин реалластырыўын сәўлелендирген.

Сондай-ақ, инсан кәмиллигиниң тийкарғы өлшемлери сыпатында “адам туўылған соң халық хызметинде болыў”, “ўатанды сүйиў”, “жалған сөйлемей, ҳақыйқатлықты айтыў” сыяқлы қәдирияттарды жырлайды.

Жуўмақластырып айтқанда Бердақ өз дөретиўшилигинде қарақалпақ халқының турмысын ҳәр тәреплеме қамтып, қарақалпақ халқының арзыў-әрманларын, жәмийетлик, философиялық көзқарасларын, тарийхын сәўлелендирген.

Бердақ шығармаларында көтерилген философиялық мәселелердиң бири бул инсан машқаласы болып, оны шешиўде Бердақ адамды конкрет алып қарайды, адамның кәмил инсан болып қәлиплесиўинде тийкарғы шешиўши фактор сыпатында оның өзин алып қарайды.



**Оразбай Әбдирахманов**
**Қарақалпақстан халық жазыўшысы**

## БЕРДАҚ ДҮНЬЯСЫ

Ҳәр бир халықтың өз руўхый кәдириятлары ҳәм миллий мақтанышына айланған ири тулғалары бар. Наўайы, Пушкин, Абай, Мақтумқулы, Тоқтағул ҳәм Бердақ арқалы дүнья халықлары өзбек, рус, қазақ, түркмен, қырғыз ҳәм қарақалпақ халықларын көз алдына келтиреди.

*Бердимурат ҳақтың қулы,*
*Сахраның сары бүлбили,*

—деп жырлаған шайыр Бердимурат Ғарғабай улы ҳәзирги Мойнақ районының Әмиўдәрьяны Аралға тутастырған тармақлары жағасындағы әпиўайы қарақалпақ шаңарағында (1827-жылы 27-ноябрь) дүньяға келген.

“Теңиз балығын бермеди...” деп нала қылған шайырдың дүньяға келиўи ҳаққында халық арасында ҳәр қыйлы рәўиятлар жүреди. Усы қосық қатарларын оқыған бүгинги әўлад сол заманлары да Арал шегинип кеткен екен-дә деп ойлаўы мүмкин. Яқ, теңиз де, дәрья да балыққа толы болған, лекин кемелер менен аў-қураллары байлардың қолларында еди, айырым жерлерде кәмбағалларға аў қурыў қадаған етилген. Балықларға толған дәрья ҳәм теңизден кәмбағалдың ырысқы-несийбесин Алладан сорап, жерлеслерин сабыр-тақат ҳәм шыдамлылыққа шақырған шайыр бул дүньядан әдалат ҳәм еркинлик излеген еди. Өз заманында көп жәбир-жапа тартқан Бердақтың замандасы шайыр Өтештиң тәриплеўинше, Бердақтың анасына қаўын тұқымынан қалың төленген екен...

Сахра кеңлиги ҳәм даналығын өз дөретпелеринде жәмлеген Бердақ дүньялық цивилизациядан бираз шетте турып, Арасту, Әфлатун, Наўайы, Физулий, Мақтумқулы сыяқлы данышпанлар шығармаларынан қандай сабақ алғанлығы да мәлим. Ол дәслеп аўыл мектебинде, соң Қарақум ийшан медиресесинде тәлим алып, Үргениш, Бухара сапарларында болып руўхыйлық нурларын излеген еди.

*Науайыдан саўат аштым,*
*Физулийдан дүрлер шаштым...*
*Мақтумқулыны оқығанда...*
*Сөзин таўап қылар едим*

—деп дүньялық илим-пәннен мәдед излеген Бердақ дөретпеси Арасту "Поэтика"сының "Ҳәмдәртлик ҳәм қорқыныш оятыў" бабындағы көркем шығармаларға қойылған талапларға сай келеди. Шынында да, "Поэзияда тәбийий нәрсени адам исенбейтуғын қылып сүўретлегеннен гөре, ғайры тәбийий нәрсени исенимли қылып сүўретлеген жақсырақ" деп жазады Арасту.

Бердақ поэзиясында, әсиресе, оның "Ақмақ патша", "Амангелди", "Айдос баба", "Ерназар бий" дәстанларындағы көркемлилик Арасту қойған талапларға жақынлығы әдебияттаныўда әллеқашан тастыйықланған. Лекин XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхында Бердақ мийрасы бир-бирин бийкар ететуғын көзқарасларға себеп болады.

Шора дәўириниң идеялық көзқарасларында октябрь аўдарыспағына шекем қарақалпақ халқының 0,2 проценти ғана саўатлы, олардың да көпшилиги диншиллер еди, деген ҳақыйқатқа қайшы келетуғын мағлыўматлар берилди, сол себепли Бердақ тек ғана саўатлы болып қалмай, бәлки дүньялық илимлерди ийелеген данышпан шайыр болса да, реакцион диншиллер тайпасына жатқарылды. "Ол Қарақум ийшанға қол берген суўпы еди", деген еди 1930-50-жыллардағы әдебий-сиясий тартысларда базы алымлар. Бердақтың "реакцион шайыры"лығы тастыйықланбаған соң, усы алымлар жүзин терис бурып, оның нағыз атеист болғанын дәлиллеўге өткен. "Яқ,-деди атақлы алым Нәжим Дәўқараев,-Бердақ диншил де емес, атеист те емес, ол өз халқының дәрти менен жасап өткен хақыйқый ҳалықшыл, классик шайыр".

Бердақ дөретпелериниң ҳасыл маңызын ашып, онын пәк атын тиклеў жолындағы хәрекетлери бурынғы орай көрсетпелерине қарсы келип, Нәжим Дәўқараевқа дөхмет taслары атылды. Алым партиядан өширилип, қамалыў алдында әлемнен көз жумды. Соннан кейин Бердақ дөретиўшилигине бағышланған әдебий, илимий изертлеўлерде оның дөретиўшилиги марксистлик идеяларға жақынлығы, Ўатан сүйиўшилиги ҳәм философиялық-атеистлик көзқараслары туўралы кандидатлық ҳәм докторлық диссертациялары қорғалды...



Ғәрезсизлик дәўирине келген соң ғана Бердақ дөретиўшилиги ҳаққындағы артықша тартыслар тоқтап, шайыр мийрасының жаңа қырлары ашылды.

*Шад етиў ушын Ўатанды,*
*Бахыт жолын излер едим...*

Бердақтың "Халық ушын", "Жақсырақ", "Салық", "Керек", "Излер едим" сыяқлы қосықларындағы турмыс ҳақыйқатының көркем ҳақыйқатқа айланыўы шайыр дүньясының даналығын сыпатласа, оның "Шежире"си халықларымыз тарийхын үйрениўде негизги дәрек есапланады. Тарийхта "Шежире" жазыўға кем-кемнен данышпанлар тәўекелшилик қылған. Бердақ "Шежире"синде тарийхшы ҳәм шайыр жәмлигин көремиз. Лекин Арасту жазады: "Тарийхшы менен шайырдың парқы бири уйқастан пайдаланып, басқасы пайдаланбаслығында емес. Геродот шығармалары қосыққа айланғанда да, уйқассыз болғанда да сирә тарийх болмай қалмас еди. Тарийхшы ҳәм шайыр соның менен парықланады, бири ҳақыйқаттан болған ўақыя хаққында, екиншиси болыўы мүмкин болған ўақыя туўралы жырлайды. Соның ушын поэзия тарийхқа қарағанда философиялылырақ ҳәм қурамлылырақ: поэзия көбинесе улыўма, тарийх болса белгили бир нәрсе туўрысында жырлайды".

*Шайырлар қәлем алғалы,*
*Хатқа туўры салған емес.*

деп жырлайды Бердақ. Итибар берсеңиз, Арастудың "Поэтика" шығармасы менен Бердақтың "Болған емес" қосығының жазылған ўақытлары арасындағы айырмашылық XXII әсирди қурайды. Лекин, "Шежире" мысалында Бердақтың өзи мойынлаған ҳақыйқатқа сүйенсек, пикирлер бирлигинде дәўир ямаса мәкан менен байланыслы айырмашылық жоқтай сезилди.

Бердақ поэтикасының тәкирарланбас бир қыры оның инсаный мәртлиги. Ол өзиниң ҳақ сөзин айтыўда я залым душпан қылышынан, яки болмаса жәллад дарынан қорықпаған.

*Былтырғыдан быйыл жаман,*
*Қалай-қалай болды заман,*

*Аш-әптада қалмай аман,*
*Он тилладан келди салық.*

Өз дәўиринин қазы-беклерине, зорлықларына қарсы ашық-айдын хақыйқатты қосыққа салып дөретиў шайырлардың мәртине ғана несип етеди. Соның ушын да, белгили қырғыз жазыўшысы Шыңғыз Айтматов Бердақ дөретиўшилиги менен танысқаннан соң: "Бердақ-хақыйқатлықтың алдында жигит болып қалды", деген еди.

Бердақ шығармалары көп ғана жәҳән тиллерине аўдарылған. Әсиресе, өзбек тилинде Миртемир хәм Шухрат, рус тилинде Семён Липкин хәм Наум Гребневтиң аўдармалары белгили.

Бүгинги күнде Бердақтың әдебий мийрасы жаңа әўладтың бәркамал болып ержетиўине хызмет етип атыр.



# МАЗМУНЫ

**Т.Қайыпбергенов.** Қарақалпақ әдебиятының бийик шыңы..................3
**Қ.Жәримбетов.** Бердақ дөретиўшилигинде тарийхый дәўирлердиң сәўлелениў өзгешеликлери..........................................10
**Ә.Пахратдинов.** Бердақ шайырдың дөретиўшилик жолы....................15
**Ю.Пахратдинов.** Бердақтың әўладларында шайырлық болған ба?.......20
**Қ.Оразымбетов.** Бердақтың поэтикалық дүньясы............................24
**Ж.Низаматдинов.** Бердақ хәм фольклор............................................28
**С.Мәтекеев.** Бердақ хәм Өтеш шайырдың өз-ара дөретиўшилик байланыслары.....................................................32
**Қ.Турдыбаев.** Бердақ шығармаларында инсан тәрбиясы мәселесиниң сүўретлениўи...........................................38
**Қ.Қалекеев.** Хәзирги баспасөзде Бердақ тематикасының сәўлелениўи..............................................................43
**М.Оразымбетова.** Қарақалпақ лирикасында Бердақ образының жаратылыўы...........................................................46
**Қ.Аралбаев.** Туўысқанлық нәсиятшысы.............................................50
**Б. Генжемуратов.** Бердақ қосықлары хәм тарийхый дереклер.............56
**З.Қожықбаева.** Бердақ дөретиўшилигинде публицистикалық пафос.......61
**Т.Керўенов.** Әжинияз хәм Бердақ дөретиўшилигинде мифологиялық сюжетлердиң қолланылыў өзгешеликлери..................65
**Б.Қощанов.** Бердақтың «Шежире» шығармасы-қарақалпақ мәмлекетшилиги тарийхы бойынша тарийхый дерек..........................69
**М.Якубов.** Бердақтың социаллық философиясында азатлық хәм ғәрезсизлик идеялары.............................................72
**С.Абаев, А.Байрыева.** Бердақ руўхыятымыздың булағы........................81
**М.Ниязымбетов.** Бердақтың дүньяға көзқарасында адамды социаллық ориентациялаў мәселеси.......................................84
**А.Сапарниязов.** XIX әсирде қарақалпақ халқының социаллық жағдайы хәм оның Бердақ шығармаларында сәўлелениўи.................87
**А.Мухаммедиярова.** Бердақ шығармаларында кәмил инсан идеясы....................................................................90
**Б.Кутлымуратов, С.Қошқаров.** Бердақтың дүньяға көзқарасында гуманистлик идеялар..............................................93
**О.Әбдирахманов.** Бердақ дүньясы.........................................................95

Ө
дын
ғана
Шын
“Бер
Б
Әсир
Лип
Б
бәрк

# БЕРДАҚ ДҮНЬЯСЫ

(Илимий-публицистикалық мақалалар)


| | |
|---|---|
| ***Редактор:*** | *М. Атажанов* |
| ***Көркемлик редакторы:*** | *А. Жәримбетов* |
| ***Корректор:*** | *Қ. Есбосынов* |
| ***Компьютерде терген:*** | *З. Оразбаева* |

Териўге берилген ўақты 24.XI.2008. Басыўға рухсат етилген ўақты 17.XII.2008. Форматы 60х84 $^{1}/_{16}$. Кегль 10. Тип «Таймс қарақалпақ» гарнитурасы. Көлеми 6,25 б/т. 6,25 шәртли б/т. Нусқасы 2000 дана. Буйыртпа № 168. Баҳасы шәртнама бойынша.

«Әмиўдәрья» китапханасы.
«Әмиўдәрья» журналы редакциясы. 230100. Нөкис, Н.Сараев көшеси, № 1-жай. Тел.: 222-89-58; 222-71-36.

«YUNAKS-PRINT» жуўапкершилиги шекленген жәмийети.
Ташкент қаласы, Қамарниса көшеси, 3-жай. Тел.: 246-15-86.

«ӘМИЎДӘРЬЯ» китапханасы